O`zbekstan Respublikası xalıq bilimlendiriw ministirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq instituti

***Pedagogika kafedrasi***

Ta`rbiyaliq isleri metodikasi pa`ni

LEKSIYA TEKSTI

**NO`KİS-2017**

***1-TEMA: «Ta`rbiya sotsial tariyxiy protsess sipatinda»***

***<u>J O B A :</u>***

1.Ta`rbiyaliq isleri metodikasi pa`ninin` maqseti ha`m waziypalari

2.Ta`rbiyaliq isleri pa`ninin` basqa pa`nler menen baylanisi

3.Ta`rbiyaliq isleri metodikasi pa`ninin` ilimiy izertlew metodlari

***<u>Tayanish tu`sinikler :</u>***

Ta`rbiyaliq isleri metodikasi pa`ni, ilimiy izertlew metodlari, basqa pa`nler menen baylanisi, maqseti, waziypalari, pedagogikaliq texnika, fizikaliq salamat, ruwxiyliq jetik, insaniyliq a`debi

## ***<u>1.Ta`rbiyaliq isleri metodikasi pa`ninin` maqseti ha`m waziypalari</u>***

Ha`zirgi ku`nde jaslardi jetilisken insan, wataninin` alding`i kisisi sipatinda ta`rbiyalaw en` tiykarg`i ma`selelerden biri esaplanadi. Jaslar ma`mleketimizdin` keleshegi.

Jan`a a`sirge qa`dem qoyar ekenbiz ma`mleketimizde teren`, ken` qamrawli ekonomikaliq, siysiy, sotsial reformalar a`melge asirilmaqta. ja`miyet ruwxiyliq rawajlaniwi ha`m jan`alaniwina qarap qa`lem taslap atirg`an bir waqitta O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1999 jil 3 sentyabrdegi «Respublika ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq ken`esinin` qollap-quwatlaw tuwrisinda» g`i Pa`rmani tiykarinda ideyalar, olardan kelip shig`atug`in tiykarg`i maqsetler ruwxiylig`inin` u`stinligin ja`ne bir ret tastiyiqlaydi.

Xaliqtin` ruwxiyliq ruhin bekkemlew ha`m rawajlantiriw – O`zbekstanda ma`mleket ha`m ja`miyettin` en` za`ru`r waziypasi. Ruwxiyliq sonday qimmatbaha miywe, ol bizin` qa`dimiy ha`m nawqiran xalkimiz qa`lbinde g`a`rezsizlik ha`m azatliq sezimi menen birgelikte jetilgen. Ruwxiyliq insang`a ana suti, ata u`lgisi, a`jdadlar u`giti menen birge sin`edi. Ana tilinin` ulli a`hmiyeti sonda, ol ruwxiyliq belgisi sipatinda kisilerdi jaqin qilip birlestiredi. Ta`biyatqa jaqinliq, Watan

go`zallig`inan ba`hra`ment boliw ruwxiliqqa aziq beredi. Ruwxiyliq o`z xalkinin` tariyxin, onin` ma`deniyati ha`m waziypalarin teren` biliw ha`m tu`sinip jetiwge su`yenetug`in qu`diretli ku`shke aylanadi.

Milliy pedagogika tiykarshilarinan biri Abdulla Avloniydin` «Ta`rbiya biz ushin ya turmis, ya mamat, ya najat – ya halakat, ya sadaqat, ya palakat ma`selesi!» degen so`zleri pikirimizge da`lil boladi.

Respublikamiz hu`qimeti ta`repinen g`a`rezsizliktin` erte jillarinan-aq, fizikaliq salamat, ruwxiy jetik shaxs jaratiwg`a itibar berile baslandi. Bul baradag`i jumislardi aniq, maqsetli a`melge asiriw ushin ma`mleketlik a`hmiyetke iye da`stu`rler, rejeler islep shig`ildi.

Usi «Ta`rbiyaliq isler metodikasi» pa`ninin` oqitiliwi ha`m usi qararg`a tiykarinan pedagogika qa`nigelesken qa`niygeler ushin islep shig`ilg`an. Bunda metodika ta`rbiya teoriyasinin` uliwma qag`iydalarina tiykarlaniwi, biraq onin` qaytalanmaslig`i, bul qag`iydalardi a`melge asiriw usillarinin` qurallari, jollari ha`m formalarinan ibarat boliwi tiyis.

***Ta`rbiyaliq isler metodikasin u`yreniw*** talabalardi ta`rbiyalawdin` uliwma ma`selelerin o`zbetinshe, do`retiwshilik ha`mde da`dil sheshiwshge tayarlawi tiyis.

***Ta`rbiyaliq isler metodikasi pa`ninin` bas maqseti*** – jas a`wladti ruwxiyliq-a`dep-ikramliliq ta`rbiyalawda xaliqtin` bay milliy, ruwxiyliq-tariyxiy da`stu`rlerge, u`rip-a`detlerge ha`mde uliwma insaniyliq qa`diriyatlarg`a tiykarlangan na`tiyjeli, sho`lkemleskenlik, pedagogikaliq forma ha`m qurallardi islep shig`iw a`meliyatqa engiziw.

***Ta`rbiyaliq isler metodikasi pa`ninin` tiykarg`i waziypasi*** –shaxstin` aqiliy erkin pikirlewshi ha`m fizikaliq rawajlaniwi, onin` qa`biletlerin ha`r ta`repleme ashiw ushin mu`mkinshilik jaratiw.

Bunin` ushin: jaslardi erkin pikirlewge tayarlaw, turmis mazmunin tu`sinip aliwg`a ko`meklesiw, o`z-o`zin basqariw ha`m qadag`alawdi biliwdi qa`liplestiriw, o`z shaxsiy turmisina maqsetli jandasiw, olarda reje ha`m a`mel birligi sezimin oyatiw ;

Talabalarda ma`deniy ha`mde du`nyaliq bilimlerdi iyellewge bolg`an talaplarin qa`liplestiriw, ko`nikpe payda qildiriw, ju`da` o`sip-bayitip bariw ha`m estetikaliq tu`siniklerdi qa`liplestiriw;

ha`r bir o`smirdin` bilimdanlig`in ha`m do`retiwshilik mu`mkinshiliklerin aniqlap, olardi rawajlantiriw, insan xizmetin ha`r qiyli tarawlarinda engiziw ;

insaniyliq a`debi o`lshemlerin qa`liplestiriw (bir-birin) tu`sinetug`in, mexiriban, sha`wqatli, irqiy kemsitiwlerge jol qoymasliq) qarim-qatnas a`debi siyaqli ta`rbiya qurallari ken` qollaniwi tiyis.

Ta`rbiya – ta`rbiyalaniwshi shaxsin joqari sotsial qa`diriyat dep ta`n aliw, ha`r bir shaxs, o`smir ha`m jas jigit-qizdin` ta`krarlanmas ha`m o`zine ta`nligin itibarg`a aliw.

A`melde ta`rbiyaliq protsesstin tutas ha`m u`zliksiz jumisqa ha`m tu`rli jastag`i ta`rbiyalaniwshilardi qamtip aliwina ayriqsha a`hmiyet beriw tiyis.

O`smir jigit ha`m qizlar tek bolg`isi u`lken turmisqa tayarliq ko`redi, a`ne usi xaqiqiy turmis menen jasaydilar.

## *2. Ta`rbiyaliq isler pa`ninin` basqa pa`nler menen baylanisi*

Ta`rbiyaliq isler metodikasi «Pedagogika» pa`ninin` bir bo`legi bolip, pa`n sipatinda ajiralip shiqti. Ha`m o`zinin` teoriyaliq, metodikaliq, a`meliy tiykarlarin jaratadi.

Na`tiyjele ta`rbiyaliq islerdin` tarawlari payda boldi. Ta`rbiyaliq isler metodikasi pa`ni bir neshe bo`lekke bolip u`yreniledi. Bular to`mendegiler: «A`depnama pa`nin oqitiw» metodikasi, «Ja`ma`a`tti sho`lkemlestiriw» metodikasi, «Topar basshisinin` ta`rbiyaliq jumislarin sho`lkemlestiriw» metodikasi ha`mde «Jaslardi ta`rbiyalawda shan`araq, ma`ha`lle birge islesiwin a`melge asiriw» metodikasi ha`m basqalar.

Demek, bul pa`ndi oqitiwdan maqset keleshekte talaplarimizg`a ta`lim mekemelerinde ta`lim-ta`rbiyag`a da`wir talaplarinan kelip shiqqan halda jan`asha

jandasiwdi, jumisti sipat, mazmun ta`repinen tuwri sho`lkemlestiriwdi u`yretiwden ibarat.

Pedagogikaliq texnika sonday bir bilimler jiyindisi, ol pedagogqa ta`rbiyalaniwshilar ko`rip ha`m esitip turg`an na`rseler arqali olarg`a o`z pikirleri ha`m qa`lbin jetkeriw mu`mkinshiligin beredi. Talabalar menen tikkeley qarim-qatnas qiliwda pedagogtin` usi bilimleri (yaki olardin` joqlig`i) onin` minez kulqinda ko`rinedi.

Pedagogikaliq sheberlik bul pa`him-pa`rasat ha`m bilimlerdin`, ilimiy, ta`rbiyadag`i qiyinshiliqlarg`a jen`iwge qadir bolg`an abiroyli basshiliqtin`, talabalar qa`lbinin` qandaylig`in seziw sheberligi, ishki du`n``yasi na`zik ha`m a`zzi bolg`an talaba shaxsina sheberlik menen abaylap jandasiwi, danaliq ha`m do`retiwshilik da`lillik, ilimiy taliqlaw, kiyal ha`m fantaztsiyag`a bolg`an qa`bilet jiyindisi.

Pedagogikaliq texnikani iyellewdin` tiykarg`i jollari pedagog basshilig`indag`i shinigiwlar (pedagogikaliq texnikani u`yreniw) ha`m o`zbetinshe islew (ka`siplik ta`repinen o`z-o`zin ta`rbiyalaw) dir. Pedagogikaliq texnika bilimlerinin` individualliq-shaxsiy tuste ekenligin esapqa alip, pedagogikaliq texnikani iyellewde ha`m oni rawajlantiriwda ka`silik ta`repinen o`z-o`zin ta`rbiyalaw, yag`niy talabanin` o`zinde sheber pedagog shaxsiy pa`ziyletlerin ha`m ka`siplik bilimlerin qa`liplestiriwge qaratilg`an xizmet jetekshi rol` oynaydi.

O`zbekstannin` g`a`rezsizligi arqali ata-babalarimizdin` a`dep-ikramliliq haqqindag`i hikmetli gu`rrin`leri, naqil-rawayatlari jaslardin` ruwxiyliq qa`diriyatlarin qa`liplestiriwde za`ru`r a`hmiyetke iye bolmaqta. Buni biz a`depnama pa`ninin` oqitiliwi misalinda ko`riwimiz mu`mkin. Ta`rbiyaliq islerdi sho`lkemlestiriwde ha`r bir pedagog a`dep-ikramliliq haqqindag`i bilimlerge iye boliwi kerek.

Ta`rbiyaliq isler metodikasi pa`nin oqitiwdi ja`ma`a`tti sho`lkemlestiriw metodikasina u`lken itibar beriledi, shaxsti ja`ma`a`tte ta`rbiyalaw menen birge ja`miyetti joqarilatiw mu`mkin. Bull waziypalardi biz, a`dette, topar basshilarinin` moynina ju`kleymiz. Topar basshilari o`z na`wbetinde topardag`i talabalardin`

tikkeley ta`lim-ta`rbiya protsessii, yag`niy sabaqlar dawaminda ha`mde sabaqtan keyingi xizmetin qadag`alawg`a juwapker.

Keyingi jillarda ma`mleketimizde qabil qilinip atirg`an ta`lim xa`m ta`rbiya tuwrisindag`i qatar o`lshemlik hu`jjetler, tiykarinan, «Ta`lim tuwrisinda» g`i Nizami, «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri» bazar ekonomikasi sharayatinda tabisli isley alatug`in, o`zbetinshe pikirlewshi kadrlardi tayarlawda shan`araq, ma`ha`lle ha`m oqiw orinlarinin` abiroyin ja`nede joqari bag`anag`a ko`teriwdi talap etedi.

Usi maqsette ta`rbiyaliq islerdi sho`lkemlestiriw ha`m oni tuwri jolg`a qoyiw maqsteinde, biz sizler menen oqiw dawaminda usi metodikalardan paydalangan halda sabaqlardi sho`lkemlestiremiz. Ha`m ha`r bir bag`darg`a ayriqta toqtalip o`tiwge ha`reket qilamiz.

Ja`ne soni aytip o`tiw kerek, ta`rbiyaliq islerdi sho`lkemlestiriwde huqiq-ta`rtibat organlari, do`retiwshilik uyimlar, ma`mleket ha`m ma`mleketlik emes jamg`armalar, komitetler ha`m sho`lkemlerm enen birgelikte jumis alip barilsa, maqsetke muwapiq bolar edi.

## ***3. Ta`rbiyaliq isler metodikasi pa`ninin` ilim izertlew metodlari***

Ta`rbiya-ruwxiyliq derekler ha`zirgi zaman talaplari ha`m iqtiyajlarin na`zerde tutqan halda, ta`rbiyashinin` oqiwshi menen aniq bir maqsetke qaratilg`an o`z-ara a`meliy ha`m teoriyaliq so`ylesiwi. Bu`gingi ku`nde metodlarin to`mendegi toparlarg`a ajiratiw mu`mkin:

1. So`z arqali sa`wlelendiriw metodi.

2. Ko`rgizbelilik metodi.

3.A`meliy, u`lgi usili.

4.Xoshametlew ha`m jazalaw

Birinshi topar–so`z arqali pikirdi bayan etiw, ma`sla`ha`t beriw, bag`darlaw, sa`wbet, gu`rrin`, lektsiya.

Ekinshi topar – kinofil`mler, su`wretlew o`ner, ko`rkem o`ner ha`m a`debiyat.

U`shinshi topar–ta`rbiya mag`liwmatlarin a`meliy miynet ha`reketleri arqali beriw, o`rnek ko`rsetiw, u`lgi ha`m ibrattan paydalaniw.

To`rtinshi topar– talabalardi jaqsi orinlang`an jumis ushin xoshametlew. Xoshametlew ruwxiyliq ha`m materialliq ko`rinislerde boliwi mu`mkin. Jazalawi metodi ha`m az isletiliwine qaramastan, o`zinin` ma`lim ta`sir ku`shine iye. Jazalawg`a eskertiw beriw, qatti eskertiw, uyaltiriw siyaqlilar kiredi.

## ***Payalanilg`an a`debiyatlar :***


1.Wzbekiston Respublikasi Qonunlari.

2.«Ta`lim twg`risida»gi Wzbekiston Respublikasining qonuni.-T.,1997. 29 avgust.

3.Kadrlar tayyolash milliy dasturi.-T.,1997. 29 avgust.

4.Wzbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarorlari.

5.I.A.Karimov. «Erishilgan yutuqlarni mustahkamlab, yangi marralar sari izchil harakat qilishimiz lozim». 2006 yil 10 fevral.

6.I.A.Karimov. Wz kelajagimizni wz qwlimiz bilan qurmoqdamiz.-T.,Wzbekiston, 1999.

7.Sh.Tojieva. Tarbiyaviy ishlar uslubiyoti. Ma`ruzalar matni. 2005.

8.G.Ochilova, G.Musaxanova, Sh.Tojieva. Pedagogika. Ma`ruzalar matni. 2005.

9.I.Mamajanov. Yangi pedagogik texnologiyalar. Masalalar twplami.-T.,2005.

10.N.Xwjaev va boshqalar. Yangi pedagogik texnologiyalar.-T.,Fan 2002.

## TEMA-2. JA’HA’N TARBIYA KONTSEPTSIYALARI

## JOBA:

1. Tarbiya kontseptsiyalarinin’ tarbiyaliq protsessdegi a’hmiyeti.
2. Kontseptsiya tu’siniginin’ mazmuni.
3. Ja’han tarbiya kontseptsiyalari.

### Tayansh túsinikleri.

Tárbiya sisteması, kontseptsiya, maqset , wazıypaları, milletler ara tatıwlıq, watanparwarlıq, ekanomikalıq tárbiya, miynet tárbiyası, estetikalıq tárbiya.

Mánawiy hám ádep – ikramlıq jaqtan qáliplesken bárkamal insan mashqalası sheshimi shańaraqta, mektepte hám mektepten tısqarı orınlar -da beriletuğın tálim tárbiyasınıń mazmunı dizimli ráwishte málim bir konsepsiyağa jámlestirilgen.

Konsepsiya túsinigi hár bir pedagogik texnologiya , filosofiya , psixologiya , didaktik tálim maqsetlerge erisiwdiń jámiyetlik pedagogik dálillerin óz ishine alatuğın anıq ilimiy konsepsiyağa tayanadı.

Konsepsiya – maqsetke jetısiwdiń kórinis rejesi bolıp,bul tarawda bar nızamlıqlar menen tiykarlap basqısh konsepsiya yáki ilimiy tiykarlan - ğan boljaw delinedi.

“ Tárbiya isleri *metodıkası*” pániniń áhimiyetli tárepi , klastan hám mektepten tısqarı jumısların nátiyjeli shólkemlestiriw boip esaplanadı. Klasstan hám mektepten tısqarı tárbiyalıq isler Konsepsiyasi oqıtıwshılar xizmetin joqarı dárejede shólkemlestiriw ushın islep shığılğan dástúr eaplanadi.

Ózbekstan Respublikasınıń ğarezsizlikke erisiwi hámde ğarezsiz siyasiy , ekonomikalıq hám social jolğa iye bolıwı xalıq xojalığınıń t’urli tarawlarında, sondayaq, xalıq tálimi diziminde hám ósip kiyatırğan bárkamal áwlad joqarı tárbiyası konsepsiyasin jaratıw zárúriyati payda

boldi.

Konsepsiya Qori Niyaziy atindaǵı ÓzPFITI alımları , Respublika Tálim orayı qániygeleri hám xalıq tálimi wázirligi qániygeleri hámde keń jámáátshilik pikirin inabatqa alıp tayarlanǵan. Konsepsiyada tárbiyalıq islerdiń tiykarǵı baǵdarları maqset hám *wazıypaları* jas áwladtı mánawiy ádep- ikramlıq jaqtan tárbiyalawda xalıqtıń bay mánawiy , tariyxiy dástúrlerge , úrp-ádetleri hámde ulıwma qádiriyatlarına tiykarlanadı. Bunıń ushın:

- Jaslardi erkin pikirlewge tayarlaw,ózin ózi basqarıwdı qáliplestiriw.
- Oqıwshılardı watannıń bay mánawiy miyrası menen tanıstırıw arqalı milliy ǵurur sezimin tárbiyalaw.
- Oqıwshılardı bilimdanliǵi hám dóretiwshilik imkaniyatların ańlap rawajlandırıw.
- Insaparwarlıq ádebi normaların qáliplestiriw.
- Watanpárwarlıq , dúnyalıq pikirlew, milletler ara tatıwlıq, jaqsı múnásebetti qáliplestiriw.
- Shaxstı qádirlew , puqaralıq hám social juwapkershilikti qáliplestiriw. gúllep jasnawı ushın pidayilıq sadıqlıq kórsetiw.
- Oqıwshılardı miynetsúygishlik, salamat turmıs tárizin jaratıw, erkin pikir iyesi etip tárbiyalaw tárbiyalıq islerdi shólkemlestiriwdiń áhimiyetli wazıypasıdır.

Tárbiya- tárbıyalanıwshı shaxstı joqarı social qádiriyat dep tán alıw, hár bir bala, ósmir hám jas jigit –qızdıń biytákrar ,ózine tánlıgın húrmet etiw, onıń social huquqı hám erkinligin itibarǵa alıw. Jaslarda qızıǵıwshılıq hám imkaniyat tuyǵusın jetıskenlikli qarar taptırıw,mıllıylıktiń ózine tán dástúri hám qurallarına tayanıw,shaxslar ara múnásebetlerde insanpárwarlıq, pedagoglar hám oqıwshılar ortasında bir-birine húrmet múnásebetleri , balalar pikirine itibar beriw, olarǵa mehribanlıq penen múnasebette bolıw,klasstan hám mektepten tısqarı tárbiyalıq jumıslar oqıwshılardıń qızıǵıwı , qálew hám zárúrliklerine súyengen halda olardıń

sabaqtan bos waqıtlarında oqıw-tárbiya processin tolıqtıradı.Bul oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiliyetlerin, qızıǵıwshılıqların asırıwǵa imkan jaratadı.

Konsepsiyada watanpárwar hám milletler ara kámil insan tárbiyasına bólek itibar qaratılǵan . Watanpárwarlıq hám milletler ara tatıwlıq tárbiyasında puqaralar birligi, milletler ara birlik , jas hám ǵarezsiz mámleketimizdiń tiykarǵı negizidir. Respublikamizdiń ǵarezsiz mámleket sıpatında qáliplesiw processinde jas áwladti jámiyet jańalanıwınıń áhimiyeti hám zárúrligin túsinip jetetuǵın , ózi ushın ózi jasap turǵan úlkeniń gúllep jasnawı ushın , onıń taǵdiri ushın, ózge mámleket hám millet wákilleri menen dos-biradarlıqtı bekkemlew ushın juwapkerlikti seziniw dárejesinde tárbiyalaw.

Watanpárwarlıq ǵarezsiz Ózbekistan ushın jánede keńirek mánis - mazmunǵa iye sóz bolıp qaldı. Házirgi kúnde watanpárwar bolıw- bul ekonomikamizdı, qurallı kúshlerimizdi , barlıq millet wákilleriniń dostana múnásebetin óz bilimi, pıdayı miyneti , jaqsı oqıwı menen bekkemlewden ibarat.

Hár bir oqıwshı Watan jetıskenliginde óziniń shaxsiy minneti hám Juwapkershilikli wazıypaları barlıǵın tolıq qabıl etsin. Kúndelik tárbiyalıq islerin sonday shólkelestiriw zárúr bolıp, nátiyjede oqıwshılar respublika ǵarezsizligi sharayatında onıń mashqalaların ózinikindey qabıl etetuǵın bolsın. Olardıń awırlıqların óz juwapkershiligine alatuǵın, múmkinshiligi barınsha Watanǵa payda keltiretuǵın shaxs bolıp jetilissin.Búgingi kúnde alıp barılıp atırǵan, kózde tutılǵan barlıq jańalanıw processleri social- ekonomikalıq, mádeniy tarawlardaǵı pútkil ózgerisler hámme -nıń pidakárana xizmeti sebepli ǵana júzege keliwin ańlap jetsin.

Milletler ara tatıwlıq tárbiya - biziń respublikamiz óz ahimiyetin tapqan. Sonıń ushın jaslarda xalıqlar doslıǵı sezimlerin tárbiyalap barıw áhimiyetke iye.

Jaslardı milletler ara tatıwlıq ruxta tárbiyalaw tıykarında basqa millet hám xalıqlarǵa unamlı múnásebet doslıq sezimlerin oyatıw ,

túrlixalıqlar ómirine qızığıw sezimin oyatıw maqseti bolıp tabıladı. Bunday sezimlerdi rawajlandırıw tiykarınan eliklew arqalı bekkemlenip baradı.Oqıwshılardıń milletler ara tatıwlıq sezimi tıykarında qáliplestiriwde eń ayrım aymaqlarda jasaytuğın hár bir millet wákilleri menen ushırasiwlar ótkiziw ,olar menen pikir alısıp, jazısıwlar alıp barıw, arnawlı ushırasıwlarda olardıń úrp-ádetleri,mádeniyati, sanatı,tábiyat tuwrısındağı ádebiyatların oqıp beriw arqalı qáliplesedi.

Konsepsiyağa bárkamal áwladqa tán ádep-ikramlıq sıpatların tárbiyalawda ayrıqsha itibar qaratılğan.Bunda:

1.Huqıqıy tárbiyağa tiyisli tómendegi bilimlerge iye bolıw lazım.

- Ózbekstan Respublikasi Prezidenti, Oliy Majlis, Prezident Devonı, Wázirler mekemesi, Oliy Májlis nızamshiliği palatası h.b.mámleket basqarıw organlarınıń ahimiyeti huqıqıy normalardıń xalıqtıń kúndelik ómirine kerekligi.
- Ózbekstan Respublikasi nızamların qorğaw mekemelerin dúziw.

Sol menen birge, Ózbekstan Respublikasi Konstitutsiyasi, Balalar huquqları Konvensiyaları haqqında bilimge iye bolıw kerek.

Konsepsiyada ekonomikalıq, ekologiyalıq, estetikalıq, fizikalıq, miynetsúyerlik tárbiyalarınıń mánis-*mazmuni*,klasstan hám mektepten tısqarı shólkemler processi, paydalaniw shara - ilajları haqqında bilim beredi.

Konsepsiyada:

Talantlı hám ziyrek balalardı anıqlaw hám tárbiyalaw.

- Máhallede tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw.
- Mektepte oqıwshılardıń ózin ózi basqarıw kábi bólimlerdiń ahimiyeti hám *mazmunı* berilgen.

Klasstan hám mektepten tısqarı tárbiyalıq isler Konsepsiyasin ámelge asırıwda tómendegi wazıypalardi atqarıw ahimiyetli orın tutadi. Bul máselege alimlardan J.Hasanbayev, X.Tóraqulov, I.Asqarov, N.Usmanovlar “Pedagogika” sabaqlığında “Tárbiya processinıń áhimiyeti hám wazıypaları” boyınsha tómendegilerge itibar berilgen:

- Tárbiyada anıq qatnas arqalı , ádep-ikramlıq, ideyalıq,estetikalıq, fizikalıq, ekonomikalıq tárbiyanıń birligi hám úzliksiz ráwishte ámelge asırıw.
Social tárbiyani shólkemlestiriw processi:
- Jaslardı social ómirge tayarlaw,olarda keń dúnya qarastı qáliplestiriw.
- Milliy ulıwma insanıy qádiryatlar haqqında tereń bilimge iye bolıw.
- Ádep-ikramlıq normaların ańlaw, óz ara húrmet hám ádalatlı bolıw.

Tárbiyalıq shólkemlerdi uyımlastırıwdıń maqsetiniń anıqlıǵı.
Bárkamal shaxs tárbiyasında zamanagóy talablar tıykarında jandasıw.
Olar:
- Oqıtıwshını balalar menen mánawiy mádeniyatınıń eń jaqsı úlgisin izlew. Úlkenlerdiń ómir tájriybeleri hám shaxsiy úlgileri arqalı tásir kórsetiw.
-Ózin ózi ańlaw , insanda tárbiyalıq isenim, demokratik qaraslar, ómirlik pozitsiyasin qáliplestiriwge alıp keledi.
Tárbiya processinde ixtiyariylıq.

Tárbıyalanıwshıda erk , erkinliksiz tárbiya ideyaların qarar taptırıw múmkin emes .Tárbiya processi eger aqıllılıq penen shólkemlestirilse, bir waqıttıń ózinde oqıtıwshı hám oqıwshı mánawiyati bayıtılsa, balaǵa xizmet processinde qálew hám qızıǵıwshılıqların qáliplestiriw -ge keń orın berilse , oylaǵan maqsetke erisiw múmkin.
Jámáátshilik menen birgelikte tárbiyalıq jumıslar alıp barıw *unamlı* tásir etiwi Konsepsiyada qoyılǵan wazıypalardı atqarıwǵa shárt- sharayat jaratadı.
Ózbekstanda insan rawajlanıwı konsepsiyasi hám BMSHnıń Mıńjıllıq rawajlanıw maqsetlerine erisiw jolındaǵı jetıskenlikleri hám onıń social áhimiyeti.

BMSHnıń Mıńjıllıq rawajlanıw maqsetleri , onı ámelge asırıw haqqında Ózbekstanda belgilengen milliy maqsetler hám

wazıypalar.Insan rawajlanıw konsepsiyasina tiykarlanıp insan - milletiniń baylıǵı esaplanadı. Insanlarǵa jámiyet social - ekonomikalıq rawajiniń quralı sıpatında emes, bálki bas maqseti dep qaralıwı lazım. Hár qanday rawajlanıwdiń maqseti hám jetıskenligi kreteriyasi bolǵan insan ushın tańlawdıń keńeyiwi, óz erkinligin ámelge asırıw, uzaq hám salamat turmıs keshiriw imkani , bilim alıw hám múnásip ómir dárejesiniń jaratılıwı jámiyet rawajlanıwında sheshiwshi rol oynaydı.

2000-jıldiń sentyabrinde BMSHnıń Mińjıllıq rawajlanıw deklaratsiyasi daǵazalandi. 189 Mámleket tárepinen qabıl etilgen sol Deklaratsiyada mámleketler óz juwapkershiligine kámbaǵallıqa shek qoyıw ushın jańa global sheriklikti jolǵa qoyıw májbúriyatin aladı. Sondayaq 2015-jılǵa barip erisiliwi kerek bolǵan basqa maqsetler de belgilendi. Olar Mińjıllıq rawajlanıw maqsetleri atin aldi. Rawajlanıw tarawındaǵı maqsetler BMSH tárepinen qatar jıllar dawamında ótkerilgen xalıqara konferensiyalardıń pitimleri hám rezolyutsiyaları tıykarında islep shıǵıladı . Sol maqsetler 1996-jılda "Rawajlanıw tarawındaǵı xalıqara maqsetler " sıpatında sıpatında qáliplestirilgen edi. Sonnan keyin bul maqsetlerdi rawajlandırıw dawam ettirildi.

Mińjıllıq rawajlanıw maqsetleri 8 maqset, 18 wazıypa, 48 kórsetkish -ten ibarat. Bul wazıypalardıń kópshiligi 1990-jıllarda dúnyada quram tapqan ahwaldi esapqa alǵan halda 2015 jılǵa deyin sheshiwdi rejelestiredi hám tómendegi kestede kórinedi.

**Mińjıllıq rawjlaniw maqsetleri hám wazıypaları.**

| Maqsetler. | Wazıypalar. |
|---|---|
| 1-maqset júdá tómen jarlılıq hám ashlıqqa shek qoyıw. | • 1990-2015-jıllar dawamında kúnine 1 AQSH dollorı muǵdarında dáramatqa iye |

| | |
|---|---|
| | bolǵan aymaq úlesin eki esege kemeytiriw.<br>• Hámme ushın sol qatarda hayallar hám jaslar ushın tolıq hám nátiyjeli jumıs penen bántlikti hámde múnásip jumıs -qa iye bolıwdi táminlew.<br>• 1990-2015-jıllar dawamında ashlıqtan azap shegip atırǵanlar -di eki esege kemeytiw. |
| 2- maqset.Ulıwma baslanǵısh tálimdi táminlew. | • 2015-jılǵa kelip dúnyadaǵı barlıq balalar hám ul balalar hám qızlar tolıq kólemde baslanǵısh tálim alıw imkaniyatlarına iye bolıwdı táminlew. |
| 3-maqset.Erkekler hám hayallar teńligin táminlew hámde hayallardıń huquqları hám imkaniyatların keńeytiriw. | • 2005-jılda baslanǵısh hám orta tálim tarawında 2015-jılǵa keshiktirmesten ese tálimnıń barlıq dárejelerinde jinislar ortasındaǵı teeńsizliklerge shek qoyıw . |
| 4-maqset. Balalar ólimin kemeytiriw. | • 1990-2015-jıllar dawamında 5-jasqa shekem bolǵan balalar ortasında ólımdi 2\3 esege kemeytiriw. |
| 5- maqset.Analıqtı qqorǵawdi Jaqsılaw. | • 1990-2015-jıllar dawamında analar ólimin 3\4 esege kemeytiriw.<br>• 2015-jılǵa barıp reproduktiv |

| | |
|---|---|
| | salamatlıqtı qorǵaw tarawında -ǵi xizmetlerden hámmeniń paydalanıwın táminlew. |
| 6-maqset.VISH\SPID bezgek hám basqada kesellikler menen gúresiw. | • 2015-jılǵa barıp VISH\SPID tarqalıwın toqtatiw hám keselliklerdi kemeytiriw tendensiyasi baslanıwǵa erisiw.<br>• 2010-jılǵa barip SPIDten dawalaniwdiń imkaniyatin jaratıw.<br>2015-jılǵa barıp bezgek h.b. keselliklerdi tarqatıwdı toqtatıw hámde kesellik kemeyiw tendensiyası baslanıwǵa erisiw. |
| 7-maqset.Ekologik turaqlıqtı táminlew. | • Turaqlı rawajlanıw prinsipleri mámleket strategiyaları hám dás-túrleri ǵaminda qosıw tábiy resurslardi joytılıw protsseslerinıń aldın alıw hám toqtatıw.<br>• 2010-jılǵa barıp biologik hár túrliliktiń kemeyiw kólemlerin kemeytiriw.<br>• 2015-jılǵa kelip taza ishimlik suwı hám tiykarǵı sanıytariya-gigiena qurallarına iye bolmaǵan aymaqlar sanın kemeytiw.<br>• 2020-jılǵa barıp patas jerlerde jasap atırǵan keminde 100 mln |

adamnıń sharayatların jaqsılaw.

8-maqset.Rawajlanıw maqsetlerinde global birge islesiwdi táminlew.

- Eń rawajlanbaǵan mámleketler teńizge shıǵıw imkaniyatina iye bolmaǵan mámleketler hám kishi arallardaǵı kishi rawajlanıp atırǵan mámleketlerdegi zárúrliklerdi qandırıw.
- Farmaceptika kompanıyaları menen birgelikte rawajlanıp atırǵan mámleketllerdi arzan dáriler menen táminlew.

Mińjıllıq rawajlanıw maqsetleri tuwrısında hár 5-jılda bir márte mámlekketler tárepinen esabat beriledi.

Jalpı baslanǵısh tálimdi táminlew házirgi ósiw pátleri 2015-jıl ushın belgilengen maqsetli kórsetkishlerge erisiw ushın jeterli emes. 2008-jılda rawajlanip atırǵan mámleketlerde balalardı baslanǵısh tálim menen qamtıp alıw 89,0 % quradi.2000-jıldaǵı nátiyjeden 6,0% kóp. Soǵan qaramastan hazirde mektep jasındaǵı 69 mlnǵa jaqın bala mektepke barmaydı.Bul balalardıń derlik yarımı 31 mlnı Afrika, shereginen kóbiregi 18 mlnı Batıs Aziya mámleketlerinde jasaydı.

BMShi niń tálim pán hám mádeniyat máseleleri boyınsha shólkemi (YUNESKO) baslanǵısh tálimnıń sıpatlıraq dizimin jaratıwda mámleketlerge járdem kórsetpekte. YUNESKO dúnya mámleketlerin 8-10-jıllıq úzliksiz májbúriy tálimdi kepilleytuǵın huqıqıy tiykarlardi jaratıwǵa kórsetpe berdi.

Dúnya konsepsiyasinda azıq- awqat dástúri mektepte oqıwshılardı awqatlandırıwǵa járdem kórsetpekte. Bul ata- analardıń óz perzentlerin mektepke jiberiwdiń qúdiretli qollap quwatlaw wazıypasın óteydi. Bunday awqatlanıw balanıń keleshekte aqılıy rawajlanıwı hám fizika

-lıq salamat bolıw ushın zárúrdir. Dúnya konsesiyasindaǵı azıq - awqat dástúri, sonday-aq ata-analardı shańaraqlardaǵı qızların mektepke jiberiw hám jolǵa qoyılmaqta.

Tálim alıw máselerindegi gender teńsizligi sezilerli dárejede jaqsılandı. Bıraq bul tarawdaǵı teńsizlik joqarı tálim tarawında ayrım rawajlanǵan mámleketlerde házirge deyin joqarı dárejede. Sońǵı jıllarda qızlardı baslanǵısh hám orta tálim mektebi menen qamtıp alıw sezilerli dárejede kóbeydi. Bıraq tálim tarawında qızlardıń úlesi jeterli emes.Tálim alıwdaǵı gender mashqalanıń tiykargi sebebi jarlılıq.

Dúnya kóleminde orta hám joqarı buwındaǵı basshı qánigelerdiń tek 1\4 bólimi hayallar esaplanadı. Hayallar áste-aqırınlıq penen siyasiy dárejege iye bolıp barmaqta. Bıraq bul kvotalar ajıratılıwı hám arnawlı sharalar kóriliwi sebepli júz bermekte. 1995 jıldan 2005-jılǵa shekem bolǵan dúnya kóleminde hayallardıń parlamenttegi salmaǵı 11,0 % ten 19,0 % ke jetti. Bul 73,0 % ósiwdi bildiredi, Bıraq bul tarawda gender teńlikke erisilgeni haqqında aytıwǵa erte. Hayal-qızlardıń hákimiyatta ataqarıwshı organ qatnası jánede kemirek. 2010-jılda saylanǵan 151 mámleket basshılarınıń 9 i , 192 húkimet basshısınıń 11 i hayallar boladı. Dúnya kóleminde wázirler lawazımındaǵı hayallardıń salmaǵı 16,0 % ke teń.

Sonday-aq keyingi jıllarda mámleketimizde ulıwma hám orta arnawlı tálim mámleket tárepinen kepillenedi. 7-15-jastaǵi balalardıń baslanǵısh hám ulıwma orta tálimge qamtıp alınıwı, sonday-aq aymaqtıń sawatxanlıq dárejesi búgingi kúnde 100 % di quraydı.

Bul ese BMSh inıń baslanǵısh hám orta mekteplerde tálim sıpatın asırıw tarawındaǵı mińjıllıq rawajlanıw maqsetlerin Ózbekistan tárepinen jetekshi mámleketler qatarında rawajlanıp atırǵanlıǵın tolıq tastıyıqlaydı.

Xalıqara hákimiyat búgingi dúnyada tálimnıń áhimiyetine múnásip baha bergen halda insandı rawajlandırıwda tálimnıń múnásip rolin táminlewge qaratılǵan qatar strategik dástúrler islep shıǵıldı hám olardı ámelge asırıw sharaları kórip shıǵıldı. Olardan biri "Tálim - hámme ushın" konsepsiysı. Konsepsiyanıń tiykarǵı prinsipleri 1990-jılda Jomteyn (Tailand) shólkemlestirilgen konferensiyada bayan etilgen. Bul anjumanda "Tálim –hámme ushın" ulıwma dúnya deklaratsiyasi qabıl etildi. 1996-jılda ekonomikalıq sheriklik hám rawajlanıw shólkemine aǵza mámleketlerdiń tálim wázirleri tárepinen qabıl etigen "Tálim pútin ómir dawamında" strategiyasi "Tálim –hámme ushın" konsepsiyasina júdá jaqın bunda kózde tutılǵan maqset insan ómiriniń barlıq basqıshlarında túrli forma hám túrli tarawlarında bilim alıw zárúrligi názerde tutıladı. Búgingi kúnde Ózbekistan Respublikasında tálim máseleleri boyınsha konstitutsiyanıń 41- statıyasında belgilengen "Hár kim bilim alıw huquqına iye" dep kórsetilgen.

## TEMA-3.Tárbiyalıq isler metodıkası túsinigi

Joba:

1. Tarbiyaliq is: qurami ha'm du'zilisi.
2. Sotsialliq bag'darlang'an tarbiyaliq ju'mis.
3. A'dep-ikramliliq tarbiyaliq ju'mis.Estetik ha'm fizikaliq tarbiyaliq ju'mis.

**Tayansh túsinikler:**

Tárbiya isleri quramı hám dúzilisi, ádep-ikramlıq, estetikalıq, fizikalıq, ekologiyalıq hám miynet tárbiyalıq isler, konstrukciya túsinigi, reje, tárbiyalıq basqıshlar.

Jas áwladti oqıtıw hám tárbiyalawdıń nátiyjeli bolıwı oqıtıwshıǵa, onıń tayarlıq dárejesi bilim sheberligine baylanıslı boladı.

Pedagog oqıtıwshınıń bunday xizmeti klassta, klasstan tıs hám mektepten tıs waqıtlarda kórinedi.

Konstruktsiya sózi dúzilis, qurilis degen mánilerdi bildirip, ilimiy-ámeliy, ilimiy-teoriyalıq, ilimiy-metodıkalıq tárepten islep shıǵılǵan. Tárbiyanıń jumıslarınıń konstruktsiyası oqıwshılar menen birgelikte shólkemlestirilgen tárbiyalıq jumıslar tómendegishe konstruktsiyadan ibarat bolıp «Tárbiyalıq jumıslardıń morfologıyası hám dúzilisi» túsinigi hám qollanıladı. Demek, tárbiyalıq jumıslardıń qanday forması bolmasın olardıń barlıǵı tiykarinan birdey konstruktsiyalanadı. Konstruktsiyalar tómendegi basqıshlardi óz ishine aladı :

1.Tárbiya ishindegi mashqalalardan kelip shıǵıp, aktual másele anıqlanadı hám bul boyınsha ótkeriletuǵın tárbiya jumıslarınıń maqseti belgilenedi.

2. Tárbiyalıq jumıstı alıp barıwdiń rejesi islep shıǵıladı.

3. Shólkemlestiriw basqıshı.

4. Tárbiya jumısların tikkeley ótkeriw processi.

5. Juwmaqlawshi basqıshı.

Bul basqıshlar tárbiya jumısınıń *mazmunı*n tereń túsinip jetiw ushın múmkinshilik jaratıp, hár bir basqısh óziniń arnawlı maqsetine iye bolıp, olar logikalıq izbe-izlik tıykarında bir-biri menen tıǵız baylanısqan bolıwı shárt.

Hár qanday tárbiya jumısınıń tálimlik, tárbiyalıq, rawajlandırıwshı hám basqarıwshı wazıypaları boladı. Yaǵnıy :

a) balalardı mashqalanıń sheshimin tabıwǵa, pikirlewge, húrmet etiwge tárbiyalaw.

b) izleniwshen hám aktiv bolıwına úyretiw;

v) erkin pikirlew qábiletin rawajlandırıw.

Oqıtıwshı tárbiyalıq jumıslardıń maqsetin belgilewde tómendegilerdi esapqa alǵan halda basqarıwshı wazıypasın orınlaydı :

- jamááttegi sharayattı anıqlaw,

- tárbiya jumısların ótkeriw ushın oqıwshılardıń tayarlıq dárejesin anıqlaw,

- materialdı tayarlaw.

Tárbiyalıq jumıslar mashqalanıń usı waqıttaǵi shárayatın talıqlaw, oqıtıwshı hám oqıwshılar jámiyetiniń múmkinshiliklerin esapqa alıw,maqsetin belgilew menen orınlanadı.

Mashqala boyınsha toplanatuǵın xabarlar anketa, intervyu, baqlaw yaki pikirlewdiń, shıǵarma jaziw sıyaqlı metodlar járdeminde ámelge asırıladı. Bul mashqalani talıqlaw hám bul mashqala boyınsha shólkemlestiriw rejelestirilgen tárbiyalıq jumıstıń maqseti tómendegi texnologiya tıykarında belgilenedi:

- xabarlardı toparlarǵa ajıratıw,
- mashqalanıń grafikalıq kórinisin islep shıǵıw,
- kórsetkishlerdi detallarǵa ajıratıw,
-analiz,
-sintez,
-analogiya,
- salıstırıw,
- ulıwmalastiriw.

Reje –bul tárbiyalıq shara-ilájlardi shólkemlestiriwdiń aldında belgilengen dizim bolıp, olardıń ótkeriliw tártibi, orınlanıw waqtı, izbe-izligi, oǵan juwapker (balalar, ata-analar, pedagog, jası úlkenler hám t.b.) shaxslardiń kórsetkishi bolıp esaplanadı.

Tárbiyalıq jumıslardı rejelestırıw basqıshın ótkeriwden maqset:

-jámiyet, kópshilik menen islesiw, juwapkershilikti seziwge tárbiyalaw;

-oqıwshılardıń óz háreketin basqarıw hám rejelestiriwge úyretiw;

-oqıwshılardıń logikalıq izbe-izlik menen pikirlew qábiletin rawajlandırıw;

-oqıwshılar menen birgelikte tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwdiń dástúrin islep shıǵıw.

Tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw basqıshında tiykarinan :

a) reglament belgilenedi.

b) tárbiyalıq jumıslarǵa qatnasıwshilardıń ulıwma bir jumıs alıp barıwiniń támiyinleniwin názerde tutıladı.

Bul basqıshta tómendegi pedagogikalıq talaplar qoyiladi:

- oqıwshı hám oqıtıwshılardıń aktivligi;

- barlıq qatnasıwshi-oqıwshılardıń hám shólkemlestiriwshilik qábiletine iye emesligin esapqa alıw;

- oqıwshı-qatnasıwshilardıń (orınlawshilardıń) birgelikte jumıs alıp barıwina erisiw;

-oqıtıwshı-konstruktorshi, orınlawshi-oqıwshılar xizmetin orınlaw;

- orınlawshi-oqıwshılardıń qábiletin, qızıǵıwın menen múmkinshiliklerin esapqa alıw;

- «shólkemlestırıwshılık tásirdiń» ámelge asırıwı.

Sonǵi jıllardı jáhán pedagogikasi teoriyası hám ámeliyatında klasstan tıs tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwdiń dástúrge aylanbaǵan formaları islep shıǵılmaqta. Bunday formalar izleniwshen, dóretiwshi, óz ústinde islep, tájiriybesin bayıtıp baratuǵın alımlar hám pedagoglardan tınımsız izleniwiniń nátiyjeleri bolıp, pánde olar «Tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwshiniń dóretiwshilik formaları» dep ataladı. Búgingi kúnde tájiriybeden ótken sonday tárbiya jumısları qáliplesiwine tómendegilerdi kiritiw múmkin:

- «Bir qosıq bes minut birge» (muzıkalı shıǵarma) ;

- «Publicistikalıq lekciya» (mektep jamááti arasında 15-20 minut jańa xabarlarǵa bay lekciyalar oqıw) ;

- «Sokrat sáwbeti» (shıǵılıwı mashqalanıń sheshimi boyınsha kópshilik variantlardıń keń túrde kórip shiǵiliwi. Bunda sheshimi kútilip atırǵan mashkala ekinshi bir sorawlardi keltirip shıǵarıwı shárt);

- «Ashıq mikrofon» (social turmıs hám mekteptegi mashqalalardı talıqlaw) ;

- «Filosofiyalıq stul» (turmıstı filosofiyalıq oylawǵa qaratıladı);

- «Diskusscion besik» (bunda eki topar berilgen tema boyınsha náwbetpe-náwbet pikir bildirip, tartısadı) ;

- «İntellektuallıq aukcion» (intellektuallıq xızmet boyınsha jarıs). Bunda usınıs qılınǵan tovar sıpatında kitap, portret, kórkem óner shıǵarması hám bolıwı

múmkin bolıp, bul tovar ushın «tólem» usı predmetler haqqındaǵı oqıwshılardıń bilimdanlıq dárejesin jaratadı;

- «Kúlgi ustalarınıń konkursı» (aforizm hám anekdotlar jarısı);

- «Sham astındaǵı sáwbet» (ádep-ikramlılıq hám jetik qádiriyatlar haqqındaǵı sáwbet);

- «Oyshıllar kúni» (belgili bir oyshıldıń yubeleyi menen baylanıslı bir kún dawamında ótkeriletuǵın jumıslar mazmunı) ;

- «Ótkir qırlı dóńgelek stol» (kúnnıń eń bir áhmiyetli mashqalası haqqında oqıwshılardıń pikirin bilip alıwǵa qaratılǵan tartısıw) ;

- «Doslıqtıń kútilmegen sawǵaları» (oqıwshılardıń óz-ara doslıq múnásibetlerin bekkemlewge qaratıladı).

Tárbiyanıń maqseti- ómir maqseti xalıq pedagogikasınıń payda bolıwı hám rawajlanıwı menen baylanıslı. Adamzat jámiyetiniń belgili bir rawajlanıw dáwirinde etnikalıq toparlar, urıwlar hám qáwimlardiń birigiwi negizinde xalıqlar, onıń jaslardı turmısqa tayarlawdaǵı ámeliy tájiriybesi-xalıq pedagogikası payda boldı. Jámiyettiń bunnan keyingi rawajlanıw basqıshında hár túrli obektiv sebeplerge baylanıslı, xalıqlar tıykarında milletler kelip shıqtı. Milletlerde jaslardı ulıwma insanıy hám milliy qádiriyatlar ruwxıyda tárbiyalawda ózgeshe tájiriybeler toplandı –ol milliy tárbiya dep ataladı.

Millettiń jas áwladqa tálim-tárbiya beriwdegi qıyalları menen oyları, tilekleri menen úmitleri, niyetleri menen arzıw-ármanları tárbiyanıń milliy maqsetine aylandı, tárbiyanıń milliy maqseti qáliplesti. Milliy tárbiyanıń mashqalaların úyrenetuǵın milliy pedagogikanıń tırnaǵi qalandı. Milliy pedagogika dáwirler asa rawajlanıp hám qáliplesip búgingi kún dárejesine jetti.

Milliy tárbiya, milliy tárbiyanıń maqseti jónindegi eń dáslepki oylar xalıq pedagogikasınıń tiykarǵı dereklerinen esaplanǵan xalıq dóretpelerinde bayan etilgen.

Millliy tárbiyanıń maqseti- jetik insandı tárbiyalaw degende xalqımız ruwxıy jaqtan bay, bilimli, ádep-ikramlıq jaqtan pák, estetikalıq jaqtan gózzal, sap deneli miynetkesh adamdı názerde tutqan.

Milliy tárbiyanıń maqseti hám *wazıypaları* ótmishtegi Shıǵıs, Oraylıq Aziyanıń ullı pedagog oyshıllarınıń dıqqat orayında turdı. Olar tárbiya maqsetin – jetik insandı kamalǵa keltiriwde qollanılatuǵın tárbiya túrlerin, metodların, quralların hám jolların izlestirdi, bahalı teoriyalar jarattı, ámeliy keńesler berdi.

Salamat áwladtı kamalǵa jetkeriw ǵárezsizliktiń birinshi *jıl*larınan baslap mámleket siyasatınıń bas baǵdarlarınıń birine aylandı. Birinshi Prezidentimiz İslam Karimov salamat áwladtı tárbiyalaw milliy tárbiyamizdıń bas maqseti dep belgiledi. Ol « Ullı ma`mleketke, ullı keleshekke erisiw ushın aqıllı, bilimli, usının` menen birge, o`zinin` o`tmishinin` ullı qa`diriyatları, milleti menen maqtanatug`ın ha`m keleshekke isenetug`ın insanlardı ta`rbiyalawımız kerek.”[1]. degen edi. Milliy tárbiyanıń bas maqsetin iske asırıwda tárbiyanıń arnawlı quramlı bólimleri-túrleri qollanıladı. Tárbiyanıń hár bir quramlı bóliminıń –túrınıń bas maqseti, salamat áwladtıhár tárepleme úylesikli rawajlandırıw hám qáliplestiriwde qatar *wazıypaları* boladı. Tárbiyanıń *wazıypaları* delingende tárbiyanıń jobalastırılǵan aqırǵı nátiyjesine, maqsetine erisiw ushın orınlanatuǵın talaplar sisteması túsiniledi.

Milliy tárbiya tómendegi quramalı bólimlerden turadi : aqil, ádep-ikramlıq, miynet, dene, estetikalıq, jinis, ekonomikalıq, ekologiyalıq, huqiq, áskeriy hám diniy tárbiya. Diniy tárbiya mámleketlik emes oqıw orınlarında alıp barıladı. Tárbiyanıń hár bir quramalı bólimi, túri mektepte, sabaqta, klasstan hám mektepten tıs jumıslarında ámelge asırıladı. Úyde, balalar jasaytuǵın ortalıqta, jámiyetlik shólkemler, mákan-keńes hám awıl puxaraları jıyını jumıslarında dawam etedi.

Salamat awladtı barlıq tárepten jetilistiriwde hár bir tárbiyanıń túrınıń ózine tán jeke *wazıypaları* boladı.

Tárbiya ádep-ikramlılıq tárbiyadan baslanadı. Ádep-ikramlılıq adamnıń bezegi, insanıylıq kelbeti hám ómir *mazmunı*.

Muxammed payǵambarimiz jaslardı kamalǵa keltiriwde ádep-ikram tárbiyasınıń atqaratuǵın *wazıypaların*a joqarı baha berdi. İslam táliymatında tiykarlanǵan milliy ádep-ikram tárbiyamiz jas áwladqa mına adamgershilik

---

[1] И Каримов. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т-2., “Ўзбекистон”,1996, 261 бет

qásiyetlerdi sińdiriwdi maqset etti: insanıylıq, sabırlılıq, ar-namıs, keń peyillik, aq kókireklik, hújdanlılıq, saqıylıq, táwbe, bir sózlilik, miyrim shápáátlıq, doslıq t.b. Bul hám basqa joqarı adamgershilik paziytlerdi xalqımız óz balalarına ana súti menen sińdirdi.

Ádep-ikramlıq tárbiyanıń *wazıypalarına* mınalar kiredi:

1. Oqıwshılarda milliy ǵárezsizlik sana-sezimdi, watandı súyiwdi, joqarı adamgershilikti tárbiyalaw, bilimdan bolıwǵa háwes oyatıw.

2.Ózligin úyreniwge, ózligin qádirlewge hám onı maqtanısh etiwge tárbiyalaw;

3. Ádep-ikramlılıq sananı : túsinik, bilim, sezim, isenim hám kóz-qarastı qáliplestiriw.

4. Aǵla minez-qulıq kónlikpe, ádet hám sanalı tártipti tárbiyalaw.

5. Xarakter qásiyetlerin, erk sıpatları (maqsetke umtılıw, baslamashılıq, belsendilik, turaqlılıq t.b.) rawajlandırıw.

İdeyalıq ádep-ikramlılıq tárbiyanıń tiykarǵı maqseti ideyalıq ádep-ikramlılıq tárepinen jetik hám aktiv jaslardı tárbiyalaw. En zárúr wazıypalardan biri talabalardı moral talaplarına muwapıq rawajlandırıwǵa tárep baǵdarlaw. Hár bir talaba ózin-ózi tárbiyalawdıń maqsetin anıqlap alıwǵa járdemlesiwi kerek. Bunıń ushın hár bir oqıwshınıń zárurligi hám qızıǵıw dárejesin úyreniw olarǵa óz zárurliklerin jámiyet máplerine, sheshilip atırǵan social wazıypalarǵa boysındırıwǵa, óz jámááti sharayatında payda bolıp atırǵan zárurliklerin kóre alıwǵa hám olardı sheshiwge anıq shárt-shárayattı hámde haqıyqıy múmkinshiliklerin taba alıwǵa úyretiw topar basshısınıń wazıypası. İdeyalıq ádep-ikramlılıq tárbiya wazıypaların ámelge asırıw, oqıwshılardı ideyalıq, watanparwarlıq ruwxında tárbiyalaw; shaxstıń aktiv ornın payda etiw, xabarlar aǵımında ózine tuwrı baǵdar ala biliwge úyretiw, milliy ideya ushın gúres baǵdarında ózinıń aktiv xizmeti menen qatnasıwǵa tayarlıq, miynet xizmetinde ideyalıq-ádep-ikramlılıq tárepinen tárbiyalawdıń áhmiyeti artıp barmaqta. Talabalardıń ideyalıq-siyasiy, ádep-ikramlılıq tárepinen tárbiyalaw, olarda dúnya qarastı qáliplestiriw tiykarınan sabaqta sheshiledi. Bıraq bul jumıs topar basshısı

xizmetinde ayrıqsha orın tutiw kerek. Bıraq bul zárúr máseleni sheshiwge topar basshısı tómendegi wazıypalardı sheshiw kerek :

1.Talabalardı belgili bir dárejedegi siyasiy bilimler, dúńyaqarasqa tán ideya hám túsinikler menen qurallandırıw.

2. Talabalarda puqaralıq sezimlerin payda etiw, yaǵniy óziniń mámlekettegi, xalıq turmısındaǵı waqıyalarǵa baylanıslı ekenligin ańlawına erisiw, watanparwarlıq ruwxında tárbiyalaw

3.Talabalardı social-siyasiy ámeliyatqa, social paydalı jumıslarǵa, miynet xizmetine aktiv tartıw jolı menen olarda social-siyasiy tájiriybeni payda etiw.

Topar basshısı talabalardıń sabaqta iyellegen ideyalıq-siyasiy bilimlerin sabaqtan tıs túrli tárbiyalıq jumıslar quralında keńeytiredi. Bul jumıslar waqıt ólshewiniń shegaralanbaǵanlıǵı, emotsoinal tásir múmkinshiliginiń keńligi shaxsiy zárurlikleriniń sáykesligi arqalı talabalar tárepinen sabaqtaǵıdan kóre basqasharaq qabıl qılınadı. Bul nárse, yaǵnıy milliy ideyalar hár bir kisiniń minezinde, hár bir jámáát hám hár bir shólkemniń xizmetindegi isler menen úzliksiz baylanıslı alıp barılıwı tiyis. Áne soǵan ámel qılǵan topar basshısı social islerge tartıladı, olarda social áhmiyetke iye bolǵan xizmette qatnasıw zárurliklerin oyatadı, bul ideyalıq-siyasiy tárbiyanıń nátiyjesi.

Talabalardıń ózleri gazeta hám jurnallardan maqalalar toplap, topar múyeshinde kórgizbeler tayarlawı, arnawlı gazetalar shıǵarıwı, xabarlardı ózleri ózbetinshe ótkeriwleri paydalı. Joqarı kurslarda bul jumıslardıń mazmunı, forması hám metodları jánede quramalasadı, derekler kólemi kóbeyedi hám olardı xalıq aralıq waqıyalarǵa tán lekciyalar talabalar ánjumanları, jámáátshilik dodalawları, tartısıwlar formasında ótedi.

Siyasiy xabarlar talabalarda siyasiy bilimlerge tereń qızıǵıw oyatıw, gazeta oqıw, ishki hám sırtqı waqıyalarǵı tán radio esittiriwlerdi hám telekórsetiwlerdi tińlaw hám kóriw zárurliklerin tárbiyalaw kerek. Topar basshısı balalardıń hár qıylı waqıyalar haqqındaǵı óz-ara oylawlarındaǵı durıs emes pikirlerin dúzetiwi, social turmıstıń zárúr waqıyaların ilimiy tiykarda túsindirip beriwi júdá zárúr.

Sonıń menen birge topar basshısı talabalardıń ádep-ikramlılıq qáliplesiwi, ruwxıylıq dúńyasınıń payda bolıwı ushın ǵamxorlıq qıladı. Xalqımız materiallıq parawanliǵinıń, mádeniy dárejesin, ruwxıylıq dúńyasınıń ósip barıwı mámleketimiz ruwxıylıq turmısında eń aldınǵi hám eń insanıylıq social múnásibetler diziminıń qarar tawǵanlıǵı topar basshısı ámelge asıratuǵın ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń tabısın támiyinlew girewi.

Jaslardı ádep-ikramlılıq teoriyasına tán bilimler menen qurallandırıw hám olardı social turmıs waqıyalarınan ádep-ikramlılıq táreplerin ajırata alıwǵa, ádep-ikramlılıq ólshemlerine muwapıq bahalawǵa úyretiw menen topar basshısı jigit-qızlardan óz minezin ádep-ikramlılıq ólshem hám qaǵıydalar tiykarında qabıl ete alıwına erisedi.

Ádep-ikramlılıqqa tán sáwbetler nátiyjeligin támiyinlewshi zárúr shártlerinen biri talabalardıń sanası menen minezi ortasındaǵı birlikti támiyinlew esaplanadı. Bunda ol ózine málim bolǵan ádep-ikramlılıq ólshemine ámel qılǵan halda tuwrı háreket qılıw jolın tanlap alıwǵa úyrenedi. Mısali, topar basshısı óz sáwbetin sonday baslaydi. «Avtobusda ketip baratırǵan bir neshe jaslar qollarındaǵı radio-pleyrdi bálent qoyıp, qaysi bir topar atqariwdaǵi shawqimli nama tińlap baratir. Jası úlken hayal olardan dawisin páseytiriwdi soraydi. Buǵan juwap retinde : «Esitgiń kelmese, qulaǵıńızdı jawıp alıń», -dedi jaslardan biri. Ekinshi birewi jaǵdaydı jumsatıw ushın yaki qolaysız áwhaldan shıǵıw ushın ba : «Apajan, siz zamanagóy namalardı jaman kórer ekensiz-dá», -dedi, úshinshisi : «Siz bir ózińiz, al bizler kópshilikpiz. Kópshiliktiń qálewin húrmet qiliw kerek, apay!», -dep qosıp qoydı. Topar basshısı oqiwshilar menen payda bolǵan usı jaǵdaydı dodalap, óz pikirlerin bildiriwdi usınıs qıldı.

Ádep-ikramlılıq bilim beriwde topar basshısı menen shańaraq aǵzalariniń birgelikli jumısı júdá zárúr faktor. Sonıń ushın jaslar menen bir qatarda ata-analar ortasinda hám ádep-ikramlılıq tárbiyaǵa tán bilimler tarqatıw kerek. Ádep-ikramlılıqqa tán sáwbetlerdi bir ayda bir ret ótkergen maqul. Hár bir sáwbetke 7-10 kún tayarlanadı. Sáwbet waqtı 40-45 minuttan aspawı kerek. Náwbettegi sáwbetge tayarlıq dáwirinde topar basshısı hámde mámlekettiń social turmısın júz berip

atırǵan waqıyalarǵa, oqıw materialınıń mazmunına, talabalardıń ádep-ikramlılıq ólshemine tán bilimleri dárejesine tiykarlanadı.

Ádep-ikramlılıq sanasın qáliplestiriw topar basshısı sáwbetler menen bir qatarda túsindiriw, leciya, úlgi sıyaqlılardan hám keń paydalanıladı. Áne usı processte ol basqarıwdıń ádep-ikramlılıq oylawın bahalay alıwǵa qaratılǵan jumıslarǵa olardı tartıwǵa ayrıqsha itibar beriwi tiyis. Ádette, talabalar doslarınıń, átiraptaǵi adamlardıń minezindegi jaqsı, jaman táreplerin bahalay alıwı, óz minezin de bahalawi biraz kesh kórine baslaydi.

Topar basshısı ádep-ikramlılıq tárbiyasın ámelge asırıwda hár bir talabanıń minezine, xarakter ózgesheliklerine ayrıqsha itibar berip barıwi kerek. Toparda pedagogikalıq qarawsiz qalǵan, tárbiyası qıyın balalar hám ushiraydi. Eger bul balalardıń minezi óz waqtında dúzetilmese, ol jámiyettegi ádep-ikramlılıq ólshemlerine unamsiz baǵdar payda etiwi múmkin. Sonıń ushın hám topar basshısı bunday jaslardıń minezlerindegi jaman táreplerin qánsha tez anıqlasa, onı dúzetiwge qánshelili tez aralassa, sonsha jaqsı nátiyjege erisedi.

Topar basshısı hár bir temanıń mazmunına kiretuǵın máselelerdi anıqlawda talabalarǵa járdem beredi.

Mısali : «Turmısta óz ornın tabiwdıń mánisin qanday anlaysız? » teması menen tiykar qılıp tómendegi máselelerdi alıw múmkin :

« Ómirde óz ornın tabiw» túsinigin qanday túsinesiz ?

Qanday ármandı gónergen dew múmkin ?

Baxıt hám turmıstan lázzetleniw, olar ortasında parıq barma ?

Shaxsiy erkinlikti qanday túsinesiz ?

Siziń ideyanız sıyaqlı máselelerdi usınıs qılıw múmkin. «Jasawdıń turmıstaǵi maqseti» temasına.

1. Turmıstiń «mazmunı» hám «maqseti» bir qiyli túsinikpe?

2. Turmısımız qoyǵan qádemimizge qánshelik hám qay tárepinen baylanıslı bolıwı múmkin ?

3. «Qanday jasaw kerek», «Ne ushın jasaw kerek», bul máselelerdiń hár birin qanday ańlaw kerek ?

4. «Jasawdin mazmunı» hám «Baxıt» túsinikleri ortasında óz-ara uqsaslıq barma ? Bolsa nede, sıyaqlı máseleler tiykar qilip alınıwı maqsetke muwapıq.

Tartısıw ushın usınıs etilip atırǵan bul temalar jaslardıń pikirin bánt qilatuǵın tiykarǵı temalar bolıp, olardan qaysi birin tanlaw, qanday uyımlastırıw topar oqıwshılarınıń iqtiyajına, jámáättegi keypiyat hám qızıǵıwına baylanıslı. Bul temalarǵa kiretuǵın máseleler hámmesi ádep-ikramlılıq, ruwxıylıq turmıs menen baylanıslı bolǵan bolıp, olar haqqında júritiletuǵın sóylesiwler járdeminde talabalar ádep-ikramlılıq bilimge jámiyettegi adamlar múnásibeti menen baylanıslı ólshem hám qaǵiydalarǵa tán túsiniklerge iye boladı, áste-aqırın olarda isenim hám qaraslar payda bolıp baradı.

Topar basshısı xizmetiniń *mazmunı*na kiretuǵın ádep-ikramlılıq tárbiyası tek joqarıdaǵılar menen ǵana sheshilip qalmaydı.Ádep-ikramlılıq tárbiyanı ámelge asırıw quramalı process bolıp, tiykarǵı itibar talabalarda ádep-ikramlılıq sana, sezim, túsinik, oylaw sıyaqlılar muwapıq ádep-ikramlılıq kónlikpe hám ádetlerdi qáliplestiriwge qaratılıwı kerek.

Estetikalıq tárbiya shaxstı kámal tartiriwǵa kompleks qatnastı támiyinleydi, ol ideyalıq-siyasiy, miynet hám ádep-ikramlılıq tárbiyani qamtıp aladı hám miynetke, átiraptaǵi adamlarǵa, social turmıs tárzine múnásibetler payda bolıwshı aktiv qarasına iye bolǵan, hár tárepleme uyǵın rawajlanǵan shaxstı tárbiyalap jetıstiriwge járdem beredi.

Estetikalıq tárbiya – shaxsqa onı estetikalıq rawajlandırıw, yaǵnıy dóretiwshilik aktiv shaxstı, tábiyat, miynet, social múnásibetlerindegi gózallıqtı estetikalıq ideal qarasınan qabıl etiwge hám bahalawǵa, sonıń menen birge estetikalıq xizmetke, waqiyalıqtı gózallıq nızamlarına kóre ózgerttiriw zárúrligin seziwge qábiletli bolǵan shaxstı payda etiw ushın anıq maqsetke baǵdarlanǵan, sistemalı tásir etiw.

Estetikalıq rawajlandırıw – bul shaxstıń estetikalıq sanası, múnásibetleri hám estetikalıq xizmeti payda bolıwı hámde rawajlanıwınnan ibarat uzaq dáwam etetuǵın process. Bul process jas hám social faktorlar menen belgilenetuǵın túrli basqısh hámde dárejelerge iye. Ol shaxstıń jámiyet estetikalıq mádeniyatin iyellep

alıwǵa baylanıslı bolıp, túrli jollar hámde formalar járdeminde ámelge asırıladı. tárbiya shaxstı estetikalıq rawajlandırıwdı ámelge asırıwda sheshiwshi rol oynaydı, ol jámiyet estetikalıq mádeniyatin túrli kórinislerde (ruwxıylıq hám materiallıq) sistemalı tárizde berip barılıwın támiyinleydi. Shaxstıń estetikalıq rawajlanıwı social-tarıyxıy, estetikalıq tájiriybeni dóretiwshilik ózlestiriw nátiyjesinde ámelge asırıladı.

Jámiyet hám ayırım shaxstıń estetikalıq mádeniyati túsinikleri bar. jámiyettiń estetikalıq mádeniyati degende adamzat pútin rawajlanıwı tarıyxı processinde toplanǵan materiallıq hám ruwxıylıq qádiriyatlar sintezi túsiniledi. Shaxs estetikalıq mádeniyattiń tiykarǵı quramalı bólekleri estetikalıq sana, zárurlikler hám múnásibetler, estetikalıq xizmet. Estetikalıq sana estetikalıq qabıl etiw, bilim, oylaw, baha, estetikalıq idealin qamtıp aladı.

Estetikalıq sana- bul social waqıyalıq, tábiyat, kórkem óner menen tikkeley sóylesiw processinde qáliplestuǵın ideyalar, teoriyalar, qaraslar, kórkem óner pikir ólshemleri, estetikalıq qabıl etiwdiń jıyındısı. Ol kórkemlik tálim hám estetikalıq tárbiya sistemasında rawajlanıp baradı.

Estetikalıq qızıǵıw – bul shaxstıń estetikalıq xizmetine, waqıyalıqtı hám kórkem óner shıǵarmaların estetikalıq tárepinen ózlestiriwge baǵdarlanǵan.

Estetikalıq sezim – bul estetikalıq buyım yaki qubılısqa baha beriw múnásibetin subektivlik bastan keshiriw. Ol usı obekt forması hám mazmunında yaki xizmet processinde ruwxıylıq lázzetleniwde yaki olardan seskeniwde sáwlelenedi.

Sonday qılıp, pútin estetikalıq mádeniyatti iyellew nátiyjesinde shaxstı estetikalıq rawajlandırıw, sonıń menen birge átirap dúńyani estetikalıq tárepinen ózgertiriwde qatnasıwǵa tayarlıǵı ámelge asırıladı.

Miynet tárbiyası – jas áwladta miynet qılıwǵa tayarlıqtı qáliplestiriw, demokratiyalıq jámiyet qurıwda ámeliy qatnasıwǵa umtılıw kónikpesin payda etiwdiń anıq maqsetke qaratılǵan processi, miynetke demokratiyalıq múnásibetin qáliplestiriw processi.

İnsan miynet processinde tábiyat nızamların ashar eken, olardan miynetti rawajlandırıw maqsetinde paydalanadı. Tábiyattiń tábiyǵıy kúshlerin jeńip, insan óziniń sanalı maqluq ekenligin tastıyıqlaydı, materiallıq hám ruwxıylıq baylıq jaratadı. Miynettiń jaratıwshılıq ózgesheligi, miynette maqsetke erisiw kiside qanaatlanıw, quwanısh sezimin oyatadı hám hár bir shaxsta qábiletlerdiń, dóretiwshilik talant hám dárejesiniń rawajlanıwına tásir etedi.

Miynet processinde kisiniń social sanası payda boladı, miynette kúshti hám jámáát kúsh-ǵayrati paydasın túsiniw, birlesiwge umtılıw sezimleri qáliplesedi. Miynet insan shaxsınıń psixikalıq hám ádep-ikramlılıq tárepinen qáliplesiwinde zárúr shárt sıpatında kórinedi.

Miynet tárbiyasınıń birinshi wazıypası miynetke psixologiyalıq hám ámeliy tárepinen tayarlıqtı tárbiyalaw. Hár bir jas adam miynet qılmastan, materiallıq baylıqlar islep shıǵarıw ulıwma processinde qatnasmastan jasay almaslıǵın anıq túsinip jetiwi kerek.

Miynet tárbiyasınıń ekinshi wazıypası- miynet xizmetiniń social sebeplerin payda etiw, úshinshi wazıypası jas áwladda miynet mádeniyatın, ayrıqsha hám jámááti miyneti ádetleri hám kónikpelerin payda qılıw, tórtinshi wazıypa-miynetke húrmet, onıń nátiyjelerine, social hám shaxsiy múlkke iqtiyatlıq menen múnásibette bolıw sezimin, materiallıq hám ruwxıylıq baylıqlar jaratıwshı kisilerge húrmetti tárbiyalawdan ibarat.

Besinshi wazıypa-sanalı ráwishte kásip tanlaw ushın hár bir kisiniń qábileti hám qızıǵıwların anıqlaw maqsetinde jas áwladta hár qıylı miynet túrine qızıǵıwdı asırıw.

Miynettiń social áhmiyetin túsingen kisi jaqsı orınlanǵan jumıstan quwanadı, jumısınan baxt tabadı, aktiv ráwishte jumısqa dóretiwshilik ruh kiritedi. Bunday ilhámlandiriwshi sebepler nátiyjesi miynet shaxstıń hár tárepleme rawajlanıw quralına aylanadi.

Jas áwladtiń miynet tárbiyası wazıypaların ámelge asırıw ushın tómendegi qurallardan paydalanıladi : miynet xizmeti, onıń túrleri, onı shólkemlestiriwdiń

ilimiy tiykarları menen tanıstırıw, jas áwladtiń miynet tárbiyası, jámiyettiń miynet turmısında tikkeley qatnasıw, qolınan keletuğın miynet túrlerin orınlaw.

Jaslarǵa kásip óner tálim beriw, islep shıǵarıwǵa uyımlastırılatuğın ekskursıyalar, jumıstaǵı aldınǵı kisiler menen bolatuğın ushırasıwlar processinde jámiyettiń miynet xizmeti menen, hár qıylı miynet túrleri, adamardiń zárurliklerın qandırıwda olardıń áhmiyeti menen, islep shıǵarıwdıń shólkemlestırıwdıń ilimiy tiykarları menen keń kólemde tanıstırıp barıladı. Bul jumıstıń tiykarǵı baǵdarı – jaslarǵa kásipke tán maǵlıwmat beriw bolıp, ol ekonomikalıq tárbiyaǵa tiykar saladı hámde usı region hám ulıwma xalıq xojalıǵı ushın ayrıqsha áhmiyetli kásiplerge baǵdarlaw ushın negiz jaratadı, orınlanıp atırǵan miynet xizmetinde, óz miynet *wazıypaların*a sanalı múnásibet payda qıladı.

Miynet tálimi jas áwladta miynet processlerin orınlaw kónikpesin rawajlandırıwǵa, miynet mádeniyatın qáliplestiriwge qaratılǵan.

Miynet tárbiyasınıń aytıp ótilgen *quralları* jaslardıń jas múmkinshiliklerin hám anıq islep shıǵarıw sharayatın esapqa alǵan xalda xalıq tálimi sistemasınıń hámme buwınlarında birgelikte paydalanadı.

Adamdı **uyǵın** rawajlandırıw hár tárepleme fizikalıq tárbiyalawdı kózde tutadı. Ol tálim-tárbiya mekemeleri, shańaraq, jámiytelik shólkemlemlerdiń birgeliktegi kúsh-ǵayratları menen ámelge asırıladı. Fizikalıq tárbiya salamatlıqtı jaqsılawǵa fizikalıq sıpatlardı rawajlandırıwǵa, jaslardı miynetke hám Watandı qorǵawǵa tayarlawǵa qaratılǵan.

«Dene tárbiya» túsinigi eń ulıwma esaplanadı. Ol xalıq mádeniyatınıń bir bólegi sıpatında qaraladı. Dene tárbiya jámiyettiń adamlardi fizikalıq tárepinen rawajlandırıw ushın toplanǵan, payda bolǵan hám paydalanılatuğın materiallıq hámde mádeniy qádiriyatlardıń jıyındısı.

Dene tárbiyanıń *mazmunı* tómendegilerden ibarat : 1) miynet hám turmıstaǵı kónikpelerdi (tártiplilik, kiyimlerdiń tazalıǵı, xanalardıń tazalıǵı) hám gigienalıq rejege tán ádetlerdi (xizmet hám dem alıwdıń aqılana tártibi, uyqı, awqatlanıw gigienası hám basqalar) di ; 2) tábiyattıń tábıyǵıy sharayatlarında

organızmdı shınıqtırıw (hawa, quyash hám suw) dı ; 3) fizikalıq shınıǵıwlardı óz ishine aladı.

Fizikalıq bárkámallıq – adamnıń tarıyxan shárt qılıp alınǵan uyǵın fizikalıq rawajlanıwı, salamatlıǵı, fizikalıq tayarlıǵı dárejesi bolıp, ol jámiyet talaplarına eń maqul tárizde mas keliwi kerek.

Fizikalıq rawajlanıw – adam organizmnıń payda bolıwı, onıń formaları hám qurallarınıń ózgeriwin sáwlelendiretuǵın biologiyalıq process. Tar mániste bul antropometrikalıq hám biometrikalıq kórsetkishler ; boyı, dene awırlıǵı, kókirek qápesi aylanası, ókpe siyimliǵi, qáddi-qámat hám basqalar. Fizikalıq rawajlanıw biologiyalıq turmıs nızamları – ortalıq hám organizmnıń birligi, muǵdar ózgerisleriń sıpat ózgerislerine sistemalı ráwishte ótiwge muwapıq tárizde ámelge asadı. Turmıs sharayatın, tiykarınan fizikalıq tárbiya metodların ózgertirip, organizmnıń funktsional múmkinshilikleri dárejesin asırıw, fizikalıq rawajlanıw kórsetkishlerin ózgertiriw múmkin.

Fizikalıq tárbiya degende jámiyet talaplarına muwapıq tárizde organizmdi hár tárepleme morfologiyalıq há funktsional rawajlandırıwǵa, fizikalıq sıpatlar (qábiletler) di rawajlandırıwǵa, háreket eplilikleri hám kónikpelerin qáliplestiriwge, dene tárbiya hám sport tarawındaǵı arnawlı bilimlerdi qáliplestiriwge qaratılǵan uyımlastırılǵan pedagogikalıq process túsiniledi.

Fizikalıq tárbiyanıń basqa túrleri menen óz-ara baylanısı, bir tárepten, tárbiya maqseti hám wazıypalarınıń biriligi menen, basqa tárepten, shaxs dúzilisi hám onıń rawajlanıwında biologiyalıq hám social nárselerdiń birligi menen belgilenedi. Fizikalıq tárbiya processinde sanası rawajlanıwına, ádep -ikramlıqqa muwapıq adamlar minez-hulqına aktiv tásir etiw múmkin.

Bekkem salamatlıq hám tolıq fizikalıq rawajlanıw ulıwma joqarı isshenlikti, turli qıylı wazıypalardı orınlawga tezde maslasıwın belgileydi. Fizikalıq shınıǵıwlar organizmnıń ósiwi hám rawajlanıwına, onıń funktsional múmkinshilikleri keńeyiwine tereń tásir kórsetedi. Fizikalıq hám aqlıy tárbiyanıń bekkem baylanısı keńisliktegi móljel alıwlardı rawajlandırıwda hám kórinedi. Ol

qoyılmaqta xizmet hár qıylı túrleriniń zárúr tárepi bolıp, tek kóriw organı arqalı ǵana emes, usı menen birge háreket organları hám basqa analizatorlar qatnasıwındaǵı fizikalıq shınıǵıwlar járdeminde aktiv ózlestiriledi.

Fizikalıq tárbiya miynet tárbiyası menen tıǵız baylanıslı. ulıwma shıdamlılıqtı rawajlandırıw-isshenlikti tárbiyalaw tiykarı. Fizikalıq shınıǵıwlar processinde háreket tájiriybesin toplaw, háreketler birligi, kúshti, shámalawdı hám basqa qábiletlerin rawajlandırıw miynet háreketlerin iyellewde óz tásirin kórsetedi.

Xalıq pedagogikasında ekologiyalıq tárbiya uǵımı qollanılmaǵan. Ol tilizmizge grektiń «Oikos» úy, turaq jay, watan, «Logos» ilim degen sózinen kirgen bolıp bizińshe insannıń ortalıq penen óz-ara qatnası degen mánisti ańlatadı. Sonlıqtan xalıq jaslarda ózin qorshap alǵan ortalıqqa, ana tábiyatqa unamlı múnásibetti tárbiyalaw uǵımın qollaǵan.

Xalqımız burınnan jerdiń de, suwdında, tábiyattıń da, qorshaǵan ortalıqtında qádirine jetken hám balalardı miynetke tikkeley qatnastırıw processinde olarǵa usı aǵla paziyletlerdi sińdiriwdi maqset etken. «Ana jer suw menen saqıy», «Jer ǵáziyne-suw gáwhar», «Suw keldi, nur keldi», «Jol jaǵalap qonba, kól jaǵalap qon» dep balalardı ortalıqtı, tábiyattı qorǵawǵa úyretken.

İslam dininde jer, suw, topıraq hám hawa kútá qásterlengen. Suwdı pataslaw, aǵashlardı sindiriw gúná esaplanǵan. Egin egiw aǵan kógertiw, sawap delingen.

Xalqımız jaslarǵa ana tábiyatqa, jasap turǵan ortalıqqa unamlı múnásibetti sińdiriwde islam táliymatina tiykarlanǵan.

Jaqın jıllarǵa shekem ekologiyalıq apatshılıqtıń tásirin sezbey biyǵam jasadıq. Endilikti Oraylıq Aziyada ekologiklıq apatshılıq payda boldı. Aral teńiziniń joq bolıw qáwpi tuwıldı. Jaslarǵa ekologiyalıq tárbiya beriw zárúriyati kelip shıqtı. Sonlıqtan ekologiyalıq mashqalalar Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń Konstituciyalavrınıń tiyisliginde 50 hám 48 statyalarına kiritilgen. Tábiyattı qorǵaw haqqında (1992) Nızam qabıl etildi, «Ekologiyalıq tálim-tárbiya kontsepciyası» islep shıǵıldı, xalıqaralıq «Ekosan» fondı dúzildi.

Respublikamizda ekologiyalıq bağdardağı klasslar, liceyler, qánigelikler hám kafedralar ashıldı.

Adam tábiyattiń bir bólegi ekenligi, janlı hám jansız tábiyat tuwralı bilimler aldı. Tábiyattı baqlaydı, gúller, ağashlar egedi, mektep qaysı qıytağında isleydi, quslardı kútedi, haywanlarğa qaraydı.

Ekologiyalıq tárbiyanıń wazıypaları mınalar menen belgilenedi:

1. Oqıwshılarğa ekologiyalıq bilim beriw

2.Ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriw, ózin qorshap alğan ortalıqtı, tábiyat baylıqların qádirlewge, olardı únemli paydalanıwğa, ısırapxorshılıqqa jol qoymawğa ádetlendiriw.

3.Tábiyat baylığın kóbeytiwge, ekologiyalıq jağdaydı jaqsılawğa qatnastırıw, ekologiyalıq qádiriyatlardi sińdiriw.

4.Qorshağan ortalıqqa, tábiyat baylıqlarına zıyan keltiriwshilerge qarsı gúres alıp barıwğa tárbiyalaw.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Konstruktsiya bul - … ?
2. Konstruktsiya basqıshları nelerden ibarat ?
3. Reje bul - …?
4. Tárbiyalıq basqıshların ótkeriwden maqset ne ?
5. Tárbiyalıq jumıslardıń maqseti qanday algoritim tıykarında belgilenedi?

## TEMA-4. Tárbiyalıq isler processinde topar basshısınıń pedagogikalıq sheberligi

Joba:

1. Topar basshisinin' xizmetinede pedagogikaliq sheberliktin' tutqan orni.
2. Pedagogikaliq texnikanin' qurami bolimleri.
3. Tarbiyaliq isler protsessinde o'z-ara mu'nasebetlerde so'zsiz qurallardin' a'hmiyeti.

**Tayanish tusınikleri.**

Topar basshısı, pedagogikalıq sheberlik, pedagogikalıq texnika hám onıń *mazmunı*, qurami, pedagofikalıq takt, qarım-qatnas *quralları*, topar basshısı hújjetleri, pedagogikali iskerlik.

Klass basshısı- jas awladtın tálim-tárbiya procesin shólkemlestiriwshi oqiwshilar jamaatin qaliplestiriwshi , rawajalandiriwshı mektep pedagogı.

Mektepte oqıwshılarǵa tárbiya klass basshısınıń isleri arqalı beriledi. Tiykarınan, ilajlar, har qıylı kesheler, ushırasıwlar, tańlawlar hám basqa oyınlar arqalı oqıwshılarǵa talim –tárbiya beriledi. Sogan qarap oqıwshılardin pikirlew qabıleti rawajlanıp baradı. Klass basshısı mektep administraciyasi hám máhalle jamááti, ata–analar menen birgelikte tárbiyalıq jumıslardı alıp baradı. Mektep administratsiyası klass basshısı hám onıń alıp baratırǵan jumısların barqulla qolap–quwatlawları tiyis. Klass basshısı óz oqıwshıların jaqsı biledi hám olardı tárbiyalaw ushın neler kerekligin esapqa alıp jumıs alıp baradı. Klass basshısı jumısı ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq isleri boyınsha, yagniy shólkemlestiriwshi direktorı orınbasarı basqarıp turadı.

Klass basshısının jumıs rejesin mektep direktori hám direktor orınbasarı dúzedi hám qadaǵalap baradı. Baslawısh klass mektep táliminin dáslepki basqıshı balalar oqıtıwshı basshılıgında talimdi birinshi qádem qoyadı. Oqıw xizmetinde bilim, konıkpe hám epliliklerin iyeleydi. Oqıtıwshı klass menen kóbinshe jalgız isleydi hám tárbiyashi sıpatında jumıs juritedi. Oqıtıwshılıq balalarga bolgan munasibette, úlken miyirbanlıgı menen gamxorlıgı xarakterlenedi. Bular ulken talapshanlıq menen alıp bariladi. Oqıwshılar menen bolatugin óz–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyıw hámde oqıwshılardin osiwi hám rawajlanıwına qarap olardı qayta quriw ozgesheligi hám klass basshısı ushın zarurli ahmiyetke iye. Oqıtıwshılar tarepinen oqıwshılarga qoyilatugin pedagogikalıq talaplar beriwge erisedi, ata–analar, kuni uzaytırılgan topar tárbiyashıları jamáátshilik menen barqulla baylanısta bolıp turadı. Zarur bolgan waqıtta oqıwda oqıwshılarga jardem korsetiwdi sholkemlestiredi. Klass basshısı qilatugin jumısları hujjetlerin alıp baradı hám onı mektep adminiyatratsiyasina usınıs qiladi.

Oqıwshılar salmamatligin bekkemlewge tan jumıslarda ótkeredi hám fizikalıq hámde aqılıy miynet qılıwga uyretip bariladi. Klass jamaatin sholkemletsiriwde, klass majılisin shólkemlestiriwde klass basshısının roli ulken esaplanadı. Klass ma*jıl*isi ótkeriw ushın en aldi menen jamaati birlestiredi. Klass basshısı ma*jıl*iste koplep maseleler koredi. Klass ma*jıl*isinde 3-4 maseleler korilip *Mashqalalı* tareplerini talıqlanadi hám oz sheshimin tabiw kerek boladı.

Klass basshısı ma*jıl*is otkeriwi dawamında jaqsı oqiytugin balalardı klassta, yagniy jamaat ishinde xoshámetlewi kerek. Balalar bir–birine doslıq munsibette boladı. Olardı bir–birine umtilip, jaqsı oqiy baslawga umtiladi. Jaman oqiytugin balalar hám jaqsı oqiytugin balalarga umtilip, olar hám jaqsı oqıwga umtiladi. Bul kitapxanadagi kitaplardi oqıwshılar klasstan tıs oqıw waqtında yaki sabaqtan son bos qalgan waqıtlarda oqıp ozlerine paydali tareplerin alıwı mumkin. Biziń jas awlad xalqimizdin revolyutsiyalıq, miynet jawinger dasturlerin ozlestirip, ozine ulken awladtin en jaqsı paziyletlerin ideyalıq isenim hám matanatin, Watanga muhabbatin onın ekonomikalıq–siyasiy va jawinger qudretin bekkemlewge qatansiwga umtiliwin sindirip gana qalmay oz babaları hám ataları jumısın dawam ettirip hám kobeytirip aladı. Shanaraq hám jamiyettin bir bolegi esaplanadı. Shanaraqta bala tárbiyasın jolga qoyıw ushın juda ulken ahmiyetke iye. Shanaraq basqa tárbiyalıq mekemelerden pariqli rawishte adamnin putin turmısi dawamında onın barshe tareplerine qirlarına tasir korsetiwge qadir hám adette tasir korsetedi. Shanaraq tárbiya wazıypasının bul ulken ornın onın ulken ideologiyalıq hám psixologiyalıq tasir korsetiwinin teren ozine tanligi menen uyginlasip ketedi.

Ata–analar menen jumıs formaları adette klass basshısı oz shaxsiy ózgesheliklerin tajiriybesin oqıwshılardin shanaraqlarında payda bolgan ozine tan ózgesheliklerin, ata–anaları bilim hám tajiriybesin, balalardı tárbiyalawda joqarıda korsetip otilgen qáteler hám qıyınshiiqlarının minez–qulıq ózgesheliklerin mektep pedagoglar jamáátinde ortalıqtı ata–analar menen jumıs alıp barıwda júzege kelgen dásturleri hám basqalardı esaptan alıp belgileydi. Ata–analarga pedagogikalıq bilim beriwdi ámelge asırıwda tek bilim berip

qalmastan, olardı tárbiya salasindagi ameliy bilim hám knoikpeler menen qurallantiriw, olardın pedagogikalıq xizmetin oyatıw mustaqil shuqillaniwga undew, maqsetke muwapıq shanaraq ishki munsibetlerin jolga qoyıw juda zarur. Ata–analar jiynalisları ata–analar menen jumıs alıp barıwdin dasturiy payda bolgan forması. Sheshilip atırgan anıq wazıypalarga baylanıslı halda klass jiynalisların sholkemleskenlik, juwmaqlawshi sherek jiynalisların temaga tan jiynalis bahis, jiynalis praktikum, ata–analardı ulıwma tálimi boyınsha klass rejesine kore jiynalis sıyaqlı jiynalislar bolıwı kerek. Sholkemlestiriwshilik jiynalislarında ata–analar komiteti saylanadi, jumıs rejesi tasdiyqlanadi. Mikrorayonda pedagogikalıq klimat ornatiw juzesinen ilajlar islep shigadi, jamaat tapsirmaları bolistiriledi hám turli jumıs bagdarlarına tan isbilermen ata–analar toparları duziledi, ata–analar qatnasıwinda ulıwma mektep ilajların otkeriw rejesi muwapıqlastiriladi. Sherektegi juwmaqlawshi klass ma*jıl*isleri ata–analarımizdin itibarin oqıwshılardin bilimge tan qızığıwları, qabıletin, adep ikramlılıq erklilik paziyletlerin rawajlandırıwdagi tabislar, kemshilikleri, paydalanilmagan mumkinshilikler qaratiw maqsetin kozde tutadi. Bir temaga arnalgan jiynalisları tárbiyanin en aktual mashqalaları juzesinen otkeriledi, olarda ata–analar komiteti hám klass basshısının oqıwshılardi ol yaki bul tarawdagi tárbiyalanganlıq dárejesi tuwrısında toplangan materiallardan paydalanıladı.

Jıynalıs–munazaralar ata –analar itibarin tárbiyanin bir mashqalasına tartıw maqsetinde ótkeriledi. Bunday majlislerdi ata–analar komiteti agzalarında ata–analardın bir bolegi oz wazıypalarına, mektep xarakteristikalarına nadurıs munsibette bolıp atırganın ata–analardın bir bólegi tayarlıq keypiyatinda ekenligi haqqında maglıwmatlar bolgan tağdirde ótkeriw usınıs etiledi. Jıynalıs–praktikum, ata–analardıń tárbiyalıq processlerde qatansıwın aktivlestiriw oğan maqsetke bağdarlanbağan tu's bağishlaw maqsetinde ótkeriledi. Ata–analardıń klasstağI' ulıwma oqıw rejesine kóre majilisler aldınan belgilengen reje, belgili sistemağa muwapıq ata–analarğa pedagogikalıq bilim beriwdiń forması esaplanladı.

Jeke tártiptegi pedagogikalıq sáwbet – klass basshısınıń oqıwshılar ata–analar menen alıp baratugın jumısınıń keń tarqalǵan, qolay hám natiyjeli forması esaplanadı. Sawbet jardeminde payda bolǵan maselelerdi tez sheshiw, ata–analar isenimli munasibetler ornatıw, shanaraqlıq tárbiya sharayatları haqqında qosımsha maǵliwmatlar tartiptegi rawajlanıwı dasturin hám birgeliktegi pedagogikalıq hareketler sistemasın islep shıǵıw ata–analardın tárbiyalıq tasir korsetiwlerin hám tárbiyası qıyın balalar minezin duzetiw hám oqıwshılar ortasindagi munsibetlerde payda bolatugin kelispewshiliklerdi sheshiw sıyaqlı ken kolemdegi talim tárbiyasının *wazıypaları* sheshiledi. Tárbiyalıq tasir korsetiw natiyjelegin kop tarepinen oqıtıwshılar hám ata–analardın muwapıq hareketleri menen belgileniwin nazerde tutip, balanin ozine tan psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıw, onın minez–qulqindagi en kishi shetke shıǵıwlarga hám oz waqtında itibar beriwi kerek, bunda klass basshısı ata–analarının isenimli munsibetler ornatiw, oqıwshılar shanaraqlıq tárbiya sharayatları haqqında qosmsha magliwmatlar alıw, ata–analardın isenimli oz–ara munasibetlerin uyretgende gana erisiledi, bunday munasibetler uyretiw hám terenlestiriw ushın jeke tartiptegi sawbetlerde paydalaniw juda zarur. Hár bir ata–ana oz perzentin jaqsı koredi, sonın ushın olar oz perzentinende payda bolgan jana, social tareplerin bekkemlew ushın birgeliktegi hareketleri haqqında maslahatlesiwi zarur dep esaplaytugin klass basshına húrmet hám isenim menen qaraydı. Klass basshıları ata–analar menen birgelikte tárbiyalıq izertlewler magliwmatların itibarga alıwları hám zarur. Olarǵa muwapıq osip kelatırgan kisi shaxsiy qalıplestiriwge shanaraqtin qosatugin ulesi turli jas basqıshlarında turlishe bolga hám tolıq sıyaqlı ozgeredi.

Bunday bilimlerdin joqligin shanaraqlıq tárbiyada koplep qátelerge alıp keledi. Klass basshısı ata–analar menen islesiwde bunı esapqa almay ilaji joq. Bul tarepinen ata–analardın balalardı tárbiyalawdagi tómendegi qıyınshılıqların hám qátelerin ajıratıp korsetiw mumkin.

1. Ata–analardın balalar menen qarım–qatnasının jetıspesligi. Olar ozleri, isleri haqqında az aytip beredi.

Mektep balaları jamaatinin turmısi, oz balasinin qızığıwları. Onın jamaat isleri menen jumısqa munasibeti hám basqalar menen az qızigadi.

2. Balalardı miynet processlerin tartiw argali olardın miynet tárbiyasın sholkemlestire bilmeslik.

3. Ata–analar turmısta jaman *mısal*lardi barligin mekteptin pedagogikalıq kush–gayratin joqqa shigaradi.

4. Ata–analar tárbiyalıq tasirdi izbe –iz emesligin andawsanda oqıtıwdi tekseriw, bir unamsiz jumıs ushın tazalaw adep–ikramlılıq immunitet payda bolıwına jardem bermeydi.

5. Shańaraqlıq tárbiyanin tiykari sıpatında taqiqlawlar sisteması, social ulgi tıykarında tárbiyalay bilmeslik, bala turmısın har dayim tuwri qatti–hareketin shinigiw qilatugin tarizde sholkemlestire almaslıq natiyjesi.

6. Háreketlerdiń mektep menen muwapıqlastirilmaganligi yaki ol menen kelispewshilikleri.

7. Ayırım ata–analardın balalar ulkeyip barıwı menen tárbiyalıq aktivligin paseytirip jiberiwleri, bul balalardın ata–analardan uzaqlasiwina, mektepke qızığıwı paseyiwine alıp keledi.

8. Qararlar qabıl qılıwda keshıǵıw. Bala ulken bolgannan keyin aqli kirib, duzeledi deb oylap ozin aqlamaydı, kobinshe qayta tárbiyalawdı talap etetugin pedagogikalıq tarepinen qarawsizlıq halatina alıp keledi.

Pedagogikalıq leciya pedagogikalıq bilim beriwdin en zarur formalarınan biri. Keyingi waqıtlarda ata–analarga pedagogikalıq bilim beriw ken orın iyelep, analarga pedagogikalıq bilim beriw karxanalarındaga, klublar, madeniyat uyleri qasindagi turar jaylardagi hám ata–analar pedagogika universitetleri arqalı turli formalarda amelge asırıladı.

*Ashıq* esikler kuni yaki ata–analar kuni, adette mektep kanikulları waqtında otkeriledi. Olardı shólkemlestiriw forması har turli bolıwı mumkin. Bul payda bolgan dasturlerge hám klass basshısı doretiwshiligine baylanıslı. Shanaraqtin joqarı tárbiyalıq mumkinshiligi balalar hám ata–analardın ozine tan

ózgeshelikleri qanwqarindasligi, muhabbati, jaqınligi, isenimi, burish sezimi abroyliligi menen tamiyinlenedi. oz perzentinin barshe tomen hám kushli tareplerin jorgek waqtınan biletugin, olardın qalbindegi en kishi hareketin hám sezetugin hám tusınetugin ogan tasir etiwdi biletugin anadan hám atadan jaqsıraq kim hám ezgullikka, miynetsuyiwshilikke, doslıqqa, biradarlıqqa, muhabbatqa uyrete baradı.

Juwmaqlap aytatuğın bolsaq, klass basshısı har dayim oqıwshılardan xabardar bolıp turiwi kerek. *Mısal*i, bir oqıwshınin ozlestiriwi jaman bolsa, onı jaqsılaw ushın oqıtıwshı birinshi orında ata–anasi menen ushirasip, soraw kerek. Nege jaqsı oqimay atırsan, ne ushın sabaqlardi oz waqtında qilmaydı, solar haqqında ata–anasi menen sawbet alıp barıw kerek. Eger balanin shanaraginda hámme sharayat bolıp, bala oz jaqsı oqıwin qalese, ozi oylagan natiyjege erise almaytugin bolsa, oqıtıwshı balanin jaqsı oqiytugin dostinin janina otirgizip qoyıw kerek. Bunnan tıs usıga uqsagan passiv oqıwshılardi toplap har *qıylı* panlerden, *mısal*i, ana tili, oqıw hám basqalardan qosmsha sabaqlardi sholkemlestirip, balalardı oqıwga bolgan talabin, qızığıwin janede asırıwga oqıtıwshı hareket qılıw kerek. Oqıtıwshı oqıwshılardin ata–anaları menen aktiv islew kerek. Mektepte klassta bolıp atırgan jumıslardan ata–analar hám xabar tawip, qiynalgan waqtında joldas bolıwı kerek. Bunın ushın ata–analar menen oqıtıwshınin ortasinda baylanıstirip turiwshi baylanıs dartershesin tutiwi hám onı barqulla qaldirmasdan juritip turiwi kerek.

1. Házirgi zaman pedagogika pani aldında turgan zarur mashqalalardan biri oqıtıwshı hám pedagogika miynet sharayati mashqalası esaplanadı. Oqıtıwshıda barshe pedagogikalıq ideyalar bar bolıp, onın xizmeti arqalı bul pedagogikalıq ideyalar amelge asırıladı hám turmıstqa engiziledi. Oqıtıwshınıń kop qirli hám quramalı xizmetinde jas awladti adepli, itibarli qilip tárbiyalaw, olardı ilimiy bilimler menen qurallantiriw sıyaqlı wazıypalar jatadi. Bulardi amelge asırıw oqıtıwshınin har *qıylı* xizmetine balynaisli : balalardı oqıtıw, mektepte hám klasstan tıs jumıslardı sholkemtire biliw, otkeriw, ata–analar ortasinda pedagogikalıq tarqatiw jumısların alıp barıw hám basqa. Bulardi

hámmesi oqıtıwshılardan teren bilimlerge iye bolıwın, oz tarawin, balalardı suyiwdi talap etedi.

Respublikamiz gárezsizligi dagazalangan sane xalqimiz turmısında ulli waqiyalardan esaplanadı. Endi xalqimiz ozinin bay tarixi, madeniyati, urip–adetlerin uyreniwi, ken jayiw, ozligin taniw mumkinshiligine iye boladı. Bul waqiyadan son kop sanli oqıtıwshılar jamaatleri aldına watan rawajlanıwı ushın harmay–talmay xizmet qila alatugin, ulli watan jollarında oz janin hám ayamaytugin jaslardi tárbiyalaw wazıypası qoyiladi. Bul wazıypa joqarı talim kontseptsiyasinda ayrıqsha aytiladi. Sonıń ushın bunday ulken wazıypani amelge asırıwda klass basshısı hám ozinin ulken ulesin qosadi. Klass basshısının tiykargi *wazıypalarınnan* biri bizin keleshegimiz bolgan jas awladti tuwri, insanparwarlıq ruwxinda tárbiyalawdan ibarat. Tárbiya processinde oqıtıwshı hám klass basshısı bir–birin tusınik kerek hám klass basshısı oqıtıwshılarga itibarli bolıwı kerek. Klass basshısı jumısın mektep administratsiyasi menen birgelikte hám mahalle jamaati menen birgelikte tárbiyalıq jeumislardi alıp baradı. Mektep administratsiyasi klass basshısı hám ol alıp baratırgan jumıslar qollap–quwatlaw tiyis. Klass basshısı oz oqıtıwshıların jaqsı biledi hám olardı tárbiyalaw ushın ne qılıw kerekligin esapqa alıp jumıs alıp baradı. Klass basshısı jumısın ruwxıylıq isleri boyınsha direktor orınbasari basqaradi. Klass basshısının jumıs rejesin mektep direktori hám ruwxıylıq hám agartiwshilıq isleri boyınsha direktor orınbasaları duzedi hám basqaradi. Baslawish klasslarda mekteptin daslepki basqıshında balalar oqıtıwshı basshılıginda bilimge birinshi qadem qoyadi.

Oqıw xizmetinde bilim hám konlikpeni iyeleydi. Oqıtıwshı klass jamaati menen isleydi hám kobinshe tárbiyashi sıpatında jumıs juritedi. Oqıtıwshılardin balalarga bolgan munasiybeti ulken miyirbanlıq hám gamxorligi menen xarakterlenedi. Bul da oqıtıwshıdan talapshanlıqtı talap etedi. Oqıtıwshılar menen bolatugin oz–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyıw, oqıwshılardi osiwi hám rawajlanıwına tuwri jolga qoyıw, oqıwshılardin osiwi hám rawajlanıwına qarap olardı qayta quriw ozgesheligi hám klass basshısı ushın zarur ahmiyetke iye. Mektep ustavinda klass basshısının tiykargi *wazıypaları* belgilep berilgen. Klass

basshısı barshe oqıtıwshılar menen birgelikte baylanısta bolıp, ozinin klassi menen tárbiyalıq islerdi alıp baradı. Oqıtıwshılar tarepinen oqıwshılarga qoyilatugin pedagogikalıq talaplar birligine erisedi. Ata–analar,kuni uzaytirilgan topar tárbiyashilar, jamaatshilik menen barqulla baylanısta bolıp turadi. Zarur bolgan waqıtta jardem korsetiw sholkemlestiriledi. Klassta belgilengen hujjetlerdi alıp baradı hám onı mektep administratsiyasina usınıs etedi. Oqıtıwshılar salamatligin bekkemlewge tan jumıslardı otkeredi hám miynet qılıwga uyretedi. Klass basshısı jumısının ozine tan ózgeshelikleri sonnan ibarat, ol apiwayi balalar jamaatin emes, balki oqıwshılar jamaatin qalıplestiredi. Sonın ushın klass basshısı daslep balalardın oqıwga qanday munsibette ekenliklerin, ozlerin qanday tutiwları oz *wazıypaların* jani menen orınlawları yaki orınlamawların anıqlaydi,aqirinda olardın oqıwdagi moljelleri nelerden ibarat. Bul moljeller social manige iye yaki iye emesligi esaplanadı. Pedagog klass penen islewdin daslepki basqıshında turli jagdaylarga dus keliwi mumkin.

Klass basshısının rawajlanıwının anıqlangan dárejesine qarap tárbiya usılların dárejesine qarap tárbiya usılların tanlaydi. Bunda oqıtıwshılardin jas ózgesheliklerin esapqa alıw qosmsha shart esaplanadı. Pedagog shaxsın har tarepleme jetik kamal taptiriwda ulken rol` oynaydi. Aqılıy tárbiya shaxstı har tarepleme rawajlandırıwda ulken rol` oynaydi. Oqıtıwshı adep–ikramlılıq tárbiyashinin wazıypası hám mzamunin oqitwshilardan ekologiyalıq sana hám madeniyatin qalıplestiredi.

2. Oqıtıwshılıq kasibine usı tiiykarinan klass basshısı kasbine tan bolgan zarurli paziyletlerden biri – balalardı suyiwi, olardın sezimi menen *qızığıw*i, har bir shaxstı hurmet qılıwdan ibarat. Balani suygen putin kush hám bilimin balalardın keleshegi ulli watanga sadiq puqara qilip tárbiyalawga safarbar qila alatugin adamgana haqıyqıy oqıtıwshı bola aladı. Balana biypariq, onın keleshegi menen qıziqmaytugin, oqıtıwshılıq kasibine biyparwa adam haqıyqıy oqıtıwshı bola almaydı.

«Baslawish talim kontseptsiyasi» da baslawish klass oqıtıwshısi korınisi tariyplenedi : «… en zaruri balalarda oqıw, uyreniwge shin hawes, *qızığıw*

oyatıwshi, isenim payda qılıwshi ustaz sıpatında ayrıqsha orın tutadi; hám jane usı kontseptsiyadan baslawish klass oqıtıwshısi paziyletlerge qosmsha keltiriledi. Oqıtıwshı : «… ozbekstan keleshegi ulli mamleket ekenine isenetugin milliy maqtanishi bolıwı;

– balalardı xalıq pedagogikasi durdanaları hámde milliy qadiriyatlarmiz tıykarında tárbiyalay alıwı ;

– tili rawan, xalıq tili bayligi, korkem usıli hám suwret qualların adebiy til metodıkası hám olshemin tolıq iyellegen bolıwı» zarur.

Oqıtıwshılıq kasibine tan bolgan bunday paziletlerdi ondagi pedagogikalıq adep klass bsshisinin kasiplik paziyleti. Ol oqıtıwshınin sawatli boilwina, oz sezimin basqara alıwına, balalarga pedagogikalıq tasir otkeriw qural hám olshemlerin belgilew, anıqlawda jardem beretugin paziylet esaplanadı. Joqarı pedagogikalıq adepke iye bolgan klass basshı gana klassta psixologiyalıq klimat ornata aladı, balalar qalbine tez jol tawa aladı. oz xizmeti ozgesheligine kore klass basshısı sholkemletiriwshilik paziyletge hám iye bolıwı tiyis. Bunın ushın oqıtıwshı isbilermenlik hám shólkemlestiriwshilik qabıletine iye bolıp barqulla tetik, gayratli, oz kushi hám mumkinshiligine isengen bolıwı tiyis. Isbilermen hám gayratli klass basshısı balalardı oz arqasinan jurgize aladı, oqıwshılar ogan iyeredi. Oqitiwshilıq kasibi juda ulken ruwxıy hám fizikalıq kush talap etedi, sonın ushın oqıtıwshınin salamatligi hám malim talaplar qoyiladi. Oqıtıwshınin dawis nayshaları rawajlangan, koriw qabıleti jaqsı bolıwı kerek. Uzaq tik tura alıwı, juriwi, epshillik sıyaqlı paziyletlerge iye bolmagi tiyis.

Ózbekistan Respublikası joqarı talim konceptsiyasina qanige waziypaları tómendegishe belgilengen : «… qánige oz xizmetin tarawınan qatiy nazer, dóretiwshilik jamaatlerde isley alıw qabıletine, menejment hám marketing tarawlarında tayarlıqqa iye bolıwı, jana texnologiyalardi engiziwdin xojalıq social hám madeniy tareplerin anıq oylawi kerek». Usı pikirler oqıtıwshılarga hám jana sheber klass basshıligina hám tikkeley tiyisli. Jamiyetimizde juz berip atırgan tup ózgerisler, bazar qatnasıqlarına kirib barıwimiz oqıtıwshılar tek gana kásiplik bilimlerin emes, balki ekonomikalıq yuridikalıq, texnikalıq bilimlerinen xabardar

bolıwın taqaza qilmaqta. Bul orında baslawish klass oqıtıwshıları, klass basshılarınin xizmeti ulken.

3.Baslawish klasslar jamáátin birlestiriwshi faktorlarınan biri tárbiya *mazmunı*. Mamleketlik talim standarti tıykarında belgilengen panlerdin *mazmunı* oqıwshılardin ruwxıylıq– adep–ikramlılıq tárbiyası menen birge jamaatke tan bolgan joldaslıq, doslıq, birge islesiw, adalatparwarlıq mehru shavkat sıyaqlı paziyletlerin uyginligi birlesedi. Usı arqalı mamleketimiz sabaqlarıqların jana awladti duziw kontseptsiyana itibar qaratadi hámde talim *mazmunı*n milliy garesizlik ideyasi tiykargi printsipleri menen bayitiwga itibar kusheyedi. Klass basshısı jumısında oqıwshılar jamaatin qalıplestiriw oraylıq wazıypa esaplanadı. Jamaat tajin tárbiyalaw kommunistiklıq tárbiya–jetekshi printsipi. Tárbiya metodların tanlawda olardın jamaatte rawajlanıwı dárejesine masligi tabisinin zarurli sharti esaplanadı. Oqıtıwshılar jamaatin bekkemlewshi oqıwshı xizmetin hareketlendiriwshi zarur dereklerinen paydalaniw *metodıkası*. Sabaqlıqtagi tekstlerdi hám xarakter ozgesheligine kore oqıwshılar jamaatin bekkemlewshi tekstlerge jandagi tekstlerdi tanlaw tárbiyalaw tárbiyalıq ilajlardi jamaatti bekkemlew menen otkeriw. Klass ma*jıl*isi har klass ushın ayrıqsha klass basshıligi baslıginda otkeriledi. Klass ma*jıl*isinde koriletugin maseleler klass aktivleri menen birgelikte kelisip orınlanadi. Klass ma*jıl*isinde tiykargi tema tárbiyası qaratilganligi ushın tárbiyashi tan bolgan maqalalar, ertek–tekslenr, qosiqlar tıykarında bayan etiledi.

4. Házirgi zaman oqıtıwshınıń tiykargi paziyletlerinen biri óz kásibine sadaqatlılıgı, ideyalıq isenimine, oz kasibin suyiwi, bul kasipke bolgan sheksiz sadaqat oqıtıwshına basqa kasip iyelerinen ajratip turadi. Mektepte talim–tárbiya jumısınin joqarı saviyada oqıtıwshıga, onın kasiplik tayarligina baylanıslı. Klass basshısı shaxsına qoyilatugin zarur talaplarınan biri klass basshısınin oz jumısın jaqsı biliwi. Onın *metodıkası*n puxta ozlestirgen bolıwı zarur. Sonı tuwri shólkemlestiriw hám onı balalar menen tusınikli, qiziqli hám juwapkerli sezgen halda alıp barıw kerek. Oqıwshılar oqıtıwshı bilitin balalarga jetkere alıp qadirlep gana qalmay, balki onın usı predmetke bolgan *qızığıw*in, onın pidayiligin hám

qadirleydi, tagdirlaydi. Klass basshısının joqarı madeniyati, onın teren bilim ortaligi ( ayrıqsha , ozbekstan garezsizlikke eriskennen son xalqimizdin oz tariyxin, madeniyatin, urip–adetin uyreniwge, biliwge bolgan qızıǵıwi artip baratırgan dawirde) talim–tárbiya jumısların tabıslı keshiwine jardem beredi. hazirgi zaman oqitwshisi ayrıqsha klass basshısı milliy qadiriyatlarımizdi bilim gana qalmay, onı ken ata–analar jamaatshiligi ishinde, klassta atashin tarqatiwshi hám bolıwı kerek.

Oqıtıwshılıq kasibi juda ulken hám ruwxıy hám fiizkalıq kush talap etedi. Sonın ushın oqıtıwshınin ayrıqsha klass basshısının salamatligina hám malim talaplar qoyiladi. Oqıtıwshı shaxsına qoyilatugin ulıwma talaplar menen baslawish klass oqıtıwshınin kasibin ozine tanligi ayırım spetsifikalıq talaplardi keltirip shigaradi. Baslawish klass oqıtıwshısi anatomiya, fiziologiya, mektep gigienasi panlerinen xabardar bolıwı, oqıwshılar xizmetin usı panler usınısi tıykarında shólkemlestiriwi tiyis (klass gigienalıq talapga juwap beriwi, oqıwshılar rejimi, olardın qoyılmaqta hám fizikalıq rawajlanıwın baqlawi hám tuwri bagdarlaw) ; oqıtıwshı oz tilin basqarıwi, adbiy til normalarına amel qılıwi, dawisin balent tasligine ahmiyet yuberiwi, tilinin janli, korkemli boilwina itibar beriwi, balalardı sharshatip qoymaslıq maqsetinde jumıs turlerin tez–tez ozgertire alıwı, ata–analar ortasinda pedagogikalıq bilimlerin tarqatiw, olar menen jaqınan baylnais ornata alıwı (bul xizmeti turi baslawish klass oqıtıwshıların, fizikalıq xizmetin) uyreniwge jardem beredi hám olarga tárbiyalıq tasir otkeriwge jardemlesiwi kerek.

Aqirinda ol oz ustinde tinmay islewi tiyis. Ayrıqsha qadiriyatlarımizdi uyreniwge, ozligimizdi biliwge iqtiyaj ulken bolmaqta, bul narselerdi bilmey *turıp* garezsizligimizdi bekkemlep, ulli mamleket qurip bolmaydı. Sonday eken, baslawish klasstan baslap balalar shigis tárbiya tasirin alıwı, oz qadiriyatların biliwi tiyis. Bul oqıtıwshıdan, klass basshısınan teren bilimli bolıwın talap etedi.

5. Rabbim – pan, paygambarim bilimdir .

(Abduraif Fitrat).

Ustazlıq – bul keleshek ushın miyras qilip qaldirilatugin baylıq. Bul baylıqtın qadir–qiymati sonday ulli, od adamdi ruwxıylıq tarepinen bay qilip, qalbin baxitqa ilahiy nurga toldiradi.

«Ustaz» sozine berilgen tariypke itibar berin, onın *mazmunı* sonday bay : Ustaz – belgili pan, bilim qaytalanmaytugin alim, pedagog qanige, oz bagdari boyınsha barshe janalıqlardan xabardar, turmısta oz ornın tawgan orni, salahiyati hám mektebine iye, alim fuzalo, aqil kamil ornek bolatugin ozinin aldıngi tajiriyesine iye hám keleshekti ilimiy oylaytugin, ilimiy, bilimli, hámme tarepinen tan alingan maslahatgoy insane. Duńyada bir kimsa joq, onın ustazi bolmasa. Ol hukimet baslıgi, ulli alim, wazir yaki ziyrik doktor, xalıq mehirin qazangan jaziwshi yaki qoli gul onerment, qaran barshe–barshenin oz ustazi hám turmısın jaqti qilip turiwshi jolbasshısı boladı. Siz ozinizdi ustazlıq baxit iyesi esaplasanız, tómendegilerdi unitmaslıq kerek.

– «Ózbekistan keleshegi ulli mamleket» ideyasi sizin har kungi xizmetiniz ushın dasturulamol bolsin hám usı ulli xalıq hám mamleketge munasip shakirtler tayarlan.

Ustazdin en ulli burishi–xalıqqa paydasi tiyetugin aqilli, qabıletli oqıwshı shakirtler tayarlawdan ibarat. Ustaz jaqsı shakirt tayarlaw ushın en aldi menen onın ozi ruwxıylıq tarepinen jetilisken, pikirlew tarizi bay, duńya qarasi salamat, oz jurti hám xalqinin ideyasi hám aldıngi ideyanin ba tareptari bolıwı kerek.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Pedagogikalıq sheberlik bul ne ?
2. Topar basshısınıń jumıs barısında tiykarinan qanday hújjetler bolıwı kerek?
3. Pedagogikalıq texnika *mazmunı* nelerden ibarat?
4. Pedagogikalıq texnikanıń quram bólimleri qanday?
5. Topar basshısınıń pedagogikalıq iskerligi hám sheberligi nelerde kórinedi?

## TEMA-5. Tárbiya procesinde qarım-qatnastiń tutqan ornı

Joba:

1. Oqitiwshinin' oqiwshilar menen qarim-qatnasinin' a'hmiyeti.
2. Oqitiwshi qarim-qatnas sub'ekti sipatinda.
3. Oqitiwshi xizmetinde qarim-qatnastin' a'hmiyeti.

**Tayanish túsinikleri.**

Oqıtıwshı menen oqıwshı arasindaǵı óz-ara qarımi-qatnas, qarım-qatnas mádenyati,túrleri, kommunikatsiyalıq qarım-qatnas, liberal stil, avtoritar stil, demokratik stil, stereotipizatsiya.

Oqıtıwshınıń sabaq processinde hár bir oqıwshıǵa tásir kórsetiwi ushın qolay imkaniyati bar. Oqıw xizmetınıń baslaniw processinde balanıń úlkenler hám teńqurları menen bolatuǵın múnásebetleri jańasha tús ala baslaydi. "Bala- Úlken" múnásebeti "bala- ata-ana" múnásebetinen tısqarıda júzege keledi. Sonıń ushın oqıtıwshı balaǵa ata-anaǵa qarata kóbirek ráwishte normativ talaplar qoyadi. Birinshi márte mektepke kelgen bala ele ózin tolıq ańlawi hám óz háreketlerin anıq biliwi qıyın.

Baslanǵısh klasta oqıwshılar oqıtıwshı tárepinen qoyilatuǵın jańa sharayatlardi qabıl etedi hám olardıń qaǵiyadalarına tolıq ámel qılıwǵa háreket etedi. Bala ushın oqıtıwshı onıń psixologiyaliq jag'dayin belgilep beriwshi tiykarǵı figura esaplanip, bul jag'day onıń tek klasindagı, bálki ulıwma teńlesleri menen bolatuǵın múnásebetine, bul múnásebet ese óz- ózinen shańaraǵindaǵı múnásebetlerge de tásir kórsetedi. Sondayaq, bul múnásebetler onıń oqıw xizmeti jetıskenliginde belgilep beredi.

Oqıtıwshınıń oqıwshılarǵa tásir kórsetiwi hám múnásebetınıń tómendegi usılları bar.

Avtoritar.

Demokratiyaliq.
Liberal.

Avtoritar usıl: bul qatti qollıq bolıp, bunda oqıtıwshı oqıwshılardi sózsiz ózine boysiniwların talap etedi. Lekin ne ushın qatti qollıq islep atırǵani yáki oqıwshılarǵa ne ushın ózlerin sonday tutiwları lazımlıǵın túsindirip bermeydi, sondayaq oqıwshılardıń óz háreket -lerin mustaqil basqarıwǵa úyretpeydi, oqıtıwshı sabaq waqıtinda oqıwshı -dan tinish otırıwdi, sorawlarǵa bárháma qol kóterip muǵallimnıń ruxsati menen juwap beriwdi tapsirmalardi buljitpay orınlawin talap etedi. Bunday pedagoglar oqıwshılardıń qızıǵıwi tıykarında emes bálki tiykarinan oqıw rejesi tıykarında sabaq ótedi.

Sabaq dawamında pikir alisiwǵa imkaniyat jaratilmaǵan tiykarinan oqıtıwshınıń pikiri sińdiriledi. Oqıw-shilar menen qarım-qatnas processinde olardıń individual psixologik ózge-shelikleri nerv sisteması dárejesi itibarǵa alinbaydi. Bul usıl oqıtıwshıni klastan oqıwshıdan uzaqlastiradi. Avtaritar usıltaǵi oqıtıwshınıń oqıwshıları oqıtıwshı klasta bolmaǵan waqıtlarda óz-ózin basqarıw dárejesi bolmaǵani ushın tártip intizamǵa boysinbaydi.Bul tiykarinan oqıwshılarda usta-zim meni jaqsı kóredi degen pikir emes bálki qorqiw sezimi bar boladı.

Demokratiyaliq usıl oqıtıwshı menen oqıwshı ortasinda dostana múnáse -bet ornatiliwǵa tiykar boladı.Sabaqtaǵi intizam májbúriy emes, bálki jetıskenlikke erisiw girewi sıpatında balalar *unamlı* emotsiyasin, ózine isen -im óz jetıskenligi dosları menen birge islesiw sezimin beredi. Demokratiyaliq usıl balalardı birlestiredi,sol menen birge ózinıń xizmeti nátiyjelerine qıziǵiw oyatqan halda ózi ushın ózi háreket qılıw lazımlıǵın ańlatadi, ózin-ózi basqarıwǵa úyretedi. Hár bir iske juwapkershilik penen qatnasta bpliw oqıtıwshınıń sol jastaǵi balalar menen demokratik múnásebeti tıykarında ǵana qáliplesedi.

Liberal usıl kásibiy qábileyti joq bolǵan oqıtıwshılarǵa tán bolǵan usıldir. Bunday oqıtıwshı sabaq processin jaqsı shólkemlestire almaydı.

Bunday sabaqlarda hár bir bala óz tárbiyalanǵanlıq dárejesine qarap ózin tutadi. Bala óz májbúriyatların jaqsı sezbeydi.Qarım-qatnas múnásebettegi liberal usıl psixologiya pedaagogika pánlerine ulıwma keri usıl esaplanip balalar shaxsın qáliplestiriw hám tárbiyalaw processinde bul usıldi qollap bolmaydı. Solay etip klass oqıwshıları menen qatnas-múnásebetindegi imperativ usıl tiykarinan málim bir shegaralarǵa tayanǵan halda bala shaxsı rawajına keri tásir kórsetedi.

Oqıwshılar menen qatnas jasawda talap qoyıwda muǵallim túrli usıl hám qurallardan paydalanıp biliwi kerek. Mısal retinde: Jeke isendiriwshi qatnas: Men isenemen sen bunı men ushın isleyseń sebebi bul saǵan dim qıyın emes.Sen maǵan járdemlese alasańba , men saǵan minnetdar bolar edim, egerde menıń egerde menıń ótinishimdi orınlasań . Ásirese bunday formadaǵi sóylesiwler óspirimler hám joqarı klass oqıwshıları menen qatnas jasaǵanda jaqsı boladı, sebebi olarda bul waqıtta úlkenler menen qatar teńdey jumıs islesiw tilegi payda boladı, al usınday qatnas jasawda olardıń úlken ekenligi seziledi, sebebi olardan járdem soralıp atır.

Emocionallıq jeke qatnas : Balalar búgingi kún maǵan júdá awir boldi hám sizlerde altinshi sabaqta sharshaǵan shiǵarsizlar qáne -key bir-birimizdi qollap quwatlayiq yamasa men bilemen búgin sizlerge eń qıyın sabaqlar boldi matematikadan tekseriw jumısın jazdıńız qiynalıp qalmadıńızba? Onda usı sabaqta qıziqli zatlar menen shuǵillanamiz sizlerden tapsirmani sorayman usı sıyaqlı qatnaslar. Usınday qatnas jasaw joli menen bir- birin jaqsı túsinisiw, siylaw, xúrmetlew xarakterleri payda boladı, al oqıwshılar bolsa bas -qa adamlarǵa xár túrli qatnas jasaw formaların bilip aladı. Qarım-qatnas subektinıń belgiler dizimi arqalı óz ara tásirlesiwi. Qarım-qatnas quramalı process bolıp 3 túrge bólinedi.

1.Kommunikativ tárepi qarım – qatnas processinde xabarlar almasiwi.

2.Ineteraktiv tárepi qarım-qatnas processinde social minez – qulıqina

tásir kórsetiw .

3. Perseptiv tárepi qarım –qatnas processinde bir- birlerin qabıl etiwleri hám túsiniwleri menen baylanıslı quramalı process.

Oqıtıwshı menen oqıwshılar arasinda eń kóp qollanilatuğın ásirese sabaq processinde kommunikativ qarım –qatnas bolıp ol óz náwbetinde verbal hám noverbal bolıp bólinedi. Verbal kommuni -katsiyada til , sóylew xizmeti monolog , dialog h.b. kiredi. Tárbiya processinde verbal hám noverbal kommunikatsiyanıń roli kúshli. Noverbal kommunikatsiyağa belgilerdiń optik kinetik dizimi kirip olar tómendegishe: Jest - qol háreketler bul túrli xalıqlarda tárbiya processinde túrlishe qabıl etiledi.Mimika- júz háreketleri bolıp insannin qanday hallata ekenin kórsetip beredi.

Pontomimika - insan denesi yáki onıń bólimleri arqalı kórsetiletuğın háreketler dizimi. Izretlewler sonı kórsetedi qarım – qatnas processinde sóz arqalı- 7 %, dawislar hám intanatsiya arqalı 38 %, sózsiz qaim – qatnas ese 55%,qurağan.

Oqıtıwshı jumıs orında kásiplesleri menen, oqıwshılar menen,Ata-analar menen hám basqa jámiyetlik orınlarda túrli adamlar menen qarım-qatnas processinde boladı. Ásirese oqıwshılar menen tárbiyalıq birge isleskende tárbiya processinde qarım –qatnastiń perseptiv usılinan qollaniwi nátiyjeli bolıwın táminleydi.Rus alimi A.A. Bodalev qabıl etiw mexanizimlerin tómendegishe ajiratqan.

Identifikatsiya - bunda qarım –qatnas processinde ózlerin tuwri qabıl etiwi ushın bir-birleriniń orınina qoyip kóriwi. Refleciya - qarım –qatnas processinde qabıl etiwge tiyisli basqa birewdiń kózi menen qarawğa intiliw. Streoptizitsiya - qarım –qatnas processinde qáliplesip kónligip barğan obrazlardan shablon sıpatında paydalaniw.

Oqıtıwshı menen oqıwshı arasinda bolatuğın qarım –qatnasqa xarakterli bolğan element bul belgisizlik anıq emeslik, ol oqıwshınıń minez qulıq motivleri mağliwmatlardıń jetıspewshiligi menen baylanıslı

boladı. Sonıń ushında muǵallim óz baslawshılıǵın pedagogikalıq iskerligin , emotsional jaǵdaydi túsine biliwin rawjlandiriw kerek. Muǵallimnıń oqıwshılar menen sabaqtaǵi hám onnan tıs qatnas sheberliginıń tiykarǵi kórsetkishi bul muǵallimnıń sóylew xizmetin qisqartiw arqalı oqaiwshilardıń sóylew xizmetin asırıw nátiyjesin payda bermeytuǵın tinishlıqtı qisqartp qarım- qatnas jasawdi kúsheytiw kerek.Juwmaqlastirip aytqanda tárbiya processinde jámiyetlik ortalıq, oqıwshılarda, sonday-aq bolajaq pedagog talabalarımizdi milliy hám insanıylıq ruxindaǵı qarım-qatnas processin jaslar sanasına sińdiriw hám ámeliayatqa engiziw bolıp tabıladı.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Oqıtıwshınıń oqıwshılarǵa tásir kórsetiwi hám munasebetinıń usılları?
2. Qarım-qatnas túrleri?
3. Qarım-qatnastiń kommunikatsiyalıq turi ?
4. Rus alimi A.A.Bodalev qabıl etiw mexanizmlerin qanday bóleklerge ajratqan?
5. Stereotipizarsiya bul -… ?

## ***TEMA –6. Ta'lim mekemelerinde ta'rbiya sistemasinda topar( klass) basshisi***

### ***JOBA :***

1. Topar(klass) basshisi ha'm onin' xizmeti mazmuni
2. Topar (klass) basshisinin' waziypalari, huqiq ha'm ma'jburiyatlari
3. Topar (klass) basshisinin' oqiwshilar menen alip baratug'in jumis formalari

Tayanish tu'sininkleri: Klass basshisi onin' iskerligi, waziypalari, huqiq minnetleri, klass basshisinin' is tu'rleri

Klass basshisi degende oqiwshilardi bir qiyli saviyada, bir qiyli jasta, bilimi tarepinen ham ten bolgan jamaatti basqarip turiwshi pedagog klass basshisi dep ataladi. Klass basshisinin tiykargi maqseti, oqiwshilardi tuwri

tarbiyalaw protsessinde oqiwshi ham klass basshisi menen bir–birin tusine aliwi ham klass basshisi oqiwshilarga itibarli boliwi kerek.

Mektepte oqiwshilargi tarbiya klass basshisinin isleri arqali beriledi. Tiykarinan, ilajlar, har qiyli kesheler, ushirasiwlar, tanlawlar ham basqa oyinlar arqali oqiwshilarga talim –tarbiya beriledi. Sogan qarap oqiwshilardin pikirlew qabileti rawajlanip baradi. Klass basshisi mektep administratsiyasi menen birgelikte ham mahalle jamaati, ata–analar menen birgelikte tarbiyaliq jumislardi alip baradi. Mektep administratsiyasi klass basshisi ham onin alip baratirgan jumislarin barqulla qolap–quwatlawlari tiyis. Klass basshisi oz oqiwshilarin jaqsi biledi ham olardi tarbiyalan ushin neler kerekligin esapqa alip jumis alip baradi. Klass basshisi jumisi ruwxiyliq ham agartiwshiliq isleri boyinsha, yagniy sholkemlestiriwshi direktori orinbasari basqarip turadi.

Klass basshisinin jumis rejesin mektep direktori ham direktor orinbasari duzedi ham qadagalap baradi. Baslawish klass mektep taliminin daslepki basqishi balalar oqitiwshi basshiliginda talimdi birinshi qadem qoyadi. Oqiw xizmetinde bilim, konikpe ham epliliklerin iyeleydi. Oqitiwshi klass menen kobinshe jalgiz isleydi ham tarbiyashi sipatinda jumis juritedi. Oqitiwshiliq balalarga bolgan munasibette, ulken miyirbanligi menen gamxorligi xarakterlenedi. Bular ulken talapshanliq menen alip bariladi. Oqiwshilar menen bolatugin o’z–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyiw hamde oqiwshilardin osiwi ham rawajlaniwina qarap olardi qayta quriw ozgesheligi ham klass basshisi ushin zarurli ahmiyetke iye. Oqitiwshilar tarepinen oqiwshilarga qoyilatugin pedagogikaliq talaplar beriwge erisedi, ata–analar, kuni uzaytirilgan topar tarbiyashilari jamaatshilik menen barqulla baylanista bolip turadi. Zarur bolgan waqitta oqiwda oqiwshilarga jardem korsetiwdi sholkemlestiredi. Klass basshisi qilatugin jumislari hujjetlerin alip baradi ham oni mektep adminiyatratsiyasina usinis qiladi.

Oqiwshilar salmamatligin bekkemlewge tan jumislarda otkeredi ham fizikaliq hamde aqiliy miynet qiliwga uyretip bariladi. Klass jamaatin sholkemletsiriwde, klass majilisin sholkemlestiriwde klass basshisinin roli ulken esaplanadi. Klass majilisi otkeriw ushin en aldi menen jamaati birlestiredi. Klass basshisi majiliste koplep maseleler koredi. Klass majilisinde 3-4 maseleler korilip mashqalali tareplerini taliqlanadi ham oz sheshimin tabiw kerek boladi.

Klass basshisi majilis otkeriwi dawaminda jaqsi oqiytugin balalardi klassta, yagniy jamaat ishinde xoshametlewi kerek. Balalar bir–birine dosliq munsibette boladi. Olardi bir–birine umtilip, jaqsi oqiy baslawga umtiladi. Jaman oqiytugin balalar ham jaqsi oqiytugin balalarga umtilip, olar ham jaqsi oqiwga umtiladi. Bul kitapxanadagi kitaplardi oqiwshilar klasstan tis oqiw waqtinda yaki sabaqtan son bos qalgan waqitlarda oqip ozlerine paydali tareplerin aliwi mumkin. Bizin’ jas awlad xalqimizdin revolyutsiyaliq, miynet jawinger dasturlerin ozlestirip, ozine ulken awladtin en jaqsi paziyletlerin ideyaliq isenim ham matanatin, Watanga muhabbatin onin ekonomikaliq–siyasiy va jawinger qudretin bekkemlewge qatansiwga umtiliwin sindirip gana qalmay oz babalari ham atalari jumisin dawam ettirip ham kobeytirip aladi. Shanaraq ham jamiyettin bir bolegi esaplanadi. Shanaraqta bala tarbiyasin jolga qoyiw ushin juda ulken

ahmiyetke iye. Shanaraq basqa tarbiyaliq mekemelerden pariqli rawishte adamnin putin turmisi dawaminda onin barshe tareplerine qirlarina tasir korsetiwge qadir ham adette tasir korsetedi. Shanaraq tarbiya waziypasinin bul ulken ornin onin ulken ideologiyaliq ham psixologiyaliq tasir korsetiwinin teren ozine tanligi menen uyginlasip ketedi.

Ata–analar menen jumis formalari adette klass basshisi oz shaxsiy ozgesheliklerin tajiriybesin oqiwshilardin shanaraqlarinda payda bolgan ozine tan ozgesheliklerin, ata–analari bilim ham tajiriybesin, balalardi tarbiyalawda joqarida korsetip otilgen qateler ham qiyinshiiqlarinin minez–quliq ozgesheliklerin mektep pedagoglar jamaatinde ortaliqti ata–analar menen jumis alip bariwda juzege kelgen dasturleri ham basqalardi esaptan alip belgileydi. Ata–analarga pedagogikaliq bilim beriwdi amelge asiriwda tek bilim berip qalmastan, olardi tarbiya salasindagi ameliy bilim ham knoikpeler menen qurallantiriw, olardin pedagogikaliq xizmetin oyatiw mustaqil shuqillaniwga undew, maqsetke muwapiq shanaraq ishki munsibetlerin jolga qoyiw juda zarur. Ata–analar jiynalislari ata–analar menen jumis alip bariwdin dasturiy payda bolgan formasi. Sheshilip atirgan aniq waziypalarga baylanisli halda klass jiynalislarin sholkemleskenlik, juwmaqlawshi sherek jiynalislarin temaga tan jiynalis bahis, jiynalis praktikum, ata–analardinq uliwma talimi boyinsha klass rejesine kore jiynalis siyaqli jiynalislar boliwi kerek. Sholkemlestiriwshilik jiynalislarinda ata–analar komiteti saylanadi, jumis rejesi tasdiyqlanadi. Mikrorayonda pedagogikaliq klimat ornatiw juzesinen ilajlar islep shigadi, jamaat tapsirmalari bolistiriledi ham turli jumis bagdarlarina tan isbilermen ata–analar toparlari duziledi, ata–analar qatnasiwinda uliwma mektep ilajlarin otkeriw rejesi muwapiqlastiriladi. Sherektegi juwmaqlawshi klass majilisleri ata–analarimizdin itibarin oqiwshilardin bilimge tan qizigiwlari, qabiletin, adep ikramliliq erklilik paziyletlerin rawajlantiriwdagi tabislar, kemshilikleri, paydalanilmagan mumkinshilikler qaratiw maqsetin kozde tutadi. Bir temaga arnalgan jiynalislari tarbiyanin en aktual mashqalalari juzesinen otkeriledi, olarda ata–analar komiteti ham klass basshisinin oqiwshilardi ol yaki bul tarawadgi tarbiyalanganliq darejesi tuwrisinda toplangan materiallardan paydalaniladi.

Majilis–munazaralar ata –analar itibarin tarbiyanin bir mashqalasina tartiw maqsetinde otkeriledi. Bunday majlislerdi ata–analar komiteti agzalarinda ata–analardin bir bolegi oz waziypalarina, mekteip xarakteristikalarina naduris munsibette bolip atirganin ata–analardin bir bolegi tayarliq keypiyatinda ekenligi haqqinda magliwmatlar bolgan tagdirde otkeriw usinis etiledi. Majilis–praktikum, ata–analardin tarbiyaliq protsesslerde qatansiwin aktivlestiriw ogan maqsetke bagdarlanmagan tus bagislaw maqsetinde otkeriledi. Ata–analardin klasstagi uliwma talimliq rejesine kore majeilisler aldinan belgilengen rede, belgili sistemaga muwapiq ata–analarga pedagogikaliq bilim beriwdin formasi esaplanladi.

Jeke ta’rtiptegi pedagogikaliq sawbet – klass basshisinin oqiwshilar ata–analar menen alip baratugin jumisinin ken atrqalgan, qulay ham natiyjeli

formasi esaplanadi. Sawbet jardeminde payda bolgan maselelerdi tez sheshiw, ata–analar isenimli munasibetler ornatiw, shanaraqliq tarbiya sharayatlari haqqinda qosimsha magliwmatlar tartiptegi rawajlaniwi dasturin ham birgeliktegi pedagogikaliq hareketler sistemasin islep shigiw ata–analardin tarbiyaliq tasir korsetiwlerin ham tarbiyasi qiyin balalar minezin duzetiw ham oqiwshilar ortasindagi munsibetlerde payda bolatugin kelispewshiliklerdi sheshiw siyaqli ken kolemdegi talim tarbiyasinin waziypalari sheshiledi. Tarbiyaliq tasir korsetiw natiyjelegin kop tarepinen oqitiwshilar ham ata–analardin muwapiq hareketleri menen belgileniwin nazerde tutip, balanin ozine tan psixologiyaliq ozgesheliklerin esapqa aliw, onin minez–qulqindagi en kishi shetke shigiwlarga ham oz waqtinda itibar beriwi kerek, bunda klass basshisi ata–analarinin isenimli munsibetler ornatiw, oqiwshilar shanaraqliq tarbiya sharayatlari haqqinda qosimsha magliwmatlar aliw, ata–analardin isenimli oz–ara munasibetlerin uyretgende gana erisiledi, bunday munasibetler uyretiw ham terenlestiriw ushin jeke tartiptegi sawbetlerde paydalaniw juda zarur. Ha’r bir ata–ana oz perzentin jaqsi koredi, sonin ushin olar oz perzentinende payda bolgan jana, sotsial tareplerin bekkemlew ushin birgeliktegi hareketleri haqqinda maslahatlesiwi zarur dep esaplaytugin klass basshina samimiy hurmet ham isenim menen qaraydi. Klass basshilari ata–analar menen birgelikte tarbiyaliq izertlewler magliwmatlarin itibarga aliwlari ham zarur. Olarg’a muwapiq osip kelatirgan kisi shaxsiy qaliplestiriwge shanaraqtin qosatugin ulesi turli jas basqishlarinda turlishe bolga ham toliq siyaqli ozgeredi.

Bunday bilimlerdin joqligin shanaraqliq tarbiyada koplep qatelerge alip keledi. Klass basshisi ata–analar menen islesiwde buni esapqa almay ilaji joq. Bul tarepinen ata–analardin balalardi tarbiyalawdagi tomendegi qiyinshiliqlarin ham qatelerin ajiratip korsetiw mumkin.

1. Ata–analardin balalar menen qarim–qatnasinin jetispesligi. Olar ozleri, isleri haqqinda az aytip beredi.

Mektep balalari jamaatinin turmisi, oz balasinin qizigiwlari. Onin jamaat isleri menen jumisqa munasibeti ham basqalar menen az qizigadi.

2. Balalardi miynet protsesslerin tartiw argali olardin miynet tarbiyasin sholkemlestire bilmeslik.

3. Ata–analar turmista jaman misallardi barligin mekteptin pedagogikaliq kush–gayratin joqqa shigaradi.

4. Ata–analar tarbiyaliq tasirdi izbe –iz emesligin andawsanda oqitiwdi tekseriw, bir unamsiz jumis ushin tazalaw adep–ikramliliq immunitet payda boliwina jardem bermeydi.

5. Shan’araqliq tarbiyanin tiykari sipatinda taqiqlawlar sistemasi, sotsial ulgi tiykarinda tarbiyalay bilmeslik, bala turmisin har dayim tuwri qatti–hareketin shinigiw qilatugin tarizde sholkemlestire almasliq natiyjesi.

6. Ha’reketlerdin’ mektep menen muwapiqlastirilmaganligi yaki ol menen kelispewshilikleri.

7. Ayirim ata–analardin balalar ulkeyib bariwi menen tarbiyaliq aktivligin paseytirip jiberiwleri, bul balalardin ata–analardan uzaqlasiwina, mektepke qizigiwi paseyiwine alip keledi.

8. Qararlar qabil qiliwda keshigiw. Bala ulken bolgannan keyin aqli kirib , duzeledi deb oylap ozin aqlamaydi, kobinshe qayta tarbiyalawdi talap etetugin pedagogikaliq tarepinen qarawsizliq halatina alip keledi.

Pedagogikaliq lektsiya pedagogikaliq bilim beriwdin en zarur formalarinan biri. Keyingi waqitlarda ata–analarga pedagogikaliq bilim beriw ken orin iyelep, analarga pedagogikaliq bilim beriw karxanalarindaga, klublar, madeniyat uyleri qasindagi turar jaylardagi ham ata–analar pedagogika universitetleri arqali turli formalarda amelge asiriladi.

Ashiq esikler kuni yaki ata–analar kuni, adette mektep kanikullari waqtinda otkeriledi. Olardi sholkemlestiriw formasi har turli boliwi mumkin. Bul payda bolgan dasturlerge ham klass basshisi doretiwshiligine baylanisli. Shanaraqtin joqari tarbiyaliq mumkinshiligi balalar ham ata–analardin ozine tan ozgeshelikleri qanwqarindasligi, muhabbati, jaqinligi, isenimi, burish sezimi abroyliligi menen tamiyinlenedi. oz perzentinin barshe tomen ham kushli tareplerin jorgek waqtinan biletugin, olardin qalbindegi en kishi hareketin ham sezetugin ham tusinetugin ogan tasir etiwdi biletugin anadan ham atadan jaqsiraq kim ham ezgullikka, miynetsuyiwshilikke, dosliqqa, biradarliqqa, muhabbatqa uyrete baradi.

Juwmaqlap aytatug'in bolsaq, klass basshisi har dayim oqiwshilardan xabardar bolip turiwi kerek. Misali, bir oqiwshinin ozlestiriwi jaman bolsa, oni jaqsilaw ushin oqitiwshi birinshi orinda ata–anasi menen ushirasip, soraw kerek. Nege jaqsi oqimay atirsan, ne ushin sabaqlardi oz waqtinda qilmaydi, solar haqqinda ata–anasi menen sawbet alip bariw kerek. Eger balanin shanaraginda hamme sharayat bolip, bala oz jaqsi oqiwin qalese, ozi oylagan natiyjege erise almaytugin bolsa, oqitiwshi balanin jaqsi oqiytugin dostinin janina otirgizip qoyiw kerek. Bunnan tis usiga uqsagan passiv oqiwshilardi toplap har qiyli panlerden, misali, ana tili, oqiw ham basqalardan qosimsha sabaqlardi sholkemlestirip, balalardi oqiwga bolgan talabin, qizigiwin janede asiriwga oqitiwshi hareket qiliw kerek. Oqitiwshi oqiwshilardin ata–analari menen aktiv islew kerek. Mektepte klassta bolip atirgan jumislardan ata–analar ham xabar tawip, qiynalgan waqtinda joldas boliwi kerek. Bunin ushin ata–analar menen oqitiwshinin ortasinda baylanistirip turiwshi baylanis dartershesin tutiwi ham oni barqulla qaldirmasdan juritip turiwi kerek.

1. Ha'zirgi zaman pedagogika pani aldinda turgan zarur mashqalalardan biri oqitiwshi ham pedagogika miynet sharayati mashqalasi esaplanadi. Oqitiwshida barshe pedagogikaliq ideyalar bar bolip, onin xizmeti arqali bul pedagogikaliq ideyalar amelge asiriladi ham turmistqa engiziledi. Oqitiwshinin' kop qirli ham quramali xizmetinde jas awladti adepli, itibarli qilip tarbiyalaw, olardi ilimiy bilimler menen qurallantiriw siyaqli waziypalar jatadi. Bulardi amelge asiriw oqitiwshinin har qiyli xizmetine balynaisli : balalardi oqitiw, mektepte ham klasstan tis jumislardi sholkemtire biliw, otkeriw, ata–analar

ortasinda pedagogikaliq tarqatiw jumislarin alip bariw ham basqa. Bulardi hammesi oqitiwshilardan teren bilimlerge iye boliwin, oz tarawin, balalardi suyiwdi talap etedi.

Respublikamiz ga’rezsizligi dagazalangan sane xalqimiz turmisinda ulli waqiyalardan esaplanadi. Endi xalqimiz ozinin bay tarixi, madeniyati, urip–adetlerin uyreniwi, ken jayiw, ozligin taniw mumkinshiligine iye boladi. Bul waqiyadan son kop sanli oqitiwshilar jamaatleri aldina watan rawajlaniwi ushin harmay–talmay xizmet qila alatugin, ulli watan jollarinda oz janin ham ayamaytugin jaslardi tarbiyalaw waziypasi qoyiladi. Bul waziypa joqari talim kontseptsiyasinda ayriqsha aytiladi. Sonin’ ushin bunday ulken waziypani amelge asiriwda klass basshisi ham ozinin ulken ulesin qosadi. Klass basshisinin tiykargi waziypalarinan biri bizin keleshegimiz bolgan jas awladti tuwri, insanparwarliq ruwxinda tarbiyalawdan ibarat. Tarbiya protsessinde oqitiwshi ham klass basshisi bir–birin tusinik kerek ham klass basshisi oqitiwshilarga itibarli boliwi kerek. Klass basshisi jumisin mektep administratsiyasi menen birgelikte ham mahalle jamaati menen birgelikte tarbiyaliq jeumislardi alip baradi. Mektep administratsiyasi klass basshisi ham ol alip baratirgan jumislar qollap–quwatlaw tiyis. Klass basshisi oz oqitiwshilarin jaqsi biledi ham olardi tarbiyalaw ushin ne qiliw kerekligin esapqa alip jumis alip baradi. Klass basshisi jumisin ruwxiyliq isleri boyinsha direktor orinbasari basqaradi. Klass basshisinin jumis rejesin mektep direktori ham ruwxiyliq ham agartiwshiliq isleri boyinsha direktor orinbasalari duzedi ham basqaradi. Baslawish klasslarda mekteptin daslepki basqishinda balalar oqitiwshi basshiliginda bilimge birinshi qadem qoyadi.

Oqiw xizmetinde bilim ham konlikpeni iyeleydi. Oqitiwshi klass jamaati menen isleydi ham kobinshe tarbiyashi sipatinda jumis juritedi. Oqitiwshilardin balalarga bolgan munasiybeti ulken miyirbanliq ham gamxorligi menen xarakterlenedi. Bul da oqitiwshidan talapshanliqti talap etedi. Oqitiwshilar menen bolatugin oz–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyiw, oqiwshilardi osiwi ham rawajlaniwina tuwri jolga qoyiw, oqiwshilardin osiwi ham rawajlaniwina qarap olardi qayta quriw ozgesheligi ham klass basshisi ushin zarur ahmiyetke iye. Mektep ustavinda klass basshisinin tiykargi waziypalari belgilep berilgen. Klass basshisi barshe oqitiwshilar menen birgelikte baylanista bolip, ozinin klassi menen tarbiyaliq islerdi alip baradi. Oqitiwshilar tarepinen oqiwshilarga qoyilatugin pedagogikaliq talaplar birligine erisedi. Ata–analar,kuni uzaytirilgan topar tarbiyashilar, jamaatshilik menen barqulla baylanista bolip turadi. Zarur bolgan waqitta jardem korsetiw sholkemlestiriledi. Klassta belgilengen hujjetlerdi alip baradi ham oni mektep administratsiyasina usinis etedi. Oqitiwshilar salamatligin bekkemlewge tan jumislardi otkeredi ham miynet qiliwga uyretedi. Klass basshisi jumisinin ozine tan ozgeshelikleri sonnan ibarat, ol apiwayi balalar jamaatin emes, balki oqiwshilar jamaatin qaliplestiredi. Sonin ushin klass basshisi daslep balalardin oqiwga qanday munsibette ekenliklerin, ozlerin qanday tutiwlari oz waziypalarin jani menen orinlawlari yaki orinlamawlarin aniqlaydi,aqirinda olardin oqiwdagi moljelleri nelerden ibarat. Bul moljeller

sotsial manige iye yaki iye emesligi esaplanadi. Pedagog klass penen islewdin daslepki basqishinda turli jagdaylarga dus keliwi mumkin.

Klass basshisinin rawajlaniwinin aniqlangan darejesine qarap tarbiya usillarin darejesine qarap tarbiya usillarin tanlaydi. Bunda oqitiwshilardin jas ozgesheliklerin esapqa aliw qosimsha shart esaplanadi. Pedagog shaxsin har tarepleme jetik kamal taptiriwda ulken rol` oynaydi. Aqiliy tarbiya shaxsti har tarepleme rawajlantiriwda ulken rol` oynaydi. Oqitiwshi adep–ikramliliq tarbiyashinin waziypasi ham mzamunin oqitwshilardan ekologiyaliq sana ham madeniyatin qaliplestiredi.

2. Oqitiwshiliq kasibine usi tiiykarinan klass basshisi kasbine tan bolgan zarurli paziyletlerden biri – balalardi suyiwi, olardin sezimi menen qizigiwi, har bir shaxsti hurmet qiliwdan ibarat. Balani suygen putin kush ham bilimin balalardin keleshegi ulli watanga sadiq puqara qilip tarbiyalawga safarbar qila alatugin adamgana haqiqiy oqitiwshi bola aladi. Balana biypariq, onin keleshegi menen qiziqmaytugin, oqitiwshiliq kasibine biyparwa adam haqiqiy oqitiwshi bola almaydi.

«Baslawish talim kontseptsiyasi» da baslawish klass oqitiwshisi korinisi tariyplenedi : «… en zaruri balalarda oqiw, uyreniwge shin hawes, qizigiw oyatiwshi, isenim payda qiliwshi ustaz sipatinda ayriqsha orin tutadi; ham jane usi kontseptsiyadan baslawish klass oqitiwshisi paziyletlerge qosimsha keltiriledi. Oqitiwshi : «… ozbekstan keleshegi ulli mamleket ekenine isenetugin milliy maqtanishi boliwi;

– balalardi xaliq pedagogikasi durdanalari hamde milliy qadiriyatlarmiz tiykarinda tarbiyalay aliwi ;

– tili rawan, xaliq tili bayligi, korkem usili ham suwret qurallarin adebiy til metodikasi ham olshemin toliq iyellegen boliwi» zarur.

Oqitiwshiliq kasibine tan bolgan bunday paziletlerdi ondagi pedagogikaliq adep klass bsshisinin kasiplik paziyleti. Ol oqitiwshinin sawatli boilwina, oz sezimin basqara aliwina, balalarga pedagogikaliq tasir otkeriw qural ham olshemlerin belgilew, aniqlawda jardem beretugin paziylet esaplanadi. Joqari pedagogikaliq adepke iye bolgan klass basshi gana klassta psixologiyaliq klimat ornata aladi, balalar qalbine tez jol tawa aladi. oz xizmeti ozgesheligine kore klass basshisi sholkemletiriwshilik paziyletge ham iye boliwi tiyis. Bunin ushin oqitiwshi isbilermenlik ham sholkemlestiriwshilik qabiletine iye bolip barqulla tetik, gayratli, oz kushi ham mumkinshiligine isengen boliwi tiyis. Isbilermen ham gayratli klass basshisi balalardi oz arqasinan jurgize aladi, oqiwshilar ogan iyeredi. Oqitwshiliq kasibi juda ulken ruwxiy ham fizikaliq kush talap etedi, sonin ushin oqitiwshinin salamatligi ham malim talaplar qoyiladi. Oqitiwshinin dawis nayshalari rawajlangan, koriw qabileti jaqsi boliwi kerek. Uzaq tik tura aliwi, juriwi, epshillik siyaqli paziyletlerge iye bolmagi tiyis.

Ozbekstan respublikasi joqari talim kontseptsiyasina qanige waziyplaari tomendegishe belgilengen : «… qanige oz xizmetin tarawinan qatiy nazer, doretiwshilik jamaatlerde isley aliw qabiletine, menejment ham marketing tarawlarinda tayarliqqa iye boliwi, jana texnologiyalardi engiziwdin xojaliq sotsial

ham madeniy tareplerin aniq oylawi kerek». Usi pikirler oqitiwshilarga ham jana sheber klass basshiligina ham tikkeley tiyisli. Jamiyetimizde juz berip atirgan tup ozgerisler, bazar qatnasiqlarina kirib bariwimiz oqitiwshilar tek gana kasiplik bilimlerin emes, balki ekonomikaliq yuridikaliq, texnikaliq bilimlerinen xabardar boliwin taqaza qilmaqta. Bul orinda baslawish klass oqitiwshilari, klass basshilarinin xizmeti ulken.

3.Baslawish klasslar jamaatin birlestiriwshi faktorlarinan biri tarbiya mazmuni. Mamleketlik talim standarti tiykarinda belgilengen panlerdin mazmuni oqiwshilardin ruwxiyliq– adep–ikramliliq tarbiyasi menen birge jamaatke tan bolgan joldasliq, dosliq, birge islesiw, adalatparwarliq mehru shavkat siyaqli paziyletlerin uyginligi birlesedi. Usi arqali mamleketimiz sabaqlariqlarin jana awladti duziw kontseptsiyana itibar qaratadi hamde talim mazmunin milliy garesizlik ideyasi tiykargi printsipleri menen bayitiwga itibar kusheyedi. Klass basshisi jumisinda oqiwshilar jamaatin qaliplestiriw orayliq waziypa esaplanadi. Jamaat tajin tarbiyalaw kommunistikliq tarbiya–jetekshi printsipi. Tarbiya metodlarin tanlawda olardin jamaatte rawajlaniwi darejesine masligi tabisinin zarurli sharti esaplanadi. Oqitiwshilar jamaatin bekkemlewshi oqiwshi xizmetin hareketlendiriwshi zarur dereklerinen paydalaniw metodikasi. Sabaqliqtagi tekstlerdi ham xarakter ozgesheligine kore oqiwshilar jamaatin bekkemlewshi tekstlerge jandagi tekstlerdi tanlaw tarbiyalaw tarbiyaliq ilajlardi jamaatti bekkemlew menen otkeriw. Klass majilisi har klass ushin ayriqsha klass basshiligi basliginda otkeriledi. Klass majilisinde koriletugin maseleler klass aktivleri menen birgelikte kelisip orinlanadi. Klass majilisinde tiykargi tema tarbiyasi qaratilganligi ushin tarbiyashi tan bolgan maqalalar, ertek–tekslenr, qosiqlar tiykarinda bayan etiledi.

4. Ha’zirgi zaman oqitwshinin tiykargi paziyletlerinen biri oz kasibine sadaqatliligi, ideyaliq isenimine, oz kasibin suyiwi, bul kasipke bolgan sheksiz sadaqat oqitiwshina basqa kasip iyelerinen ajratip turadi. Mektepte talim–tarbiya jumisinin joqari saviyada oqitiwshiga, onin kasiplik tayarligina baylanisli. Klass basshisi shaxsina qoyilatugin zarur talaplarinan biri klass basshisinin oz jumisin jaqsi biliwi. Onin metodikasin puxta ozlestirgen boliwi zarur. Soni tuwri sholkemlestiriw ham oni balalar menen tusinikli, qiziqli ham juwapkerli sezgen halda alip bariw kerek. Oqiwshilar oqitiwshi bilitin balalarga jetkere alip qadirlep gana qalmay, balki onin usi predmetke bolgan qizigiwin, onin pidayiligin ham qadirleydi, tagdirlaydi. Klass basshisinin joqari madeniyati, onin teren bilim ortaligi ( ayriqsha , ozbekstan garezsizlikke eriskennen son xalqimizdin oz tariyxin, madeniyatin, urip–adetin uyreniwge, biliwge bolgan qizigiwi artip baratirgan dawirde) talim–tarbiya jumislarin tabisli keshiwine jardem beredi. hazirgi zaman oqitwshisi ayriqsha klass basshisi milliy qadiriyatlarimizdi bilim gana qalmay, oni ken ata–analar jamaatshiligi ishinde, klassta atashin tarqatiwshi ham boliwi kerek.

Oqitiwshiliq kasibi juda ulken ham ruwxiy ham fiizkaliq kush talap etedi. Sonin ushin oqitiwshinin ayriqsha klass basshisinin salamatligina ham malim talaplar qoyiladi. Oqitiwshi shaxsina qoyilatugin uliwma talaplar menen baslawish

klass oqitiwshinin kasibin ozine tanligi ayirim spetsifikaliq talaplardi keltirip shigaradi. Baslawish klass oqitiwshisi anatomiya, fiziologiya, mektep gigienasi panlerinen xabardar boliwi, oqiwshilar xizmetin usi panler usinisi tiykarinda sholkemlestiriwi tiyis (klass gigienaliq talapga juwap beriwi, oqiwshilar rejimi, olardin aqiliy ham fizikaliq rawajlaniwin baqlawi ham tuwri bagdarlaw) ; oqitiwshi oz tilin basqariwi, adbiy til normalarina amel qiliwi, dawisin balent tasligine ahmiyet yuberiwi, tilinin janli, korkemli boilwina itibar beriwi, balalardi sharshatip qoymasliq maqsetinde jumis turlerin tez–tez ozgertire aliwi, ata–analar ortasinda pedagogikaliq bilimlerin tarqatiw, olar menen jaqinan baylnais ornata aliwi (bul xizmeti turi baslawish klass oqitiwshilarin, fizikaliq xizmetin) uyreniwge jardem beredi ham olarga tarbiyaliq tasir otkeriwge jardemlesiwi kerek.

Aqirinda ol oz ustinde tinmay islewi tiyis. Ayriqsha qadiriyatlarimizdi uyreniwge, ozligimizdi biliwge iqtiyaj ulken bolmaqta, bul narselerdi bilmey turip garezsizligimizdi bekkemlep, ulli mamleket qurip bolmaydi. Sonday eken, baslawish klasstan baslap balalar shigis tarbiya tasirin aliwi, oz qadiriyatlarin biliwi tiyis. Bul oqitiwshidan, klass basshisinan teren bilimli boliwin talap etedi.

5. Rabbim – pan, paygambarim bilimdir .

(Abduraif Fitrat).

Ustazliq – bul keleshek ushin miyras qilip qaldirilatugin bayliq. Bul bayliqtin qadir–qiymati sonday ulli, od adamdi ruwxiyliq tarepinen bay qilip, qalbin baxitqa ilahiy nurga toldiradi.

«Ustaz» sozine berilgen tariypke itibar berin, onin mazmuni sonday bay : Ustaz – belgili pan, bilim qaytalanmaytugin alim, pedagog qanige, oz bagdari boyinsha barshe janaliqlardan xabardar, turmista oz ornin tawgan orni, salahiyati ham mektebine iye, alim fuzalo, aqil kamil ornek bolatugin ozinin aldingi tajiriyesine iye ham keleshekti ilimiy oylaytugin, ilimiy, bilimli, hamme tarepinen tan alingan maslahatgoy insane. Dun`yada bir kimsa joq, onin ustazi bolmasa. Ol hukimet basligi, ulli alim, wazir yaki ziyrik doktor, xaliq mehirin qazangan jaziwshi yaki qoli gul onerment, qaran barshe–barshenin oz ustazi ham turmisin jaqti qilip turiwshi jolbasshisi boladi. Siz ozinizdi ustazliq baxit iyesi esaplasaniz, tomendegilerdi unitmasliq kerek.

– «Ozbekstan keleshegi ulli mamleket» ideyasi sizin har kungi xizmetiniz ushin dasturulamol bolsin ham usi ulli xaliq ham mamleketge munasip shakirtler tayarlan.

Ustazdin en ulli burishi–xaliqqa paydasi tiyetugin aqilli, qabiletli oqiwshi shakirtler tayarlawdan ibarat. Ustaz jaqsi shakirt tayarlaw ushin en aldi menen onin ozi ruwxiyliq tarepinen jetilisken, pikirlew tarizi bay, dun`ya qarasi salamat, oz jurti ham xalqinin ideyasi ham aldingi ideyanin ba tareptari boliwi kerek.

**Bekkemlew ushin sorawlar**

1. Klass basshisin sholkemlestiriw kursi haqqinda tusinik berin’.

2.Klass oqiwshilari jamaatin sholkemletsiriw ham tarbiyalawda qanday usillar bar?

3. Klass basshisinin jumis xizmetin atap ko'rsetin'?
4. Oqitiwshiliq ka'sibine ta'n paziyletler qanday?

**Usinilg`an a`debiyatlar**

1. A.Embergenov, T. Seytniyazov, T. Kulmuratov, Z. Baltasheva, Sh. Arzuova, IBM kompyuterleri ha`m WINDOWS sistemasi. No`kis 1998.
2. S.I.Rahmonqulova, IBM PC shaxsiy komp`yuterlarida ishlash, T.-1998.,224 b.
3. www.ziyonet.uz/informatika_asoslar.zip
4. www.informika.ru/informatika.zip

## TEMA-7. Jámáátti qáliplestiriw metodları

Joba:

1. Ja'ma'a' tu'sinigi ha'm onin' ozine ta'n ozgeshelikleri.
2. Ja'ma'a'tti qa'liplestiriw basqishlari.
3. Topar basshisinin' ja'ma'a'tte shaxsti qa'liplestiriwdegi xizmeti.

**Tayanish túsinikleri.**

Jámáát túsinigi, ózgeshelikleri, jámáátti qáliplestiriw, basqıshları, Social jámiyet, jámiyet túrleri, dástúrler, qádiryatlar, úrip-ádet hám meresimler.

Podlasiydiń pikirinshe **jámáát** « latinsha "kollektivus" sózi hár túrli awdarmada isletiledi, alaman, toplam, birgeliktegi jiyin, birlespe, topar. Onıń júdá ayqin bolmawi hayran qalarlıq emes. Tek sonısi ayqin, jámáát – insanlar toparı. Bıraq hár qanday topar jámáát pe? Házirgi ádebiyatlarda "jámáát" túsinigi eki mağanada qollaniladi. Birinshisi: jámáát degende hár qanday shólkemlesken insanlar toparı (máselen, kárxana jámááti); ekinshisi: jámáát degende tek joqarı shólemlesken topar túsiniledi. "Jamáát" túsinigi pedagogikalıq ádebiyatlardağı mağanasina kelsek, jámáát degende áhmiyetli belgileri menen ajiralıp turatuğın tárbıyalanıwshılar (oqıwshılar) birlespesi túsiniledi». Olardı qarap ótemiz:

1. Ulıwma sociallıq maǵanaǵa iye maqsetler. Maqset hár bir toparda boladı; ol avtobisqa otirǵan jolawshilarda, urilar shaykasin dúziwshi jinayatshilarda da boladı. Gáp, bul maqset qanday, ol nege jónelgenliginde. Jámáát maqseti álbette jámiyetlik maqsetler menen úylesedi, jámiyet hám mámleket tárepinen qollap-quwatlanadi, ústem ideoligiyaǵa, konstituciyaǵa hám mámleket nızamlarına qarsi kelmeydi.

2. Shıǵılıwı maqsetlerge erisiw ushın ulıwma birgeliktegi iskerlik, usı iskerlikti ulıwma shólkemlestiriw, insanlar birgeliktegi umtilisları menen belgilengen maqsetlerine tezirek risiw ushın jámáátke birlesedi. Bunın ushın jámááttiń hár bir aǵzasi birgeliktegi iskerlikte belsendi qatnasıwi, iskerlikti ulıwma shólkemlestiriwi kerek. Jámáát aǵzaları birgeliktegi iskerlik nátiyjeleri ushın jeke juwapkershiliginıń joqarı bolıwı menen ózgeshelenedi.

3. Juwapkershilkli baylanıs qatnası. Jámáát aǵzaları arasinda specifikalıq qatnaslar ornatilip, olar tek maqsetler hám iskerlik (jumıs tutasliǵi) birligi gána emes, al olar menen baylanıslı tolǵanislar hám bahalaw talqilawlar (ádep-ikramlıq birlesiw) birligi de ornatiladi.

4. Ulıwma saylap qoyilatuǵın basshı organ. Jámáátte demokratiyalıq múnásibetler ornatiladi. Jámáátlerdi basqarıw organları jámáattin aytarlıqtay abroyli aǵzaların tikkeley hám *ashıq* saylaw menen qáliplesedi.

Bul xarakteristikalardan ayırımları basqa toparlıq birlespeler (associaciyalar, kooperaciyalar, korporaciyalar hám basqa) túrlerine de tiyisli bolıwı múmkin. Bıraq olar jámáátlik shólkemlerde ózlerin *ayırıqsha* ayqin kórsetedi.

Jámáát aytip ótilgen belgilerinen basqa da oǵada áhmiyetli ózgesheiliklerine iye boladı. Bul ishki jámáátlik iqlimdi, psixologiyalıq iqlimdi, jámáát aǵzaları arasindaǵı múnásibetlerdiń xarakteristikalar boladı. Usınday xatakteristikalardan biri – jámáattegi ózara túsinisiwdi, qorǵalǵanlıǵın, “qardi seziniw”, tiyisliligin xaraterlewshi birleskenlik. Jaqsı shólkemlesken jámáátlerde ózara járdem hám ózara juwapkershilik, álpayimlıq hám óz mápin oylamaw, salamat sin hám ózin-ózi sinaw, jaris kózge taslanadi. Formal birlesken insanlar topari bul sıpatlarǵa iye bolmaydı, jámáát olarsiz óz artiqmashilıǵın joǵaltadi.

Joqarıdaǵı atap ótilgen barlıq belgilerge iye bolǵan jámáátte miynetke, insanlarǵa, óziniń jeke hám jámiyetlik minnetlerine basqasha múnásibet sisteması qáliplesedi. Múnasibetler sisteması inaq, birlesken jámáátte jeke hám jámiyetlik máplerdiń aqilǵa uǵras úylesimliligi, jekeliktiń jámiyetlikke baǵiniwi menen anıqlanadi. Bunday sistema jámááttiń óz minnetlerin biletuǵın, subyektiv hám obyektiv tosiqlardi jeńip óte alatuǵın hár bir aǵzasinda ayqin hám isenimli poziciyasin qáliplestiredi.

Mektep jámáátiniń rásmiy strukturasindaǵı eń stabil buwin – klass jámááti, bunda oqıwshılardıń tiykarǵı iskerligi – oqıw ámelge asırıladı.

Mine usı klass jámáátinde shaxslar aralıq baylanıs hám múnásibetlerdiń tutas tarmaǵi júzege keledi. Usıǵan baylanıslı halda ol ózine tán bolǵan fundament wazıypasın atqarip, onıń bazasinda hár *qıylı* mektep jámáátleri qáliplesedi.

Jámááttiń atap ótilgen belgilerin mektep klasina mólsherley otirip, sonday juwmaqqa kelemiz, oqıwshılar jámááti- ulıwma social áhmiyetli máqsetleri, iskerligi, usı iskerlikti shólkemlestiriliwi menen birlesken, ulıwma saylaw organlarına iye hám birleskenlik dárejesi, ulıqma juwapkershiligi, barlıq aǵzalarınıń huqiqları hám minnetlerinde sózsiz teńliginde ózara baylanıslılıǵi menen ajiralıp turatuǵın oqıwshılar toparı.

Mektep jámááti quraminda eń barqarar buwin, bul – klasslar jámáátleri esaplanadı. Klass jámáátinde oqıwshılardıń tiykarǵı xizmeti oqıw bolıp tabıladı. Mine usı klass jámáátinde oqıwshılar ortasinda bekkem shaxslarara baylanıs hám múnásebetler quram tabadi. Bul menen birge klass jámááti óz negizinde mektep jámáátiniń qáliplesiwi ushın ózine tán fundament wazıypasın atqaradi. Mektep jámááti quraminda oqıwshılar jámááti tiykarǵı bólimdi quraydi. Oqıwshılar jámááti – bul social áhmiyetti payda etiw, sonıń menen birge ulıwma saylaw organları hám ulıwma juwapkershilik, bárshe aǵzalardıń huquq hám minnetleri teńligi tıykarındaǵı ózara birlikke iye oqıwshılar toparı bolıp tabıladı.

Oqıwshılar jámááti pedagog tárbiyashılar hámde balalardan ibarat jámááttiń quramalı birlespesi, ózin ózi qadaǵalaw, ózin ózi basqarıw

processin qáliplestiriwshi mustaqil sistema, sonıń menen, óziniń psixologiyalıq ortalıǵına, dástúrlerge iye topar esaplanadı.

Jámáátti qáliplestiriw belgili nızamlıqlarǵa boysinatuǵın uzaq múddetli, quramalı process bolıp tabıladı. Jámááttiń júzege keliwi ushın tórt basqısh zárúr. Jámááttiń qáliplesiw basqıshlarında dáslep oqıtıwshı pútkil toparǵa talap qoyadi hámde usı processinde jámáát aktivleriniń qáliplesiwine ayrıqsha itabar qaratadi. Náwbettegi basqıshta belgili dárejede qáliplesken jámáát aktivleri jámáát aǵzaları aldına belgili bir talaplardi qoyadi. Ushınshi basqıshda bolsa jámáát ulıwma jaǵdayda jámááttiń hár bir aǵzasinda belgili tárizdegi iskerlikti alıp barıwin talap qiladi. Sońǵi (tórtinshi) basqıshta bolsa jámááttiń hár bir aǵzasi óz aldına mustaqil ráwishte jámáát máplerin ipada etiwshi talapti qoyıw uqıplıǵına iye boladı. Jámáátke qoyilatuǵın talaplar *mazmunı*ndaǵı parq jámáát rawajlanıwı anıqlawshi ayqinn shólkemlik kórsetkishler esaplanadı. Jámááttin ameliy xizmati *mazmunı*, jámáát aǵzalarınıń jámáát aldındaǵı juwapkershiligi, olar ortasindaǵı dóretiwshilik birlik, sonıń menen, olardıń minez-qulqi adep-ikramlik kamalat ds'rejelerin kórsetiwshi zárúr belgiler sıpatında kórinedi. Jámáát qáliplestiriwde onıń turmısın belgilewshi ishki processtiń *mazmunı*n inabatqa alıw kerek.

Jámááttiń qáliplesiw basqıshların belgilew shártli esaplanadı, sebebi jámáát shegara yaki aralıqq iye emes. Sogán qaramay, pedagogikalıq kóz-qarastan jámááttiń qáliplesiwin basqıshlarǵa ajratiw júdá zúrúr bolıp esaplanadı. Balalar jámáátin rawajlanıw basqıshlarına ajratiw zárúr. Balalar jámááti rawajlanıwınıń hár bir tásir kórsetiw forma metodların tańlaw imkanin beredi.

Jámáát rawajlanıwınıń birinshi basqıshı. Bul basqıshta talap tek ǵana pedagoglar tarepinen qoyiladi. Bul jámáát rawajlanıwınıń baslanǵısh noqati bolıp esaplanadı. Bul dáwirdegi jámáát ele tárbiyalawshı jámáát bolmay, bálki "payda etiwshi birlik" (klass toparı) bolıp esaplanadı.

Tárbıyalanıwshılar talaplar qoyiliwina itibarsiz qaraydi. Jámáát aǵzalarınıń úzliksiz dóretiwshilik xizmetin shólkemlestiriw hám olardı belgili maqset

átirapinda birlestiriwge erisiw arqalı ǵana jámáát qarar tabadi. Tárbıyalanıwshılardıń jámáát iskerliginde qatnasıwi sebepli, áste aqirin bayip baratuǵın tájriybe , xizmet nátiyjesin birgrlikte oylasiw, qilinajaq islerdi rejelestiriw jámáát aǵzalarında juwapkershilik, xizmet birligi, sonıń menen isshenlik múnásebetinıń payda bolıwına tárbıyalanıwshılarda jámáát xizmetine qarata *qızıǵıw* payda bolıwına alıp keledi. Balalardıń jámáát xizmetin shólkemlestiriw barısındaǵı maǵliwmatqa iye emeslikleri sebepli, bul basqıshta pedagogtiń tiykarǵı maqseti jámáát aǵzaların ápiwi tárizde shólkemlestiriwden ibarat.

Bul basqıshta pedagogtiń talapshanliǵi, qaytbaslıǵi, izshilligi hám jámááttiń bárshe aǵzalarına talapti bir *qıylı* qoya alıwı tiykarǵı factor esaplanadı. Bul jaǵdayda oqıtıwshılıq "húkimdarlıq" dáwiri uzaq dawam etiwi múmkin emesligin, keri jaǵdayda bir qarawda intizamnıń júzege kelgenligi belgili bolsada, topar aǵzalarınıń aktivliklerin rawajlandırıw ushın sharayattiń bar emesligin esapqa alıw zárúr.

**Topar basshısınıń jámáátti qáliplestiriwdegi xizmeti**

Bugungi kúnde pedagog alimlar balalar jámááti rawajlanıwı processin analiz qilar eken, onı tómendegi ush basqıshqa bóledi:

A. Jámáátti dáslepki birlestiriw;

B. Jámáátti qáliplestiriw – onıń hár bir aǵzasin individual rawajlandırıw quralı bolıp tabıladı.

Jámáát turmısındaǵı hár bir basqıshın ajratip kórsetiw joqarıda bayan etilgen pikirlerge qarsi emes, *shaxstıń* rawajlanıwında jámááttiń jetekshi áhmiyetin tikleydi. Rus pedagogi A.S.Makarenko ózinıń "Pedagogikalıq poema" shiǵarmasinda jámáát múnásebetlerinıń ishki táreplerine úlken áhmiyet bergen edi. Ol jámáátte qáliplesken eń zárúr tómendegi belgilerdi ajratip kórsetken edi:

1) Major – dayima tetiklik, tárbıyalanıwshılardıń xizmet (háreketke) tayarliǵi;

2) Óz jámááti qadiryatlarınıń *mazmunı*n túsiniw, onıń ushın ǵururlaniw tıykarında óz qádir-qimbatin ańlaw;
3) Onıń aǵzaları ortasindaǵı dostana birlik;
4) Jámááttiń hár bir aǵzasinda dostana birlik;
5) Tárbiyali, isshen háreketke jollawshi aktivlik;
6) Óz sezim hám sózlerin basqara alıw kónlikpesi.

D. Jámáátti qáliplestiriwde jámáát aǵzaları hám olardıń xizmetlerine qoyilatuǵın jalǵiz talaplar zárúr áhmiyet payda etedi.

Jalǵiz talap oqıwshılardıń sabaq processindegi, tánapis hám klasstan tıs jumıslar waqtındaǵı jámáát jerleri hámde úydegi minez-qulıq qaǵiydaların óz ishine aladı.

Puxta oylap shıǵılıwı talaplar sistemasınıń turaqli ámelge asiriliwi mektepte belgili tártiptiń ornatiliwin táminleydi.

Pedagoglar tárepinnen qoyilatuǵın talaplar tómendegi sharayatlarda *unamlı* nátiyje beredi:

1. Qoyilatuǵın talaplar oqıwshı shaxsın húrmet qılıw menen qoyiliwi kerek.
2. Qoyilatuǵın talaplar belgili mektep yaki klasstaǵi bar sharayatti esapqa alǵan halda qoyiliwi lazım.
3. Qoyilatuǵın talaplar anıq bolıwı kerek.
4. Oqıwshılardıń sırtqı kelbeti, kiyiniwi, júris-turisi hámde múnásebetine qarata qoyilllatuǵın talaplar, olarda mánáwiy mádeniyatti qáliplestiriwge xizmet qılıwi shárt.

Pedagog oqıwshıǵa qoyilatuǵın talaplar kólemi, sistemasın bilip ǵana qalmastan, talap qoyıw *metodıkasın* da ózlestire alǵan bolıwı kerek.

Oqıwshılarǵa talaplar qoyıw *metodıkası* balalardı talaplar *mazmunı* menen tanistirip, olardıń áhmiyetin túsintiriw, tájriybe arttiriw hámde olardı turaqli qadaǵalap barıwdan ibarat.

Oqıwshılardi talaplar menen tanıstırıw kóbinshe ulıwmalıq májlislerde ámelge asırıladı. Bunda tálim mekemesi direktori yaki oqıw isları boyınsha

director orınbasari keleshekli rejeler hám olardı ámelge asırıw processindegi talaplar *mazmunı* menen oqıwshılardi tanistiradi. Tolıq tanıstırıw ayrım jağdaylarda ámelde kórsetiw, keyinrek klasslar boyınsha, klass májlislerinde, arnawlı sáwbetler shólkemlestiriw jağdayinda ámelge asırıladı.

Minez-qulqti qáliplestiriwge bağdarlantirilğan talaplar menen tanıstırıw bul talaplar ústinde shınığıw qildiriw menen qosip alıp bariliwi kerek. Minez-qulqti tárbiyalaw sanani tárbiyalawğa qarağanda quramalı jumıs. Oqıwshılar talaplar *mazmunı*n jaqsı ańlawları múmkin, Bıraq, kópshilik jağdaylarda olarğa ámel qilmaydı. Sol sebepli turaqli ráwishte shınığıw qildiriw – mádeniy minez-qulqti ádetke aylantiradi.

Talaplardıń qoyiliwi processinde olarğa oqıwshılardıń ámel qılıwi ústinnen qadağalaw ornatiw lazım. Qadağalap barıw túrli formalar járdeminde ámelge asırıladı, solardanminez-qulq jurnalin júritiw, klasstaği náwbetshilik ushın stendta bahalardi jazip barıw hám basqalar. Qadağalaw haqqaniy hám turaqli bolıwı kerek. Onıń nátiyjelerinnen oqıwshılardi eskertip barıw lazım.

Jámáátti shólkemlestiriw hám birlestiriw onda aktivti tárbiyalaw menen bekkem baylanıslı. Hár bir pedagogtiń jámáátti qáliplestiriw barısındağı háreketi jámááttiń tayanish yadrosin tańlawdan baslanadi.

Jámáát aktivligin qáliplestiriw jámááttiń ol yaki bul xizmetin olardıń jámáát islerindegi qatnasıwi, minez-qulqin baqlap barıwi, hár bir oqıwshınıń social xizmetin shólkemlestiriw uqıplığın anıqlaw zárúr. Jámáátte aktivdi qáliplestiriw – jámááttiń ol yaki bul xizmetke bolğan zárúrligi *mazmunı*nda kelip shiğadi.

Isenimli, isshen jámáát aktivin jaratıw ushın oqıtıwshı oqıwshılar xizmetin olardıń jámáát islerindegi qatnasıwi, minez-qulıqin baqlap barıwi hár bir oqıwshınıń social xizmetin shólkemlestiriw uqıplığın anıqlawi lazım.

Jámáát aktivin qáliplestiriwde oqıwshılardıń jámááttegi abiroyin da inabatqa alıw lazım. Jámáát aktivi quramin balalardıń ózleri, álbette, pedagog qatnasıwinda hám basshılığında tanlansa, maqsetke muwapıq boladı. Pedagog jámáát aktivi menen másláhátlesiwin payda etedi.

Jámáát aktiviniń hár bir aǵzasi moynina belgili wazıypa júklew, belgili dáwirde mine usı wazıypalar júzesinnen esabat berip barıwlarına erisiw lazım. Pedagog mine usı aktivke asirilǵan talap qoyadi. Oqıwshılar jámáátinde aktiv basshılıǵında ózin ózi basqarıw jámáát aǵzalarınan ayrımlarınıń basqasi ústinnen ústin bolıwına alıp kelmesligi kerek. Sol sebepli pedagog aktivin maqsetke muwapıq xizmet júritiwdi qadaǵalap barıwi lazım.

Oqıwshılardıń óz-ózin basqarıw, bul – pedagoglar tárepinnen shólkemlestiriletuǵın jámáát jumısın shólkemlestiriw hám basqarıwda oqıwshılardıń aktiv qatnasıwi bolıp tabıladı. Ózin ózi basqarıwdiń formaları arasinda jámáát aǵzalarınıń jiynalisi, konfferentsiyasi hámde túrli komissiyalar xizmeti zárúr orın tutad.

Oqıwshılar jámáátin qáliplestiriwde dástúrler zárúr orın iyeleydi. Jámáát dástúrleri, bul – barqararlasqan ádet bolıp, olardı jámáát aǵzaları birdey qollap-quwatlaydi. Jámáát dástúrleri *mazmunı*nda múnásebetler ózgesheligi hámde jámááttiń social pikiri ayqin ipadalanadi.

Jámáát dástúrleri shártli ráwishte ekige bólinedi:

a) Kúndelik xizmet dástúrleri;

b) Bayram dástúrleri.

Kúndelik xizmet dástúrleri oqıwshılardıń oqıw xizmeti (ózara járdem túrleri)n , miynet xizmetin (eginler egiw, shebilikler shólkemlestiriw hám basqalar) óz ishine aladı. Bayram dástúrlerine túrli waqiya hám hádiyseler menen baylanıslı sánelerdi nishanlaw, tiykarinan, “Álipbe bayrami”, Mustaqillıq, Nawriz bayrami, Este saqlaw hám qádirlew kúni hám basqalar kiredi.

Dástúrlik bayramlar oqıw mekemelerinde túrlishe ótkiziledi. Oqıwshılar dástúrler *mazmunı*n ańlap, olarǵa qarata sanali múnásebette bolsa, onıń tásir kúshi joqarı boladı.

Dástúrlerdiń júzege keliwide oqıwshılardıń oǵan qarata múnásebeti úlken áhmiyetke iye. Mektep adminstratsiyasi hám oqıwshılar balalar jámáátine ol yaki bul artiqsha dástúrlerdi júklemeslikleri kerek. Olardıń wazıypası ashkar

bolmaǵan halda hámde oqıwshılar jaratıw zárúrligin túsintiriw keshelerin shólkemlestiriw hám ótkiziwde birgelikte jumıs alıp barıw, oqıwshılardi dástúrlerdi dawam ettiriwge úyretiwden ibarat.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Jámáát bul - …?
2. Jámáát social jámiyettin bir bólegi sıpatında ?
3. Jámááttiń túrleri ?
4. Jámááttiń ózine tán ózgeshelikleri ?
5. Jámáátti qáliplestiriw basqıshları ?

## TEMA-8. Akademiyalıq litsey hám kásip oner kolledjlerinde tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw.

Joba:

1. Ma'mleketimizde alip barilip atirg'an jan'alaniwlarda jaslar tarbiyasina mu'nasabet.
2. Akademiyalıq litsey hám kásip oner kolledjlerinde alip barilatug'in tarbiyaliq ju'mislar mazmuni.
3. Tarbiya qag'iydalari.

**Tayanish túsinikleri.**

Jaslar tárbiyasına munasebet, Akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri , tárbiyalıq jumıslar, tárbiya qağiydaları, insanıty páziyletler, muqaddes kitaplar, tárbiyani demokratiyalastiriw.

Ǵárezsizlik *jıl*larında Prezidentimiz basshılıǵı menen mámleketimizde bilimlendiriw sistemasında ámelge asirilip atırǵan jańalaniwlar ózınıń ayqin natiyjeligin bermekte. Ásirese, orta buwin qaniygelerine bolǵan zárúrlikti qanaatlandiriw, ulıwma tálim mektep pitiriwshilerin kásip-óner kolledjleri hám akademiyalıq liceylerde oqıtıw menen tolıq táminlew bilimlendiriw

sistemasında alıp barılıp atırǵan jańalanıwlardıń tup mazmun, mánisin payda etedi.

Mámleketimiz bilimlendiriw sistemasında jolǵa shıǵılıwı 12 *jıl*lıq ulıwma tálim hám orta arnawlı, kásip-óner tálimi ózine tánligi menen ajıralıp turadi.

Resbuplikamız jaslarınıń hámmesi tolıq ráwishte kásip-ónerge iye bolıwı ushın bárshe shart-sharayıtlar jaratılǵan. Mámleketimiz tárepinen tálim tarawına úlken itibar berilgen, sonlıqtanda ulıwma orta tálim yaǵniy mektep pitiriwshileri menen islew bólimleri bar. Akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri menen islew bólimleriniń maqseti hám *wazıypaları* bar bolıp olar tómendegiler:

- Joqarı keleshekke iye, materiyalıq-texnikalıq bazaǵa, ulgili tálim-tárbiya processin eń jaydırııw imkaniyatina iye bolǵan akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri menen óz-ara birge islesiw xizmetin shólkemlestiriw;
- Birge islesiw mekemelerde pánlerdi ózlestiriliwiniń *metodı*kalıq analizi, xabar hám kásiplik pedagogikalıq texnologiyalardi eń jaydiiriw tıykarında, optimal tálim alıw processin shólkemlestiriw onı *metodı*kalıq hám materiyalıq támiynatınıń nátiyjeli turin islep shıǵıw islerin kóriw;
- Akademiyalıq licey, kásip-óner kolledjleri, bakalavriat hám magistratura baǵdarındaǵı pánlerdiń úzliksiz dástúrlerin, ilimiy izleniwlerdiń jetıskenliklerin esapqa alǵan halda rawajlandırıw hám onı xabar taminati sistemasın jaratıwdaǵı islerdi shólkemlestiriw shara-ilajların kóriw;
- Ilimiy hám *metodı*kalıq izleniwlerdiń nátiyjeleri tıykarında úzliksiz bilimlendiriw baǵdarlamaları tıykarında nátiyjeli tálim beriw talaplarına juwap beriwshi sabaqlıqlar hám ádebiyatlar jaratıw islerin shólkemlestiriw, jańa ádebiyatlar keshelerin shólkemlestiriw;
- Tálim túrleri boyınsha talabalardıń fizikalıq salamatlıǵın qadaǵalaw arqalı *shaxstıń* imkaniyatina sáykes fizikalıq turaqlılıq sharayitların hám

bul bağdarda uqıpli jaslar ushın úzliksiz shuğllaniw dástúrlerin islep shığıw;

- Zamanagóy xabar texnologiyaları hám xalıqara Internet tarmağinnan paydalaniwshi karxanalar talapların esapqa alğan halda pánlerdiń elektron xabar sistemaların jaratıwda qatnasıw.
- Mámleket tálim standartları hám olardı oqıw processine en jaydiriliwin uzliksiz analizlep barıw tıykarında olardı rawajlandırıw ushın usunislar islep shığıw;
- Jaslardıń jedel intellectual rawajlanıw talaplarına juwap beretuğın, milliy hám xalıq-ara kólemlerde tán alınğan ádebiyat hám kórkem óner durdanalarınıń elektron-audio-videoların jaratıw ústinde is alıp barıw;
- Bólim iskerligi boyınsha ámeliy processti shólkemlestirip, onıń joqarı nátiyjelerin en jaydırııw shara-tádbirlerin kóriw;
- Óz ara mápli temalar boyınsha leciyalar oqıw, birgelikte oqıw-usıllıq, ilimiy-teoriyalıq, ilimiy-usıllıq konferentiyalar hám seminarlar ótkiziw.

Ádep-ikramlıqqa tiyisli bilimler jámáátte adamlar xulqin tártipke salıwshi ádep-ikramlıq túsinikler, printsipler, talaplar qağiydalarınan ibarat. Hár bir adamnıń ózine tán, belgili nızam-qağiydaları bolğani sıyaqlı, bala tárbiyasınıńda ózine tán zárúr nızam-qağiydaları bar bolıp, olarğa ámel qılıw tárbiya isiniń nátiyjeli bolıwın támiyinleydi.

Tárbiya qağiydasi – pedagog tálim hám tárbiya processin jaqsı shólkemlestiriw maqsetinde paydalanatuğın baslanğısh jağday, basshılıq tiykari bolıp esaplanadı. Tárbiya qağiydaları oqıtıwshı, tárbiyashılarğa jol-joriq kórsetiwshi qağiydalar esaplanadı hám tárbiyalıq processte bul qağiydalarğa ámel qılıw onıń nátiyjelign asiradi, jaqsı nátiyjelerge alıp keledi. Tárbiya qağiydaları Shiğis hám Oraylıq Aziya filosof-danishpanlardıń pikirleri hám milliy pedagogika erisken jetıskenliklerge tiykarlanadı.

Tárbiyanıń *mazmunı*, shólkemlestiriliwi, usulları hám olarğa qoyilatuğın talaplar usı qağiydalarda óz kórinisin tabadi.

Tárbiya qaǵiydalarına tómendegilerdi kiritiw múmkin: tárbiyanıń bir maqsetke qaratılǵani, tárbiyanıń insanparwarlıq hám demokratiyalıq qaǵiydasi, tárbiyanıń turmıs penen, miynet penen baylanıslıǵi qaǵiydasi, tárbiyada milliy-mádeniy hám ulıwmainsanıy qádiriyatlardıń ústinligi qaǵiydasi, tárbiyada oqıwshılardıń jasi hám jeke ózgesheligin esapqa alıw qaǵiydasi, izshillik, sistemalilıq, tárbiyalıq tásirlerdiń birligi hám úzliksizlik qaǵiydasi hám basqalar.

Tárbiyanıń bir maqsetke qaratılǵanlıq qaǵiydasi. Tárbiyadan kózlengen maqset hár tárepleme mánáwiy rawajlanǵan, aqılıy hám ádep-ikramlıq barkamal shaxstı qáliplestiriwden ibarat. Soǵan kóre tárbiyalıq iskerliktiń *mazmunı*, shólkemlik formaları hám usulları usı maqsetke erisiwdi kózde tutadi. Demek, tárbiyalıq is belgili maqsetti kózlewshi hám uzliksiz dawam etiwshi process bolıp tabıladı.

Tárbiyanıń insanparwarlıq, demokratiyalıq qaǵiydasi. tárbiyada insan shaxsın joqarı social qádiriyat dep tán alıw, hár bir bala, ósmir hám qızlardıń biytakrar hám ózine tánligin hurmetlew, onıń social huquqi hám erkinligin esapqa alıw lazım. Jaslardi insanıty páziyletler ruwxinda tárbiyalawda muqaddes kitap Qurani Karim, Hádislerden paydalaniw júdá zárúr. Oqıtıwshı oqıwshı qálbine jol tabiw ushın bilimi hám isi menen ǵana emes, bálki ádep-ikramliǵi, mádeniyati, rasgóyligi hám shiyrin sózligi menen ulgi bolıwı lazım. Jaqsı oqıtıwshı oqıwshılardıń sózin diqqat penen tińlaydi, olarǵa dálde beredi, tuwri baha qoyadi, hámmeni teń kóredi, balalardı jaqsı kóredi.

Tárbiyani demokratliyastiriw – bul tárbiyani zárúrlik hám *qızıǵıw*lardan joqarı qoyıw, tárbiyashı hám tárbıyalanıwshı ortasindaǵı ózara isenim, birgelik tıykarında pedagogikalıq múnásebetler *mazmunı*n ózgertiriw demekdir.

Tárbiyada milliy hám ulıwmainsanıy qádiriyatlardıń ústinligi qaǵiydasi. Mánáwiy qádiriyatlar hám ideyalar hár *qıylı* millet oqıwshılardi birlestiredi, oqıw hám miynet iskerligin úyǵinlastiriwǵa járdem beredi. Xalqimizdiń kóp ásirlik qádiriyatların, úlken hám bay mádeniy miyrasin tereń bilmesten,

milliy ózligin ańlaw, milliy ǵurur túyǵisin qarar taptiriw múmkin emes.

Tárbiyada oqıwshılardıń jasi hám ózine tán ózgesheliklerin esapqa alıw qaǵiydasi. Balalar mektepte rawajlanıwlardıń túrli dáwirlerin: balalıq, ósmirlik, óspirinlik dáwirlerin basıp ótedi. Balalardıń jasi rawajlanıw dárejesine kóre olarǵa beriletuǵın tárbiyanıń *mazmunı* ózgerip baradı, jaasi óskensayin olarǵa talapta artadi. Sol sebepli orta hám úlken jastaǵi balalardı tárbiyalawda olardıń mustaǵillıǵına súyenip is kóriw jaqsı nátiyje beredi. Tárbiya beriwde balalardıń jas ózgesheliklerinen tıs, hár qaysi balanıń jeke ózgesheliklerin (páziyletleri, qábiliyeti, qálewi hám *qızıǵıw*ların) esapqa alıwda úlken áhmiyetke iye.

Tárbiyalıq islerdiń izshilligi, sistemaliliǵi hámde birligi. Jaslar menen alıp barilatuǵın hár bir tárbiyalıq is pútkil tárbiya isleriniń ajralmas bir bólimi sıpatında ámelge asirilǵanda onıń tásiri kúshli boladı.

Tárbiya isinde izshillik hám sistemalılıq sonnan ibarat bolıp, hár bir tárbiya isi mekteptiń ulıwmalıq tárbiyalıq jobasina tiykarlanip belgili izshillikde ámelge asırıladı, aldınǵI islerdiń logiykalıq dawami sıpatında tárbiya tarawında qilinip atırǵan islerdi rawajlantiradi, bekkemleydi hám jánede joqarı dárejege kóteredi. Tárbiya beriwde sistemalılıq qaǵiydasi tárbiyani ámelge asirituǵın bárshe buwinlardıń – shańraq hám mektep, balalar hám jaslar shólkemleri, jámáátshilik, máhálle aktivleri, mektepten tıs tárbiya mekemeleriniń birgelikte hám másláhátli is kóriwin názerde tutadi.

Tárbiya processinde sistemalılıq hám izbe-izligin támiynleytuǵın zárúr shártlerden biri tárbiya tarawındaǵı bilim, kónlikpe hám epliliklerdi iyelew hám de bekkemlewde úyǵinlıqqa ámel qılıw bolıp tabıladı. Tárbiyalıq islerdiń bárshesinde balalarda bar bolǵan bilim, kónlikpe, tájriybeler hám ádetlerge hám olardıń turmıs tájriybelerine súyeniw lazım.

Hár bir adam óz ómir jolinda qansha jetıskenlikke erisken yaki imkaniyatların qoldan bay bergen bolsa, bunıń hámessine, aldi menen onıń minez-xulqi, alǵan tárbiyası sebepshi boladı.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. AL hám KÓKleri menen islew bólimleriniń tiykarǵı *wazıypaları* ?
2. Tárbiya qaǵiydasi bul -…?
3. Tárbiya qaǵiydalarına nelerdi kiritiw múmkin?
4. Jaslardi insanıy pazíletler ruwxinda tárbiyalawda muqaddes kitaplar ?
5. Tárbiyani demokratiyalastiriw?

## TEMA-9. Mehribanlıq u'ylerinde tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwdiń ózine tánlikleri

Joba:

1. Mehribanliq u'ylerinde alip barilatug'in ruwhi a'dep-ikramliq jumislar mazmuni.
2. Mehribanliq u'ylerinde tarbiyashilardin' xizmetin sholkemlestiriw.
3. Innovatsion tarbiya texnologiyalarinin' tarbiyalaniwshilardin' a'dep-ikramliliq printsiplerin qa'liplestiriwdegi a'hmiyeti.

**Tayanish túsinikleri.**

Mehribanlıq uyleri, ruwxıy, ádep-ikramlıq tárbiya, innovatsion tárbiya, texnologiyalar, Ózbekistandaǵı dáslepki balalar úyleri,jetimxanalar, "Mehribanlıq úyleri haqqında" ǵi nızam,bólim.

Mexribanlıq úyleri – jetim hám ata-analarınıń yaki basqa nızamli baǵiwshilarsiz qalǵan balalar ushın mámleket tárepinnen ashilǵan tálim-tárbiya mekemesi bolıp tabıladı. Jetim yaki nızamli baǵiwshilar qaramaǵinda bolmaǵan balalar, ata-anaları sud qararı menen ata-analıq huquqinan maxrum qilinǵan, ata-anaları bas keshken balalar ushın shólkemlestirilgen. Mexribanlıq úylerinde 3 jastan 16 jasqa shekem bolǵan salamat balalar jasawi hám tárbıyalanıwi ushın zárúr sharayitlar jaratiladi. Mexribanlıq úylerinde tárbıyalanıwshılardi oqıtıw hám baǵiw tolıq mámleket táminati tıykarında belgilengen tártipte ámelge asırıladı.

Mexribanlıq úyleri 3-7 jasli balalar ushın balalar baqshasi tártibinde, 7-16 jasli balalar ushın ulıwma orta talim tártibinde isleydi hámde mektep tálim-tárbiyalıq dásturine muwapıq is alıp baradı. Mexribanlıq úylerinde tárbıyalanıwshılardıń mektep oqıw dástúrin tolıq ózlestiriwi, olarda miynet kónlikpelerin qáliplestiriw hám bekkemlew, fizikalıq kamal tabiwları, ádep-ikramlıq hámde estetikalıq tárbiya alǵan barkamal shaxslar bolıp jetilisiwi táminlenedi. Sonıń menen, joqarıdaǵı maqsetlerge qaratılǵan ruwxıy-aǵartiwshilıq, mádeniy hám ulıwmalıq jumıslar alıp bariladi. Mehribanlıq úyleri Ózbekstanda dáslep 1918-*jıl* jetimxanalar tıykarında balalar úyi ati menen shólkemlestirildi. II jáhán urusı *jıl*larında uris qatnasıwshilarınıń balaları ushın arnawlı balalar úyi ashilip, olarda Ukraina, Belorussiya, Litva, Latviya, Estonıya, Moskva, Leningrad hám basqa qalalardan keltirilgen balalar tárbiyalandi. 1995-*jıl*dan Mexribanlıq úyleri dep ataldi. 2002-*jıl* Ózbekstanda 27 Mexribanlıq úyleri jumıs isledi, olarda 3650 bala tárbiyalandi.

Respublikamiz ǵárezsizlikke eriskennen keyin tálim-tárbiya tarawına úlken itibar qaratti. Sonlıqtan resbuplikamizdaǵı bárshe ósip kiyatırǵan jas áwládtiń tálim hám tárbiyası boyınsha kóp jumıslar islendi. Jańa tálim hám tárbiya mekemelerin jańadan qurip pitirdi, basqaların bolsa kapital remontlap, olardı hár *qıylı* oqıw jihazları hám ásbap-úskeneleri menen hám de tájiriybeli qánigeler támiyinledi. Sol qatari, tálim-tárbiya mekemeleri bolǵan mexribanlıq úyleri de názerde qalmadi. Bárshe qala hám walayatlarda, awil hám rayonlarda mexribanlıq úyleri ashilip, olar mámleket tárepinen támiyinlendi. *Mısal* retinde sonı aytıw múmkin Qaraqalpaqstan Respublikasi Xojeli rayonında 1-sanli Mexribanlıq úyinde 100 bala tárbiyalanip, olarǵa 21 tárbiyashı hám 8 pedagog qániygeler tálim-tárbiya bermekte.

Mámleketimiz Konstitutsiyasinda Mexribanlıq úyi haqqında nızam belgilengen bolıp, ol tómendegishe:

I. Ulıwma qaǵiydalar

II. Mexribanlıq úyin shólkemlestiriw tártibi

III. Mexribanlıq úyine balalardı qabıl qılıw

**Ошибка! Недопустимый объект гиперссылки.**

V. Mexribanlıq úyinde tálim-tárbiya processin shólkemlestiriw

VI. Sotsiyal-psixologiyalıq pedagogikalıq járdemlesiwdi shólkemlestiriw

VII. Mexribanlıq úyi xizmetkerleri

VIII. Mexribanlıq úyin basqarıw

IX. Finans-xojalıq xizmeti

X. Juwmaqlawshi qaǵiydalar

Qosimshadan turadi.

Bul Nızam Mexribanlıq úylerin shólkemlestiriw hám olardıń xizmeti, sonıń menen olarda tálim-tárbiya processin shólkemlestiriw tártibin belgileydi. Mexribanlıq úyi jetim balalar hám ata-anasınıń qarawisiz qalǵan balalar ushın mámleketlik tárbiya orni bolıp esaplanadı.

Mexribanlıq úyi óz iskerliginde Ózbekstan Respublikasi Konstitutsiyasina hám nızamlarına, Ózbekstan Respublikasi Oliy Májlisi palatalarınıń qararlarına, Ózbekstan Prezidenti pármanları, qararlar hám pármayishlarına, Wázirler Mahkamasinıń qararları hám pármayishlarına, usı Nızamǵa, basqa nızam hujjetlerine, sonıń menen óz ustavina ámel qiladi. Tómendegiler Mexribanlıq úyinıń tiykarǵı *wazıypaları* esaplanadı: jetim balalar hám ata-anasınıń qarawisiz qalǵan balalardı tárbiyalaw, kamal taptiriw hám qollap qiwatlaw;tárbıyalanıwshılardıń ómiri hám salamtlıǵI, psixologiyalıq hám fizikalıq rawajlanıwınıń qorǵalıwın táminlew; tárbıyalanıwshılardıń nızamli huquq hám mápleri social-huqıqıy qorǵalıwın táminlew.

Mexribanlıq úyi Ózbekstan Respublikasi Xalıq tálimi wázirligi menen kelisilgen halda, belgilengen tártipte Qaraqalapaǵistan Respublikasi Wázirligi Keńes, walayatlar hám Tashkent qalalıq hákimlikleri tárepinnen shólkemlestiriledi. Mexribanlıq úyi mekemesi formasında shólkemlestiriledi hám tiyisli qala hákimligiinde yuridikalıq shaxs sıpatında dizimnen ótkiziledi. Mexribanlıq úyi ustavi xalıq bilimlendiriwinıń tiyisli organi tárepinen tastiqlanadi.

Mexribanlıq úyleri tómendegi tiplarǵa bólinedi:

a) mektepke shekemgi Mexribanlıq úyi (3 jastan 7jasqa shekem bolǵan balalar ushın);
b) Mexribanlıq úyi (mektepke shekemgi hám mektep jasındaǵı yaki tek mektep jasındaǵı balalar ushın);
v) arnawlı korrekcion Mexribanlıq úyi (fizikalıq yaki psixikalıq rawajlanıwında nuqsanı bar balalar ushın).

Balalar Mexribanlıq úyine *jıl* dawamında ata-anaları qaytıs bolǵan, olar ata-analıq huquqinnan maxrum etilgen, olardıń ata-analıq huquqları sheklengen, ata-analar huqıqıy uqıpsiz dep tán alınǵan, ata-analar kesel bolǵan, ata-analar uzaq muddet bolmaǵan, ata-analar balaların tárbiyalawdan yaki olardıń huquq hám máplerinen bas tartqan, sol qatarda ata-analar óz balaların tárbiya mekemelerinen, emlew orınlarınan, xalıqtı social qorǵaw orınlarınan hám soǵan uqsas mekemelerden alıwın biykar etken jaǵdaylarda, sonıń memen balalar ata-analarınıń qarawisiz qalǵan basqa jaǵdaylarda qabıl qiliniwi kerek.

Mexribanlıq úyine 3 jastan 16 jasqa shekem bolǵan balalar qabıl qilinadi. Mexribanlıq úyine kem táminlengen, kóp balali shańaraqlardıń balaları, tek ǵana atasi yaki anasi bar bolǵan balalar usı shańaraqlardi bir *jıl*ǵa shekem múddette social qollap-quwatlaw maqsettinde waqtınshalıq qabıl qilinadi.

Mexribanlıq úyindegi tárbıyalanıwshılar sanı Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Keńesi, walayatlar hám Tashkent qalalıq hakimlikleri tárepinnen, sanıytariya hám gigiyena normalarına májburiy ámel qilǵan halda belgilenedi, lekin tárbıyalanıwshılardıń sanı 140 tan aspawi kerek. Mexribanlıq úyi tárbıyalanıwshıları hár *qıylı* yaki bir *qıylı* jastaǵI tárbıyalanıwshılar toparlarına birlestiriledi. 7 jasqa shekem bolǵan túrli jastaǵi balalar toparlarında tárbıyalanıwshılar sanı 10 dep belgilenedi, bir *qıylı* jastaǵi tárbıyalanıwshılar toparlarında bolsa: 4 jasqa shekem bolǵan balalar – 8, 4 jastan 7 jasqa shekem bolǵan balalar toparlarında bolsa – 12 bala boladı; tárbıyalanıwshılar toparlarındaǵı oqıwshılar sanı I – IX klasslarda – 17 adam bolıwı lazım.

Mexribanlıq úyine jiberiw tárbıyalanıwshı jasaytuǵın orın boyınsha rayon (qala) hákiminıń qararı tıykarında Mexribanlıq úyi onıń quraminda bolǵan xalıq

tálimi tiyisli organları táreppinnen ámelge asırıladı. Bir shańaraqtiń aǵzaları bolǵan balalar yaki aǵayinlar bir orınǵa jiberiledi. Tárbiyalanshilardi mektepke shekemgi tárbiya Mexribanlıq úyine ótkiziw 1-iyunnan 25-avgustka shekem ámelge ámelge asırıladı.

Mexribanlıq úyleri tárbıyalanıwshılarınıń tálimi, tárbiyası hám táminati tolıq mámleket táminati tıykarında ámelge asırıladı. Mexribanlıq úyi tárbıyalanıwshıları Ózbekstan Respublikasi Sawlıqtı saqlaw wázirligi tárepinnen belgilengen tártipte tastiqlanǵan Mexribanlıq úyleri tárbıyalanıwshılarınıń azıq -awqat ónimleri paydalaniwinıń ortasha sutkalıq normalarına muwapıq azıq -awqat, sonıń menen usı Nızamǵa qosmsha ǵa muwapıq norma boyınsha kiyim-bas, ayaq kiyim, jumsaq mebeller menen táminlenedi.

Mexribanlıq úyi adminstratori tárbıyalanıwshılar usı Mexribanlıq úyinde bolıwınıń birinshi *jıl*i dawamında Qaraqalpaqstan Respublikasi Wazirligi Keńesine, walayatlar hám Tashkent qalalıq hákimliklerine, ata-anasiniń qarawisiz qalǵan, úy-jay maydanina zaúrúr bolǵan tárbiyalniwshilar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı beredi. Qaraqalpaqstan Respublikasi Wazirler Keńesi, walayatlar hám Tashkent qalalıq hákimlikleri Mexribanlıq úyleriniń zárúr tárbıyalanıwshılardi nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte úy-jay menen táminlewi kerek.

Mexribanlıq úyi adminstratsiyasi tárbıyalanıwshılardıń orta arnawlı, kásip-óner tálimi mekemelerine kiriwine de járdem beredi. Tárbiyalaniwshilar nızam hujjetlerine, ádep-ikramlıq normalarına, Mexribanlıq úyinıń ishki tártip-qaǵiydalarına ámel qılıwǵa: bilimlerin, ámeliy kónlikpelerin, kásiplik sheberligin turaqli hám puxta iyelewge, ózleriniń ulıwma hám mádeniy saviyasin asirip barıwǵa májbúr.

Tárbıyalanıwshılardıń pitiriwi haqqındaǵı qarar kollegial organ – Mexribanlıq úyi quraminda bolǵan xalıq tálimi tiyisli organi tárepinnen tastiyqlanadi.

Mexribanlıq úyi direktori tárbıyalanıwshılardi qabıl qılıw hám olardı Mexribanlıq úyinnen shıǵarıw ushın usı Nızam talaplarına muwapıq shaxsan juwap beredi.

Tárbıyalanıwshılardi oqıtıw jaqın atırapta jaylasqan ulıwma tálim hám qániygelestirilgen tálim mekemelerinde ámelge asırıladı.

Tárbiyalaniwshilar bilim alıp atırǵan tálim mekemeleriniń oqıw-tárbiyalıq hám basqa máseleleri Mexribanlıq úyi pedagogikalıq jámááti menen birgelikte sheshiledi. Mexribanlıq úyindegi tálim-tárbiya, ruxiy-ádep-ikramlıq isler tálim hám tárbiyanıń insanparwarlıq, demokretiyalıq hám dunyalıq printsipleri tıykarında quriladi.

Mexribanlıq úyi tárbıyalanıwshılarınıń intellektual, ádep-ikramlıq, fizikalıq rawajlanıwı, olardı mustaqil turmısqa tayarlaw ushın eń kóp dárejede qolay sh'rt-shariytlar jaratadi. Fizikalıq yaki psixikalıq rawajlanıwında nuqsanları bolǵan tárbıyalanıwshılardıń tálim-tárbiya protsassi rawajlanıwdaǵı nuqsanlarına muwapıq tálim hám tárbiyanıń arnawlı dástúrleri boyınsha shólkemlestiriledi. Tárbıyalanıwshılardıń mádeniy-ulıwmalıq, sport hám miynet iskerliginıń túrli formalarında qatnasıwi shólkemlestiriwshilik, mustaqillıq hám hujdaniylıq printsipleri tıykarında ámelge asırıladı. Balaǵa bolǵan dostana múnásebetler ortalıǵın jaratıw hám jaslar shólkemlestiriwshiliklerin qollap-quwatlaw maqsetinde Mexribanlıq úyinde balalar birlespeleri shólkemlestiriw múmkin. Tálim, miynet, dem alıw hám túrli keshelerdiń meditsinalıq-pedagogikalıq tárepten óz ara tiykarli baylanıslıqtı támiynleytuǵın kún tártibi tárbıyalanıwshılardıń Mexribanlıq úyinde keshe-kúndiz bolıwların esapqa alǵan halda dúziledi.

Tárbıyalanıwshılar, pedagoglar, tárbıyalanıwshılardıń ata-anaları yaki olardıń ornın bosatuǵın shaxslarǵa social, psixologiyalıq-pedagogikalıq járdem beriw maqsetinde Mexribanlıq úyinde social-psixologiyalıq, pedagogikalıq kómeklesiw xizmeti shólkemlestiriledi.

Social-psixologiyalıq, pedagogikalıq xizmet xizmetkerleri: Tárbıyalanıwshılardıń huquq hám máplerin hám olardıń mal-múlkin qorǵaydi;tárbıyalanıwshılar menen diagnostikalıq, psixoprofilaktikalıq, korrektsion, másláhát beriw hám reabilatsiya islerin alıp baradı; Mexribanlıq úyınıń tárbıyalanıwshıları, pedagogları, adminstratsiyasi hám basqa xizmetkerleri menen psixoprofilaktikalıq másláhát beriw, tálim (seminarlar, trenıńlar) islerin alıp baradı;tárbıyalanıwshılardıń ata-

anaları yaki olardıń ornın basiwshi shaxslar menen másláat beriw hám reabilatsiya islerinalıp baradı. Tárbıyalanıwshı Mexribanlıq úyi turmısına tolıq kirisip ketiwin hám keyinshelik onıń jámiyetke social maslasiwin táminlew ushın social xizmetker, psixolog, pedagog-tárbiyashı hám vrach tárepinnen birgelikte tárbıyalanıwshı menen jeke korrektsion-tárbiya islerinalıp barıw dástúri islep shıǵıladı.

**Mexribanlıq úyi xizmetkerleri** nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte kontrakt tıykarında qabıl qilinadi.Meditsinalıq xizmet kórsetiw Mexribanlıq úyinıń meditsina xizmetkerleri tárepinnen (tiyisli sawlıqtı saqlaw mekemelerinen qániygelerdi tartqan halda) ámelge asırıladı, olar (adminstratsiya menen bir qatarda) tárbıyalanıwshılardin salamtliǵI hám fizikalıq rawajlanıwı, awqatlanıw tártibi hám sıpati, dawalaw-prfilaktika, keshelerin ótkiziw hám sanıtariya-gigieyna normalarına ámel qılıw ushın juwap beredi.

Mexribanlıq úyinde tálim-tárbiya processin psixologiyalıq táminleniwin psixolog ámelge asiradi. Mexribanlıq úyi tárbıyalanıwshıların social qorǵaw hám social baqlap barıw social taraw organi xizmetkeri tárepinnen ámelge asırıladı. Mexribanlıq úyi adminstratsiyasi pedagog, meditsina hám social taraw xizmetkirleriniń pedagogikalıq, kásiplik hám psixologiyalıq sheberligi turaqli ráwishte qáliplestirip bariliwi, olardıń sheberligin asırıw hám olardı qayta tayarlaw ushın juwap beredi. Mexribanlıq úyi xizmetkerleriniń lawazimi boyınsha huquqları hám májbúriyatları, basshılarınıń uqıpliǵI hám funktsiyaları nızam hujjetlerinde, sonıń menen Mexribanlıq úyi ustavinda belgilenedi.

Mexribanlıq úyin basqarıw demokratiya, ashkaralıq printsipleri tıykarında hám Mexribanlıq úyi jámááti menen jámáátshiliktiń óz ara hámkarlıqta ámelge asırıladı. Mexribanlıq úyi Keńesi baǵdari boyınsha *metodı*kalıq birlespelerge birlesedi. Mexribanlıq úyinde jámááttiń ulıwma jiynalisi (konferentsiya), pedagogikalıq keńes xizmet kórsetiwi múmkin. Mexribanlıq úyine tuwridan-tuwri basshılıqtı director ámelge asiradi. Direktordi jumısqa qabıl qılıw Ózbekstan Respublikasi Xalıq tálimi wazirligi menen kelisken halda, nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte tiyisli xalıq tálimi organları tárepinnen ámelge asırıladı.

Direktor Mexribanlıq úyi atinan jumıs alıp baradı, onıń máplerin ipadalaydi, Mexribanlıq úyinıń mal-mulkin nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte qabıl etedi hám shartnamalar dúzedi.

Har bir Mexribanlıq úyinde Hámiylıq keńesi duziledi. Mexribanlıq úyi xizmetin jámáátshilik tıykarında nátiyjeli basqarıwin táminlew, onı materiyalıq-texnikalıq jihazlawǵa, xojalıq iskerligine, tálim-tárbiya processin *metodı*kalıq hám kadrlar menen táminlewge, kadrlar tayarlaw sıpatin asırıwǵa tiyisli zárúr wazıypalarǵa kómeklesiw hám olardı sheshiw onıń maqseti esaplanadı. Mexribanlıq úyinıń materiallıq-texnikalıq bazasi zárúr imaratlar, sport inshatları, kommunikatsiyalar, asbap-úskeneler, transport *quralları* hám oqıtıwda, tárbiyalawda hámde tálim-tárbiya tarawındaǵı basqa waziyplardi sheshiwde paydalanilatuǵın basqa mal-múlkten ibarat boladı. Mexribanlıq úyin dárámát penen táminlew belgilengen tártipte: Ózbekstan Respublikasi Mámleket byudjeti dárámátları;Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń iqtiyariy exsanları hám maqsetli badalları;Nızamli hujjetlerinde taqiqlanbaǵan basqa derekler esabina ámelge asırıladı. Mexribanlıq úyi tiyisli finans organlarında dizimnen ótkizilgen hám nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte tastiqlanǵan hárejetler smetasi tıykarında finanslastiriladi.
qilinadi. *Jıl* aqirinda payda bolatuǵın pul dárámatları qaldiqları, alınǵan dereklerden qatiy názer, alıp qoyilmaydı hám Mexribanlıq úyi qálewine bináan, nızam hujjetlerine muwapıq sarplanadi. Shtatlar kestesi nızam hujjetlerinde belgilengen tártipte namunaviy shtatlarǵa muwapıq dúziledi.

Mexribanlıq úyi xizmetkerlerinıń jumıs haqi nızam hujjetlerine muwapıq belgilenedi. Mexribanlıq úyi mámleket wakalatli organları tárepinnen belgilengen finans hám statıstika esabatların júritedi. Mexribanlıq úyinıń finans-xojalıq xizmetin qadaǵalaw tiyisli finans organları tárepinnen ámelge asırıladı. Mexribanlıq úyi nızam hujjetlerine muwapıq, hazirgi zaman jetimlik mashqalaları boyınsha xalqara xizmetin ámelge asırıw huquqina iye. Mexribanlıq úyin qayta shólkemlestiriw hám juwmaqlaw nızam hujjetlerine belgilengen tártipte ámelge asriladi.

## Bekkemlew ushın sorawlar

1. Mehribanlıq úylerinde tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwdiń ózine tánlikleri ?
2. Mehribanlıq úylerinde neshe jastan baslap tárbiyalıq jumıslar alıp bariladi?
3. Ózbekistanda dáslepki mehribanlıq uyler hám jetimxanalar shólkemlestirildi?
4. Mehribanlıq úylerinde alıp barilatuğın tálim-tárbiyalıq jumıslar?
5. Mehribanlıq uyi haqqında " Mehribanlıq úyi haqqında" ği nızam neshe bólimnen turadi?

## TEMA-10. *Jaslar awqamınıń bilimlendiriw mekemeleri menen alıp baratuğın jumıslarınıń mazmunı*

Jobasi:

1. Jaslar awqami sho'lkemleri xizmeti, maqset ha'm wa'ziypalari.
2. Jaslar awqami sho'lkemlerinin' ta'lim mekemeleri menen alip baratug'in ju'mislari
3. Jaslar awqami sho'lkemlerinin' xizmetin u'yreniw.

"Bizge belgili, hár qanday reforma, ásirese, millionlap jaslardiń turmısi hám keleshegine tuwridan-tuwri tiyisli bolǵan ózgerisler hár tárepleme tereń oylap is tutiwdi, jeti oylap bir kesiwdi talap etedi. Sol kóz qarastan biz bugun jańa jaslar shólkemin dúzbekshi ekenbiz, asiqbastan, basiqlıq penen is tutiwimiz, bul máseleniń bárshe *unamlı* hám unamsiz táreplerin ózimizge aniq oylap kórip, sonnan keyin bir juwmaq hám qararǵa keliwimiz lazaim"[2], - dedi Ózbekistan Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoyev 30-iyun kúni bolip ótken "Kamalat" jaslar sociallıq háreketiniń IV qurultayinda.

Bul haqqında aldi menen bolajaq shólkem - Jaslar awqaminiń huqıqıy negizin, tiykarǵı maqset hám *wazıypaları*, onıń sociallıq turmısimizdaǵi orni

---

[2] Sh.M.Mirziyoyev Fizikaliq hám ruwxiy jetik jaslar-iygilikli maqsetlerimizge jetiwde tayanıshımız ha'm su'yenshimiz boladi Erkin Qaraqalpaqqstan gazetasi № 8485 s 4.07.2017

hám dárejesin, abiroy-itibarin asırıwǵa ayriqsha itibar qaratıwımiz zárúrligin aytti.

Sol maqsette Ózbekstan jaslar awqami basshısı házirgi waqıtta Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń jaslar siyasati boyınsha mámleket másláhátshisi lawaziminda xizmet alip bariwdi huqıqıy tiykarda belgilep qoyıw dárkár. sol menen birge, ol Prezident pármánina kóre Oliy Majlis Senati aǵzasi etip tayinlandi.

Házirgi waqıtta uliwma tálim mekteplerindegi baslanǵish klass oqiwshiları menen islew ushin "Kamalak" balalar shólkemi bar. Sonıń menen, jas isbilermen hám fermerler menen is alip baratuǵin Jaslar isbilermenligi hám fermerlikti qollap-quwatlaw orayi, qábiletli hám dóretiwshi jaslar menen islew ushin Jaslar shólkemleri orayi sıyaqlı dúzilmeler de quram tapǵan. Lekin tán aliw kerek, bugun olardiń kópshiligi talap dárejesinde is alip barmay atır. Bul dúzlmelerdiń xizmetin janlantiriw, olarǵa jańa mazmun hám ruwx baǵishlaw kerek.

Sol múnásibet penen uliwma tálim, orta arnawlı hám joqarı talim sistemasında "Kamalat" bir qansha nátiyjeli jumis alip barǵanin esapqa alǵan halda, bul sistemadaǵI "Kamalat" shólkemleri negizinde Ózbekstan jaslar awqaminıń bólimlerin shólkemlestiriw múmkin.

Keyingide bolsa jaslardiń qálewi hám umtiliwlarına kóre, Jas alimlar shólkemi, Jaslarǵa social-psixologiyalıq járdem kórsetiw, Jaslar turizmi shólemi, Sport klubları hám fitness orayları, Imkaniyati sheklengen jaslar shólkemi hám basqa shólkemlerde dúziliwi múmkin.

Álbette, bul dúzilmelerdi qanday at penen ataw, olardiń *wazıypaların* belgilew boyınsha aldi menen sizzler bárshe qatarlaslarıńiz benen pikirlesip, sol tiykarda bir qararǵa keliwińiz tábiyiy.

Ózbekstan jaslaw awqami házir bar bolǵan hám keleshekte dúziliwi kerek bolǵan bul shólkemlerdiń bárshesin birlestirip, olarǵa materiallıq-texnikalıq, finanslıq kóz qarastan, aldi menen, ideyalıq-usıllıq, mánáwiy jaqtan ámeliy járdem

kórsetetuǵin, olardiń jumısın muwapıqlastiratuǵin tiykarǵI shólkem sıpatında xizmet alip baradi.

Házirgi waqıtta hámmemiz túsinemiz, Ózbekstan jaslar awqami xizmetin dáslepki waqıtta hár tárepleme qollap-quwatlaw, onıń ayaqqa *turıp* alıwı ushin mámleketimiz tárepinen zárúr kómek hám járdem beriliwi lazim.

Jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatin ámelge asırıw Prezident devonı, bálki bárshe mámleket organları basshılarınıń turaqli jumısına aylanwi zárúr. Bunnan bilay bul tarawda aniq sistema tıykarında jumis alip baramiz.

Nızamshilıq palatasi Spikeri hám Senat Raisinan baslap, Bas wázir hám onıń orınbasarları, Bas prokror, kompaniya hám xojalıq birlesbeleriniń basshılarına shekem orayda hám jerlerde hár bir taraw boyınsha jaslar menen ushrasip, turaqli sáwbet alip baratuǵin tártip eńgiziwimiz kerek.

Ózbekstan jaslar awqamınıń tiykarǵı maqseti jaslardi mámlekette ámelge asirilip atırǵan demokratiyalıq, siyasiy hám ekanomikalıq reformalardi jánede tereńestiriw, jámiyette tinishlıq hám birlikti bekkemlew, Ózbekstandi jáhánnıń rawajlanǵan mámleketleri qatarina kiriwi processlerine tartiw hámde jas áwládtiń huquqları, erkinlikleri hám nızamli máplerin nátiyjeli qorǵawdi támiyinlew, jigit-qızlardiń mánáwiy hám kásiplik saviyasin joqarılatiw, olardiń intellektual hám dóretiwshiligin ámelge asırıwǵa kómeklesiwden ibarat bolǵan Ózbekstan jaslar awqami mámleketlik emes hám kommertsiyalıq emes shólkem sıpatında dizimnen ótkizildi.

Ózbekstan jaslar awqamınıń tiykarǵı *wazıypaları*:

- Barkamal, mustaqil pikirleytuǵin, ózinıń turmıslıq pozitsiyasi hám isenimine iye, jámiyet turmısında múnásib orın iyelew, mámleketti reforma qılıw, jańalaniw processlerinde sheshiwshi kúsh hám tayanish bolıwǵa qádir jaslardi qáliplestiriw, olardiń siyasiy mádeniyati, huqıqıy sawatqanliǵi hám huqıqıy sanasın joqarılatiw;
- Jaslardi, ásirese, jámlespegen jaslardi mánáwiy, ádep-ikramlıq jaqtan hám watanparwarlıq ruwxinda tárbiyalaw, olarda tariyxiy este saqlaw, milliy

ǵurur hám ózlikti ańlaw, júz berip atırǵan hádiyselerge tiyislilik, milliy hám uliwma insanıty qádiriyatlarǵa húrmet sezimlerin tárbiyalaw;

- Jaslardi, ásirese jámlespegen jaslardi diniy-ekstremistlik hám basqa buzǵunshi ideyalar tásirinen, shetten "massalıq mádeniyat" niqabi astina kirip kelip atırǵan unamsiz tásir hám tahdidlardan asiraw, jaslar ortasinda huquqbuzarlıq hám jinayatshilıqtın aldın aliwǵa kómeklesiw hám basqalar;
- Qabıletli jaslardi qollap-quwatlaw, olardiń óz dóretiwshilik hám intelletual salahiyatin júzege shiǵariwları ushin shárt-sharayatlar jaratıw hámde ilimiy ilimiy xizmetke tartiw;
- Jaslardiń huquq hám nızamlıq máplerin qorǵaw, olardiń zamanagóy kásiplerdi iyelewge bolǵan umtiliwdi qollap-quwatlaw, isbilermenlik xizmetine tartiw;
- Jaslar, ásirese jámlespegen jaslar ortasinda salamat turmıs tárizi, ekologiyalıq mádeniyatti qáliplestiriw, olardi fizikalıq tárbiya hám sport penen turaqli shuǵullaniwǵa keń tartiw.

Sol munásibet penen, Ózbekstan Respublikasi wáziri A.Aripov basshılıǵinda 2017-*jıl* 5-iyulda ótkizilgen jiynalisda Adliya wáziri M.Ikramov tárepinen Ózbekstan jaslar awqami basshısı Q.Qurbanbayevqa Awqamnıń Wázirlikten mámleket diziminen ótkizilgen guwaxnamasi tapsirildi.

Ózbekstan jaslar awqami óz xizmetin Ózbekistan Respublikasinıń Puxaralıq Kodeksi, "Mámleketlik emes hám kommertsiyalıq emes shólkemler haqqında"ǵi, "Mámleketlik emes hám kommertsiyalıq emes shólkemler xizmetınıń kepillikleri haqqında"ǵi nızamlar hám basqa nızam hujjetleri tıykarında alip baradi hám mámleket nızamshiliǵinda názerde tutilǵan yuridikalıq shaxslardiń bárshe huquq hám erkinliklerine iye boladi.

Oqıwshılardı hár tárepleme jetik, barkamal qılıp tárbiyalaw máselelerin tabıslı sheshiw, olarda aktiv turmıslıq ornın qáliplestiriw, ózlestiriw hám bilim sıpatın asırıw Ózbekistan jaslar awqamınıń nátiyjeli islesiwine baylanıslı.

## ***TEMA –11.TA`RBİYA PROTSESSIN SHO'LKEMLESTIRIW HA'M A'MELGE ASIRIW JOLLARI.***

## ***J O B A :***

1.Ta`rbiyalıq jumıslar na`tiyjeligin anıqlaw o`lshemleri

2. Ta`rbiyalıq jumıslar na`tiyjeligin anıqlaw metodikası

3. Diagnoz na'tiyjelerindizimge aliw.

## ***TAYaNISh TU`SİNİKLERİ:***

Anıqlaw o`lshemleri, ta`rbiyalıq jumıslar na`tiyjeligi, analiz kılıw, na`tiyjelerdi esapka alıw, anıqlaw metodikası

### ***1.Ta`rbiyalıq jumıslar na`tiyjeligin anıqlaw o`lshemleri***

Temanın` maqseti. Ta`rbiyalıq jumıslardı na`tiyjeli sho`lkemlestiriwde xalkımızda bay miyrasınan paydalanıw arqalı balalardı o`zligin anıqlaw, milliy maqtanısh sezimin qa`liplestiriw. Watanımızdı o`tmishi, a`jdadlarımız jaratkan milliy ha`m ulıwma insanıylıq qadiriyatların u`yrenip, og`an a`mel qılıw sezimin ta`rbiyalaw.

Temanın` wazıypaları.

1.Xalqımızdın milliy miyrası ha`m qa`diriyatları ma`nisin tu`sindiriw.

2.Xalıq awızeki do`retiwshilik turleri haqkında bilimge iye bolıw.

3. İslam ruwxıylıg`ında kamil insan ta`rbiyası haqkındag`ı ideyalar ma`nisin tu`sindiriw.

Ta`rbiyalıq jumıslardın ta`sirshenligi, na`tiyjeligi ko`p ta`repinen xalqımızdın` bay milliy, ruwxıylıq miyrasının` tariyxıy tamırların u`yreniwge baylanıslı. Ha`r bir xalıktın` sotsial-ruwxıylıq turmısta a`zeliy u`rip-a`det, ma`resim, dastu`r ta`rizinde o`zine ta`n bir qa`diriyat miyras sıpatında payda bolıp, a`wladdan a`wladqa jetip keledi.

O`zbek milletine ta`nligi onın` ruwxıylıg`ın qa`liplestiriwde milliy qa`diriyatlardın` ornı za`ru`r. Milliy qa`diriyat millet ushın za`ru`r a`hmiyetke iye bolg`an, etnikalık ta`repinen ha`m o`zgeshelikleri menen baylanıslı qa`diriyat formaları bar.

«Milliy qa`diriyatlar kuramalı sotsial-ruwxıy qubılıs bolıp, millettin` tili, ma`deniyati, tariyxı, u`rip-a`detleri, da`stu`rlerin, barlıq materiallıq ha`m ruwxıylıq baylıqlardı, ekonomikalıq, sotsial-siyasiy turmısının` barlıq ta`repleri».

Ta`rbiyalıq jumıslar mazmununda milliy qa`diriyatlardı to`mendegi basqıshlardan izbe-iz paydalanıw mu`mkin. Olar :

- milliy qa`diriyat haqqında tu`sinik beriw;
- a`wladlarımız qaldırg`an ruwxıylıq materiallıq baylıqlar;
- xalıq awızeki do`retiwshiligi;
- u`rip-a`det ha`m olardın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti;
- xalıq jaratqan da`stu`r ha`m ma`resimlerin u`yreniw ha`m belgilew sıyaqlılar.

Milliy qa`diriyatlardan paydalanıw, ta`lim-ta`rbiya protsessinde mazmunın ashıp beriw oqıwshılardı milliy ideya, milliy maqtanısh, milliyıqtıqar sıyaqlı ruwxıylıq-a`dep-ikramlılıq sıpatlardı qa`liplestiredi.

Da`stu`r – tariyxıy rawajlanıw protsessinde ta`biyg`ıy ha`m sotsial ıqtıyajlar tiykarında payda bolatug`ın, a`wladdan a`wladqa miyras bolıp o`tetug`ın, kisiler ruwxıylıq turmısına tasir ko`rsetetug`ın ma`deniy qubılıs. Da`stu`r o`zine ta`n sotsial kubılıs sıpatında, kisiler sanasına sin`gen (ulıwma yaki ma`lim topar ta`repinen), qabıl qılıng`an ta`rtip ha`m qag`ıydalar jıyındısı esaplanadı.

A`det (u`rip-a`det) –kisilerdin` turmısına sin`ip ketken, ma`lim mu`ddette qaytalanıp turıwshı qa`tti-ha`reket, ko`pshilik ta`repinen kabıl qılıng`an minez-qulıq, qag`ıydalar ko`nikpesi.

A`det-ma`lim sha`rayat ta`sirinde payda bolıp, insannın` minez-kulkında bekkemlenip kaladı ha`m keyinshelik ba`rqulla kemshilikke aylanadı .

Ma`resim –insan turmısındagı za`ru`r sa`nleerdi belgilewge qaratılgan, ra`smiy ha`m ruwxıy ko`terinkelik jag`dayda o`tilgen, ulıwma kabıl qılıng`an ta`rtip-qag`ıydalarg`a a`mel qılatug`ın ta`dbir sanaladı. Mısalı, at qoyıw, nekeden o`tiw, jerlew, eslew, egin egiw (tukım taslaw), o`rim o`riw ma`resimleri.

A`det ku`ndelik turmısda ba`rqulla baqlansa, ma`resim insan turmısındag`ı za`ru`r qubılıslar ju`z bergende payda boladı. Ma`resim kisiler turmısındag`ı en`

za`ru`r waqıyalar (mısalı, tuwılıw, u`yleniw, o`lim sıyaqlılar) menen baylanıslı boladı.

«Da`stu`r», «a`det», «ma`resim» bir-biri menen tikkeley baylanıslı qubılıs esaplanadı. Usı tiykarınan da`stu`rlerdin` kuramalı bo`legi a`det, a`dettin` quramalı bo`legi ma`resim bolıwı mu`mkin.

«Da`stu`r», «ma`resim», «bayram» atamaları o`zgermes tu`sinikler emes. Zaman rawajlanıwı ha`m turmıstag`ı o`zgerisler ta`sirinde tu`sinikler mazmunı ha`m ken`eyip baradı.

Sotsial turmıstag`ı o`zgerisler tasirinde talabqa juwap bermey qalg`an da`stu`r ha`m bayramlar a`ste-seykin umıtıladı. Ma`nisinen xalıkshıl, sotsial salmaqka iye bolg`an da`stu`rler rawajlanadı. Mısalı, «Nawrız», «Qawın seyli», «Lala seyli» ha`m baskalar bayramlar zamanago`y talaplar juwap bergeni ushın ha`m a`sirler dawamında jasap kelmekte.

«Jan`a da`stu`rler» - turmısızg`a kirip kelatırg`an ha`m jaylarda endi gana u`rip bolıp atırg`an ila`jlar.

A`dette, bayram degende biran byuir za`ru`r qubılıs, waqıya, sa`neni ko`pshilik bolıp, ko`terinek ruwxta, quwanısh menen belgilew tu`siniledi. «Bayram ku`nlerinde adamlar «qısqa» waqıtg`a bolsa-da, o`zlerin ku`ndelik miynetinen, ta`shiwishinen, g`amdan, qaramlıqtan qarızdan biyg`a`rez, erkin sezediler», deydi a`yyemtanıw M.Qadirov.

Bayramlar ha`r bir xalıqtın` o`zine ta`n o`zgesheliklerin sa`wlelendiretug`ın «ayna» sanaladı. Kisiler bayram waqtında shıraylı kiyimler kiyedi, mazalı tag`amlar tayarlap, o`z pezendelikleri, kiyiniw ma`deniyatları, go`zallıqqa umtılıwshılıg`ın ko`rsetedi. Bayram ku`ni ha`mme ko`terinki keypiyatta boladı. Adamlar ortasında basqa ku`nlerge qarag`anda belgili da`rejede jaqınlıq, birlik payda boladı.

Bayram ku`ni a`zela`zelden tınıshlıq ku`ni esaplanadı. Usı ku`ni urıs ha`m ja`njeller toqtatılg`an. Bul ku`nde kisiler ortasındag`ı kelispewshilikler, o`kpeler umıtılg`an, o`z-ara a`razlasqanlar jarasqan.

Bayramlarda payda bolatug`ın ko`terin`ki keypiyat kisilerdi erten`gi ku`nge u`mit bag`ıshlag`an, keleshekke isenim menen qarawg`a u`ndeydi.

Bayram sotsial-ma`deniy turmıs aynaısı sıpatında ha`r bir xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq tabısların ha`m ken` ko`rsetedi.

## 2. Ta`rbiyalıq jumıslar na`tiyjeligin anıqlaw metodikası

Ta`rbiyalıq jumıslar sıpat na`tiyjeligin asırıwda klass basshının` xızmetinde ha`r bir qa`tti-ha`reket balalarg`a o`rnek sezimin oyatıw menen birge, olarg`a jaqsı ta`sir ko`rsetiwi tiyis.

Bunın` ushın :

- klass basshısı xızmetin diagnostikalıq talıklaw;
- jaqsı jumıslardı rawajlantırıw;
- tabıslardı rawajlantırıw;
- bala shaxsin hu`rmetlew;
- qıyınshılıqlardı saplastırıw, qa`telerdi du`zetiw.

Pedagog alım V.A.Suxomlinskiy o`zinin` «Balalarg`a janım pida`» shıg`armasında balanı shad-u xurram etiwge miyassar bolmas ekenbiz, onın` ko`zinen shın quwanıshtı ko`rmes ekenbiz, ol balalar shoqlıq qılmas eken, og`an kandaydır ta`rbiyalıq ta`sir xaqqında so`ylewge haqkımız joq… ha`r bir bala qa`lbinin` o`zin` tarı bar, ol maqamında atqarıladı … onı tuwrı shala biliw ta`rbiyasına baylanıslı sheberlik».

Klass basshısı xızmetinde balalarg`a jaqsı ta`sir ko`rsetiwshi metodikalardı qollaw kerek. Usıl- yunansha atama bolıp, negedir jol, usıl arqalı maqsetke erisiw jolın bildiredi.

Klass basshısı - a`dalatlı bolıwı kerek. Bul bala ta`rbiyasına qarag`anda isenim payda qıladı :

- bunın` ushın klass basshısı ha`r bir balanın` ruwxıylıq du`n`yasın biliwi;
- ha`r bir insan balalıktan mexir ha`m ha`m da`rtlikti talap etedi. Ayrıqsha, shan`araqta mexir ha`m ha`m da`rtlik ko`rmegen balag`a ta`rbiyashı basshı bunı beriwi kerek.

• balag`a ta`rbiyalıq tasir ko`rsetriwdin` tiykarı – baladag`ı qayg`ı, da`rt-a`lemlerin ha`mmeden aldın oqıtıwshı basshı bilip alıwı ha`m onın` kewlin biliwden ibarat ;

• klass basshısı ha`r bir balanı shan`arag`ı menen bekkem baylanıs ornatmay turıp, balanın` salamatlıg`ı ha`m shan`araqlıq salamat ortalıqtın` barlıg`ı haqkında gamxorlıq ko`rsete almaydı, bunın` ushın ata-analar menen sa`wbette bolıw tiyis ;

• klass basshısı ta`rbiyalıq jumıslardı sho`lkemlestiriwde klass ja`ma`a`tinde alıp barılatug`ın xızmetti talıqlay biliwi tiyis.

Ta`rbiyalıq jumıslardın` talıqlanıwı eki bo`lekten ibarat :

• klass ja`ma`a`tinin` rawajlanıwı ha`m ta`rbiyalang`anlıq da`rejesinin` osiwi;

• oqıwshılarda joqarı a`dep-ikramlılıq, moral`, siyasiy, xuqıqıy tu`sinikler, doslıq, ja`ma`a`t ushın qayg`ırıw sıpatların a`meliyatta qollaw;

• klass ja`ma`a`tin usı jıldag`ı maqset, wazıypalarına erisilgenligi;

• ju`z berip atırg`an mashqala ha`m kemshiliklerdin` sebeplerin anıqlag`anlıg`ı;

• ja`ma`a`tti bekkemligi ha`m oqıwshılardı qa`liplesken a`dep-ikramlılıq sıpatlar da`rejesi;

• klass basshısının` rejelerin ulıwma mekteptegi ta`rbiyalıq jumıslar menen uyg`ınlıg`ı ha`m na`tiyjeleri;

• klass jan`a oqıw jılı boyınsha kemshiliklerdi saplastırıp, jan`a shara-ila`jlardı rejelestiriwdi klass basshısı o`z xızmetinin` o`nimi dep esaplawı kerek;

• klass basshısında o`zi ushın biriktirilgen klasstın` pasportı bolıwı kerek.

**Klastın` sotsial pasportı**

(20 ____ -oqıw jılı ushın )

Oqıwshılar sanı …

Tiykarınan , qızlar …

ul balalar …

Tuwılg`an jılı : qızlar … :

ul balalar …

Shan`araq kuramı :

● ko`p balalıq shan`araqlar kuramı (sanı atı)…

● tolıq bolmag`an shan`araq …

● ha`miylik ha`m qa`wenderlikke alıng`an balalar …

● baba ha`m buvilar menen birge jasaytug`ın balalar (sanı ha`m atı )

● shan`arakta jalg`ız perzent ___ sanı …

● apa-sin`il ha`m a`ke-u`keleri bar shan`araqlar (sanı ha`m atı) …

Jasaw sha`rayatları :

● kommunal kvartira (sanı)…

● ayrıqsha kvartira …

● ma`ha`lle, xanadan …

● sabaq xanası barlıg`ı …

● Ata-analardın` mag`lıwmat da`rejesi :

● joqarı _______________ata, __________ana ;

● orta arnawlı __________ata, ____________ana ;

● orta ________________ata, ______________ana;

● tolıqsız orta _______ata, ______________ana ;

Oqıwshılardın` salamatlıq halatı…

Tu`rli kesellikler menen awırg`an balalar sanı …

Oqıwshılardı mektepten tıs ta`limge tartılg`anlıg`ı:

● muzıka mektebinde …

● sport sektsiyası ha`m klublarda …

● teatr, muzeylerde …

● do`retiwshilik orayları ha`m tu`rli do`gereklerge qatnasatug`ın balalar sanı .

Klass basshısı xızmetin na`tiyjeli shsho`lkemlestiriw ko`p ta`repinen oqıwshılar ja`ma`a`ti xızmetinin` tuwrı rejelestiriwine baylanıslı.

Rejelestiriw– ta`lim-ta`rbiya protsessin basqarıwında oqıw-bilim, ruwxıylıq ag`artıwshılıq jumısların sho`lkemlestiriwdin izbe-izligin belgilep alıw. Ol ta`rbiyalıq protsessti basqarıwshı ha`m ha`reketlentiriwshi wazıypalardın` anıqlıg`ına baylanıslı.

Klassta ta`lim-ta`rbiya jumısların sho`lkemlestiriw ha`m basshılıq qılıwda tiykarg`ı jetekshilik wazıypasın klass basshısı orınlaydı.

Klass basshısı oqıwshılarg`a mexriban bolıwı, olarg`a dıqqan menen itibar beriwi, ja`rdemge mu`ta`j oqıwgılarg`a ko`mek ko`rsetiw, ha`r bir oqıwshıg`a jeke halda jandasa alıw tiyis. usı tiykarda olarda milliy maqtanısh, Watan sezimi, watanparwarlıq, do`gerek a`tirapqa mexir-muxabbatlı, doslıq, ha`r qanday tapsırmag`a juwapkershilikli, isbirelmenlik sıyaqlı o`zgesheliklerdi oyata alıw menen oqıwshılarg`a o`rnek bolıwı tiyis.

## ***3. Analiz qılıw na`tiyjelerin esapqa alıw***

Ba`rka`mal a`wlad ta`rbiyası –klass basshısınan joqarı ziyreklik, juwapkershilikti talap qılatug`ın xızmet. Oqıwshılardı joqarı ruwxıylıq, o`zbetinshe pikirli bolıwı ushın olar ushın mo`lsherlengen ha`r bir ila`j oqıwshı sanasına, a`debindegi qa`tti-ha`reketlerinde iz qaldırıwı tiyis.

Ha`r bir ta`rbiyalıq ila`j xalkımızdın` o`tmis a`wladları qaldırg`an bay miyrası, hikmetleri menen bir bolsa, ata-baba ha`m oyshıl, ag`artıwshı alım ulamalardı ruwxı shad boladı.

O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov ba`rka`mal a`wladtın` ruwxıylıq ta`rbiyasına itibar qaratıp, 2010-jıldı «Ba`rka`mal a`wlad jılı» dep dag`azalap, onın` da`stu`ri ken` ja`ma`a`tshilikke usınıldı.

Ruwxıylıq-ag`artıwshılıq ila`jların klassta sho`lkemlestiriwden maqset:

- oqıwshılardın` ulıwma ruwxıylıq da`rejesin asırıw;
- jaqsı qa`biletlerin rawajlantırıw;
- ta`rbiyalıq ila`jlarda materiallıq ha`m ruwxıylıq turmıs uyg`ınlıg`ın ta`miyinlew;
- oqıwshılar du`n`yaqarasların qa`liplestiriw sıyaqlı joqarı insanıylıq sıpatların ta`rbiyalawg`a xızmet qılıwı tiyis.

Ta`rbiyalıq ila`jlardı sho`lkemlestiriw printsipinin` forma-usılları ha`m quralları.

Ta`rbiyalıq ila`jlardın` na`tiyjeligin klasstı ta`rbiyalang`an da`rejesine ko`re, ila`jlardı na`tiyjeli maqsetli perspektivalı qılıp tan`law sheberligine iye bolıw tiyis.

**Ta`rbiyalıq ila`jlardın` formaları :**




Ta`rbiyalıq ila`jlardın` usılları :

● so`z arqalı sa`wlelendiriw (sa`wbet, ma`sla`ha`t, gu`rrin`, ko`rkem oqıw);

● ko`rsetiw – xabarlastırıw (video ko`rinisler, multik tasmalar, kinofil`mler);

●shaxsiy u`lgi menen o`rnek ko`rsetiw, o`zinin` jaqsı ha`reketleri arqalı ta`sir ko`rsetiw;

● xoshametlew – oqıwshı miynetin tuwrı bahalaw.

Ta`rbiyalıq protsesste qollanılatug`ın qurallar. Bar derekler menen tanısıw ha`mde ta`lim-ta`rbiya a`meliyatın u`yreniw tiykarında «qural» tu`sinigin to`mendegishe ta`riyplew mu`mkin, degen juwmaqqa kelindi : qural – bul anıq belgilengen oqıw yaki ta`rbiya maqsetine erisiw, ku`tilgen na`tiyjeni qolg`a kiritiwde qatnasıwshılar (oqıtıwshı –okıwshı, ta`rbiyashı -ta`rbiyalanıwshı ; ata-analar - perzentler) ortasındag`ı o`z-ara mu`na`sibette baylanıstırıwı wazıypanı o`teytug`ın qural. Joqarıda aytıp o`tilgenidek, pedagogikalıq protsesste qollanılatug`ın qurallar eki turge bo`linedi :

1. Ta`limlik (didaktikalıq) qurallar .

2. Ta`rbiyalıq qurallar.

Ta`rbiyalıq qurallardın` turi, juzge jaqın bolsa –da, biraq olardın` ma`nisi, qollanıw ornı, barlıq forması ha`m o`zgesheliklerine ko`re, to`mendegi toparlarg`a ajıratıw mu`mkin :

1.Sub`ektler u`lgisin sa`wlelendiriwshi qurallar (xalıq qahramanları, ullı oyshıllar, zamandas qahramanlar, urıs ha`m miynet veteranları, ata-analar, kekse a`woal wa`killeri, qa`wenderler, oqıtıwshılar, ja`ma`a`tshilik ag`zaları ha`mde ten`leslerinin` shaxsiy u`lgileri, milliy qahramonlar jasaratıv ha`m basqalar).

2. Ta`rbiyalanıwshılardı a`meliy ko`nikpe ha`m epliliklerde payda qılıwshı qurallar (turli temalardag`ı ko`rgizbeler, tan`lawlar, ko`rikpeler, sport jarısları). 3. Texnikalıq qurallar (magnitofon, video ha`m audio lentalar).

4. Xabar quralları (televidenie, radio, komp`yuter, internet tarmag`ı).

5. Belgili ideyalardı sa`wlelendiriwshi qurallar (ha`disler, ta`limatlar, teoriyalıq, lozungler).

6. Do`retiwshilik xızmet o`nimi (milliy u`rip-a`det, ma`resim, da`stu`rler, shan`araqlar, ta`lim mekemeleri, balalar ja`ma`a`tlarının` da`stu`rleri, ko`rkem do`retiwshilik u`lgileri, shan`araqlıq da`stu`rler, a`skeriy, sport ha`m miynet qosıqları, alımlar, ullı sa`rkerdeler, ilim-pa`n, ko`rkem o`ner, a`debiyat wa`killerinin` turmısınan u`gligi gu`rrin`ler, qosıqlar : teatr ta`repleri sahna ko`rinisleri, til).

Pedagogikalıq xızmet protsessinde usı qurallardan maksetke muwapıq paydalanıw ku`tilgen na`tiyjelerdi qolg`a kiritiw mu`mkinshiligin beriw menen birge ruwxıylıq-ag`artıwshılıq ila`jlarının` qızıqlı bolıwın ta`miyinleydi, ta`sirshenligin asıradı. ta`lim mekemelerinde ruwxıylıq-ag`artıwshılıq ila`jlar rejesin islep shıg`ıwda ta`rbiyalıq qurallardın` barlıg`ı ha`mde olardan qanday hallarda paydalanıw usılların belgilep alıw pedagogikalıq xızmettin` tuwrı sho`lkemlestiriliwine ja`rdem beredi.

Sonday qılıp, pedagogikalıq jolg`a qoyılıwı sho`lkemleskenlik forma ha`m metodlar menen birge, ta`rbiyalıq qurallardın` ha`m ornı u`lken.

Anıq belgilengen oqıw yaki ta`rbiya maqsetine erisiw, ku`tilgen na`tiyjeni qolg`a kiritiwde qatnasıwshılar (oqıtıwshı-oqıwshı, ta`rbiyashı-ta`rbiyalanıwshı, ata-ana-perzentler) ortasındag`ı o`z-ara mu`na`sibette baylanıstırıwshı wazıypanı o`teytug`ın qurallardı bir ko`rinisi sıpatında ko`riniwi ta`rbiyalıq qurallar pedagogikalıq xızmet protsessin na`tiyjeli, sho`lkemleskenlik metodikalıq ta`repinen tuwrı sho`lkemlestiriwin ta`miyinlew menen birge ruwxıylıq-ag`artıwshılıq ila`jlardın` qızıqlı bolıwına ja`rdem beredi. Bul orında en` za`ru`r

sha`rt ta`rbiyalıq protsesske basshılıq qılıp atırg`an shaxs (oqıtıwshı, ta`rbiyashı, ata-ana, qa`wender) ta`repinen qurallardı aqılana tan`lay biliwi.

***Paydalanılg`an a`debiyatlar :***


1.O`zbekiston Respublikasi Qonunlari.

2.«Ta`lim to`g`risida»gi O`zbekiston Respublikasining qonuni.-T.,1997. 29 avgust.

3.Kadrlar tayyolash milliy dasturi.-T.,1997. 29 avgust.

4.O`zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarorlari.

5.I.A.Karimov. «Erishilgan yutuqlarni mustahkamlab, yangi marralar sari izchil harakat qilishimiz lozim». 2006 yil 10 fevral.

6.I.A.Karimov. O`z kelajagimizni o`z qo`limiz bilan qurmoqdamiz.-T.,O`zbekiston, 1999.

7.Sh.Tojieva. Tarbiyaviy ishlar uslubiyoti. Ma`ruzalar matni. 2005.

8.G.Ochilova, G.Musaxanova, Sh.Tojieva. Pedagogika. Ma`ruzalar matni. 2005.

9.I.Mamajanov. Yangi pedagogik texnologiyalar. Masalalar to`plami.-T.,2005.

10.N.Xo`jaev va boshqalar. Yangi pedagogik texnologiyalar.-T.,Fan 2002.

11. Q. Qosnazarov, A.Pazilov, A.Tilegenov. Pedagogika. Bilim. No`kis.2009.

12. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. Toshkent. «Ilm ziyo»-2012


## ***TEMA –12. BALALAR HA'M JASLAR JA'MA'A'TI SHO'LKEMLERI***

### ***JOBA :***

1 Balalardi qorg'awdin' huqiqiy tiykarlari.

2. Balalardi sotsialliq qorg'aw sho'lkemleri.

3. Ta'lim mekemelerinin' balalar sho'lkemleri menen alip baratug'in xizmeti.

### ***TAYaNISh TU`SİNİKLERİ :***

«Kamalak» ”Jaslar awqami” is protsessi, jamiyetlik ha`reketi, maqseti, wazıypaları, iskerligi, talıqlaw

## *1 «Kamalak» balalar ha`m «Kamolot» jaslar ja`miyetlik is protsessin u`yreniw*

Ón jastan ón tórt jasqa shekem bolǵan balalardı milliy ǵárezsizlik ideyası tiykarında Watannıń sadıq perzentleri etip tárbiyalaw, huqıq hám máplerin sáwlelendiriw hám qorǵaw, qábiletlerin rawajlantırıw ushın « Jaslar awqami » mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkem sponsorlıǵında «Kamalak» balalar shólkemi dúzildi, ol óz qatarına balalar hám ósmirlerdi ıqtıyarıy ráwishte birlestiredi.

«Kamalak» balalar shólkemi basshı lawazımına kóre Jaslar awqaminıń tiyisli bólimleri Keńesi quramına kiredi.

Respublika «Kamalak» balalar shólkemi « Jaslar awqami »mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkem tárepinen tastıyıqlanǵan «Respublika «Kamalak» balalar shólkemi tuwrısında Nızam»ǵa tiykarlanıp xızmet júritedi, óz belgilerine iye boladı.

«Jaslar awqami» mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkemin hár tárepleme qollap-quwatlaytuǵın, oǵan barqulla ámeliy járdem kórsetetuǵın mekeme, birlespe, karxana hám shólkemler «Kamalak» balalar shólkemi shólkemlestiriwshileri esaplanadı.

«Kamalak» shólkemlestiriwshileri jıynalısı vasiylik keńesi quramın saylaydı. Vasiylik Keńesine onıń aǵzaları arasınan saylanǵan basshı basshılıq qıladı.

Qáwenderlik Keńesi óz xızmetin shólkemlestiriwshileri jıynalısında tastıyıqlanǵan ayrıqsha Nızamda belgilengen wakalat hám wazıpaları kóleminde ámelge asıradı.

Qáwenderlik Keńesiniń tiykarǵı wazıypası –«Kamalak» balalar shólkemidizimleriniń barlıq baǵdardaǵı xızmetin jolǵa qoyıw júzesinen ilimiy-metodikalıq usınıslar beriw, ámeliy járdem kórsetiw, jaylarda payda bolıp atırǵan mashqala hám jol qoyılıp atırǵan kemshiliklerdi saplastırıwda kómeklesiwden ibarat.

Oraylıq Keńes baslıǵı lawazımına kóre qáwenderlik (vasiylik) Keńesi quramına kiredi.

Háreket óz qarmaǵındaǵı binalar, úy-jaylar, úskeneler, ánjamlar, milliy hám shet el valyutadaǵı pul mablaǵların, qımmatlı qaǵazlar, avtorlıq huqıqları, shólkem (karxana, mekemelerge) lerge hám usı Ustavda kózde tutılǵan xızmetti materiallıq

támiyinlew ushın zárūr bolǵan hám óz mablaǵları esabınan payda bolǵan basqa mol-mulikke iye bolıwı mūmkin.

Ózbekstan Respublikası « Jaslar awqami » jaslar jámiyetlik háreketi sponsorlıǵındagi «Kamalak» balalar shólkemi qasında is juritetuǵın «Kamalak» balalar shólkemi xızmetin rawajlantırıwshı hámde kómek beriwshi, Sárdarlar Keńesi jumısın jánede rawajlantırıwshı oray esaplanadı.

Shólkem balalardıń ıqtıyarıy ráwishte uyısqan, ózbetinshe, demokratiyalıq qaǵıydaları tiykarında xızmet kórsetetuǵın massalıq shólkem.

Shólkem óz jumısın Ózbekstan Respublikası «Jaslar awqami» mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkem sponsorlıǵındaámelge asıradı.

Oray óz xızmetin Ózbekstan Respublikası nızamshılıǵı, « Jaslar awqamı » mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkem Dástūri hám Nızamı, «Kamalak» shólkemi Nızamı, balalar huqıqları haqqında Xalıqaralıq Konventsiya tiykarında asıradı.

Shólkem óz jumıs processinde Respublikada hám xalıq aralıq jámáát shólkemleri, balalar birlespeleri, respublika wázirlikleri, mámleket hám mámleketlik emes shólkemleri menen baylanıslar ornatıw hám olardıń mūmkinshiliklerinen keń paydalanıw huqıqına iye.

Shólkem rayosati yuridikalıq shaxs statusına hámde shólkem atı hám belgisi sáwlelendirilgen mórge, bank esabı nomerine iye boladı.

Shólkemnıń Qaraqalpaqstan Respublikası, oblastlar, Tashkent qalası, rayon (qala) bólimleri «Jaslar awqami» mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkem bólinmelerinde jaylasadı.

Oray «Kamalak» balalar shólkemi aǵzaların jáhán ūlgileri ólsheminde ilim hám aǵartıwshılıq iyeleri, bárkámal insan bolıp jetilisiwleri ushın kómeklesedi.

Awqamnıń tiykarǵı maqseti – mámleketimiz jasların azat hám abat Watan jaratıwday ullı maqset jolında birlestiriw, milliy ideyamızǵa tayanǵan halda ǵárezsiz Ózbekstannıń fizikalıq salamat, ruwxıylıq jetik, dūnyaqarası tereń hám ózbetinshe pikirlewshi, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan demokratiyalıq printsiplerin, bazar ekonomikası tiykarların tereń iyelegen jaslardı wayaǵa jetkeriwge hár tárepleme kómeklesiw, ósip kelip atırgan áwladtıń insan huqıqları hám qadır-qımbatın ulıǵlawǵa, xalqımızdıń abıroyın, jurtımızdıń shan-shuhratın asırıwǵa xızmet qılatuǵın uzaq mūddetli keń kólemli sotsial-ekonomikalıq, ruwxıylıq-aǵartıwshılıq processlerindegi aktiv qatnasıwın támiyinlewden ibarat.

Awqamnıń tiykarǵı wazıypaları tómendegilerden ibarat:

- mámleketimizde jaslarǵa tán mámleketlik siyasattı belgilewde hám ámelge asırıwda, puqaralıq jámiyetin payda etiwde qatnasıw;

- jaslardıńǵayrat-shijoati, bilim, ziyrikligi hám dárejesine tayanǵan halda hár bir jigit hám qızdıń Watan rawajlanıwı, jurt tınıshlıǵı, xalıq parawanlıǵına xızmet qılatuǵın umtılıw, izleniw hám baslamalardı qollap-quwatlaw arqalı «Kūshli mámleketten kūshli jámiyet sayın» printsipin payda etiwde aktiv qatnasıwına erisiw;

- jas áwladtı milliy ideyalarımızǵa sadaqat, ana jurtımızǵa mehir-muxabbat, mámleketimizdiń milliy máplerin qorǵawdek ullı hám joqarı maqsetler, isenim, jasurlıq hám pidayılıq ruwxında tárbiyalawǵa mólsherlengen shólkemleskenlik, tárbiyalıq ilájlardıń uzaq mūddetli strategiyasın belgilew hám ámelge asırıw;

- jaslardıń dūńya hám mámleket kólemindegi siyasiy processlerge ózbetinshe hám sanalı mūnásibetin qáliplestiriw, aktiv puqaralıq hám pidayı watanparwarlıq pozitsiyasın kamal taptırıw;

-barlıq tálim-tárbiya mekemelerinde, xalıq turar jayları, islep shıǵarıw tarawlarında ruwxıylıq-psixologiyalıq ortalıktıńáwhalın, jaslardıń keypiyatın, maqset hám mudaların esapqa alǵan halda jaqsı dástūr hám baslamaların qollap-quwatlaw, bar mashqalalardı, olardıń sotsial-siyasiy ortalıqqa, jaslardıń sanası hám dūńyaqarasına tásirin talıqlaw, nuqsanlardı saplastırıwdıń nátiyjeleri sharaların kóriw;

-ruwxıylıq-ideologiyalıq tarqatıw jumıslarınıń formasınan hám mazmunın uyǵınlıǵın, sistemalılıǵın, nátiyjelilikke tiykarlanıwın támiyinlew, yaǵnıy, leciya, sáwbet, tartısıwlar, seminarlar hám konferentsiyalar, massalıq mádeniyat hám sport ilájları, massalıq xabar quralları arqalı mámlekette ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń, qabıl qılınıp atırǵan Pármanlar, Qararlar hám Nızamlardıń mánisin jaslarǵa tezlik menen jetkeriw hám kūndelik dástūrine aylantırıw;

- hár bir aymaqtıńózine tán ózgesheliklerin, jaslar qatlamlarınıń talap hám ıqtıyajların, milliy quramın esapqa alǵan halda olar ortasında alıp barılıp atırǵan mádeniy-ruwxıylıq ilájlarınıń dástūrlerin islep shıǵıw hám ámelge asırıw;

- ózbek xalqınıń biybaha ruwxıylıq miyrasınan jaslarımızdıń sistemalı hám tolıq báhrámánt bolıwına, olardıń mine sonday ruwxıylık ortalıqta kamal tabıwına erisiw;

-jámiyette diniy mutaassiblik hám aqidaprastlıqtıń barlıq kórinislerine, jurt tınıshlığına zıyan keltirip atırǵan, watandaslarımızdıń iyman-isenimine zıyan keltirip atırǵan hár qanday ideya hám teoriyalarǵı qarsı gūresiw;

-turli dógerekler, sotsial járdem orayları, klublar arqalı jaslardı kásipke ūyretiw, olardı isbilermenlik kónikpelerin qáliplestiriw hám rawajlantırıw, bazar ekonomikasınıń printsiplerin ūyreniwleri hám óz tarawınıń jetik iyeleri bolıp jetısiwilerine kómeklesiw;

-sotsial qorǵawǵa mūtáj, nagiran balalar mektep-internatları tárbiyalanıwshıların, balalıqtan nagiran ósmirler hám jaslardı atalıqqa alıw, olar huqıq hám máplerin qorǵaw, olarǵa ǵamxorlıq kórsetiw, óner ūyretiw, jumıs menen támiyinlewge, ózlerin jámiyettiń teń xuqıqlı aǵzası sıpatında seziwlerine kómeklesiw;

- jaslardıń jáhán páni hám mádeniyatı, zamanagóy texnologiyalardı puqta ózlestiriwi arqalı milliy pán hám mádeniyatın zamanagóy rawajlanıw shınına kóteriwge járdemlesiw.

- jaslarga Ózbekstannıń sırtqı hám ishki siyasatta erisip atırǵan tabısları áhmiyetin ańlatıw arqalı olarda milliy maqtanıw sezimin tárbiyalaw;

- jaslardıń huqıqıy bilimlerin asırıw jolı menen Ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasına, nızamlarına hūrmet sezimin tárbiyalaw, usı menen óziniń puqaralıq xuqıqı hám burıshın ańlaǵan halda jasawı, jámiyet turmısında aktiv qatnasıwına kómeklesiw ;

-jaslardıń sotsial, ekonomikalıq, huqıqıy mashqalaların sheshiwge qaratılǵan dástūrlerin birgelikte islep shıǵıw hám ámelge asırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikasındaǵı jaslar hám balalar jámáát birlespeleri, mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkemleriniń usı tarawdaǵı xızmetin muwapıqlastırıp barıw;

- ekologiyalıq tárbiyanı jaslar tárbiyası diziminiń uzliksizlik hám uyǵın quramalı bólegine aylantırıw;

Awqamnıń Ustav kólemindegi maqset hám wazıypalarınan kelip shıǵıp, Awqamxızmetiniń turli baǵdarları boyınsha hám belgili mūddetke mólsherlengen wazıypalardı belgilep beriwshi perspektivalıq Dástūrlerin qabıl qılıwı mūmkin.

Shólkemnıń tiykarǵı maqseti balalardıń shaxsiy huqıqları hám erkinliklerin qorǵaw, Prezident hám Mámleket belgilerine sadaqatlı bolıwları, óz watanınıń sadıq puqaraları bolıp jetilisiwleri, óz isleri hám háreketleri menen jámiyetke payda keltiriwlerge járdem beriw.

Shólkem lozungısın jıynalıs qararı tiykarındla onıń bağdarına qarap, ózi belgileydi.

Shólkemnıń tiykarğı wazıypaları :

- Shólkem ağza bolğan jámáát hám toparlardıń xızmetin muwapıqlastırıw ;
- balalarda baslamalıq, isbilermenlik kónikpelerin payda qılıw hámde qollap quwatlaw;
- fizikalıq, ruwxıy salamat áwladtı hám sotsial aktiv shaxstı qáliplestiriwge ūles qosıw;
- shólkem ağzaların respublikamızda jasap atırgan turli millet wákillerinıńūrip-ádetleri, dástūrleri, marasımları, kórkem ónerin hūrmet qılıwdı ūyreniw;
- shet el balalar shólkemleri menen baylanıslardı rawajlantırıw;
- milliy maqtanısh, milliy –ideologiyalıq sanalıq, milliy abbat, pidayılıq páziyletlerin qáliplestiriw;
- «Xızmet-biyminnet», «Mehir-miriwbet» toparların shólkemlestiriw arqalı balalarda miynetsūygishlik, haqqanıylıq, mehiribanlıq hám insanıylıq páziyletlerin qáliplestiriwde kómeklesiw;
- salamat turmıs tárizinde tárbiyalaw;
- jámáát arasında óz pikirin tolıq sáwlelendiriwge ūyretiw;
- ziyrek balalardı izlep tabıw, olardıń ziyrekligin payda etiw hám onı ósiriwge shárayat jaratıw;
- milliy mádeniyat hám ruwxıylıqtı ūyreniw arqalı Watanğa sadaqat, xalıqqa muxabbat ruwxın rawajlandırıw;
- ullı áwladlarımız miyrası hám xalqımızdıń qurıwshılıq jumıslarına joqarı ıqtıram sezimlerin sińdiriw;
- ūlke tariyxın ūyreniw, jurtımız tábiyatın abaylap asıraw, onıń kóbeyiwine ūles qosıwğa ūyretiw;
- ózi jasap atırğan kóshe, máhálle hám ūylerdi abadanlastırıw juwapkershiligin asırıw;
- balalarda erkin pikirlew, insanıylıq qádir-qımmat sezimi, átiraptağılarğa hūrmet menen qaraw minezin sińdiriw;
- balalarda jan átirapta jasap atırğan insanlarğa bolğan ğamxorlıq sezimin tárbiyalaw, ózgeler páravanlığı ushın qayğırıwğa ádetlendiriw;

• balalardı turmısqa tayarlaw, olardıń qoyılmaqta sanasın rawajlandırıw, ruwxıylıq tárbiyasın joqarılatıw, ata-anaǵa kómeklesiw sezimin oyatıw, ūy-rózǵar jumısların orınlawǵa tartıw.

Usı tiykardan qızlardı :

• pázendeshilik, tigiwshilik, miyman kūtiw, ūy tutıw, tazalıq;

Ul balalardı :

• ustashılıq, kásipshilik, baǵbanlıq ;

• shólkem aǵzaların óz haq-huqıkların qorǵaw, kritikanı tuwrı qabıl qılıwǵa ūyretiw;

• turar jaylarda, máhállelerde, shólkem hám mekemeler qasında dógerek, klublardı shólkemlestiriwde ata-analardı tartıw;

• balalardıńádebiyatqa, kitapqa bolǵan qızıǵıwların óstiriw, shańaraqlıq kitapxanalardı shólkemlestiriwge baǵdarlaw;

• shólkem aǵzaların shańaraq, máhálle, jámiyet hám mámleket aldındaǵı juwapkershiliklerin tolıq ańlaytuǵın hám iyellegen bilimlerin turmısqa engize alatuǵın shaxs sıpatında kamal tartırıw;

• jan átirapında jūz berip atırǵan waqıyalarǵa biyparıq bolmaslıqqa ūyretiw;

•ózbetinshelik ideyalarǵa sadaqatlı bolıw ruwxında tárbiyalaw;

• mámleket hám xalıq birligi hámde rawajlanıwı jolına tosıq bolatuǵın barlıq aǵım, ideya hám qaraslarǵa qaraǵanda bárqulla sergek bolıwǵa ūyretiw ;

Balalar shólkemi aǵzaları tómendegi ulıwmainsanıylıq qádiriyatlarǵa ámel kıladılar :

• Watanǵa sadaqat hám xalıqqa hūrmet ;

•sóz hám is birligi ;

•doslıq hám sadaqatlılıq;

- burısh hám hūjdan ;

•óz-ara ǵamxorlıq hám miyirbanlıq ;

•ūlkenlerge hūrmet, kishilerge izzet ;

• milliy dástūrlerge sadaqat hám basqa xalıqlar dástūrlerine hūrmet.

Shólkem aǵzalarınıń huqıqları :

• hár bir shólkem aǵzasınıń máplerin qorǵaw;

• baslawısh jámáátin ıqtıyarıy tańlaw hám onnan shıǵıp ketiw;

- shólkemnıń hár qanday aǵzasınıń xızmetinıń barlıq máseleleri boyınsha óz pikirin qorǵaw;

Shólkem aǵzalarınıń burıshları :

- shólkem Nızamına qatańámel kılıw;
- shólkem xızmetinde aktiv qatnasıw, jūkletilgen wazıypanı jan dili menen orınlaw;
- shólkem abıroysı haqkında gamxorlıq qılıw;
- teńlesleri hám dosları ortasında shólkemnıń maqset hám wazıypaların tarqatıw;
- shólkemnıń joqarı organlarına óz xızmeti haqkında zárūrlik bolǵanda xabar berip turıw.

## 2. Jaslar awqaminıń iskerligin talıqlaw

Shólkemnıń Qaraqalpaqstan Respublikası, Tashkent qalası, oblastlar, rayonlar hám qalalar bólimleri shólkeminıń jaylardaǵı bólimleri esaplanadı. Shólkemnıń bólimleri joqarı organı keminde 2,5 jılda bir ret shıǵarılatuǵın konferentsiya esaplanadı.

Shólkemge aǵza bolıw hám onnan shıǵarıw tártipleri :

Shólkemge aǵza bolıw ıqtıyarıy bolıp, jámáát tártipte ámelge asırıladı.

Shólkemge respublika aymaǵında jasawshı, shólkem Nızamın tan alǵan, milleti, tili, diniy iseniminen qatiy názer, 7 jastan 14 jasqa shekem bolǵan balalar aǵza bolıwları mūmkin.

Shólkemge aǵza bolıw tártibi menen baylanıslı máseleler rayosot tárepinen ózbetinshe ráwishte ámelge asırıladı. Aǵzalıqqa kabıl qılıw ilájı baslawısh jámáátlardıńózinde sheshiledi.

Shólkem aǵzalıǵınan shıǵıw ushın aǵza óz ıqtıyarı menen baslawısh shólkemge jazba ariza beredi.

Shólkem aǵzası shólkem Nızamı hám xızmetinde mūnásip emes qátti-háreketler qılǵanda yaki jası 14 ge jetkenligi mūnásip mūnásibeti menen baslawısh shólkem qararına tiykarınan shólkem aǵzalıǵınan shıǵarıladı.

7 jastan 14 jasqa shekem bolǵan balalardı birlestirgen balalar jámáátleri shólkeminıń tiykarı esaplanadı.

Hár bir baslawısh shólkemnıń bir jılda keminde bir ret ótkeriletuǵın ulıwma esabat jıynalısında kópshilik dawıs menen saylanatuǵın sardarı boladı.

Awqam wázirlik, komitet hám mekemelerge qaraslı barlıq oqıw mekemeleri, áskeriy bólekler, huqıqtı qorǵawshı mekemeler, mulkshilik formasınan qatiy názer, barlıq turdegi karxanalar, xojalıqlar, mámleket jámáát hám mámleketlik emes shólkemlerindegi jaslardı óz qatarına ıqtıyarıy ráwishte birlestiredi hám óz baslawısh shólkemlemlerin dūzedi.

Awqam xızmeti óz aǵzalarınıń ıqtıyarlıǵı, teń huqıqlıǵı hámde ózin ózi basqarıw, nızamshılıq, ashıqlıq hám áshkaralıq printsiplerine tiykarlanadı.

Awqam xızmetinıń tiykarǵı printsipleri tómendegilerden ibarat:

a) hár bir aǵzanıń máplerin qorǵaw, pikirin esapqa alıw;

b) jámáát bolıp xızmet jūritiw, qararlar qabıl qılıwda kollegiallıq, azshılıqtıń pikir-oylarına hūrmet menen karaw, qabıl qılınǵan qararların orınlaw ushın tolıq juwapkershilik;

v) Awqam barlıq organları tómennen joqarıǵa shekem saylap qoyıladı;

g) Awqam saylap shıǵılıwı basshı organlarınıń joqarı organ hámde óz aǵzaları aldında esabat berip turıwı, Awqamnıń jergilikli (aymaqlıq) bólimleri hám baslawısh shólkemleri óz xızmeti tuwrısında joqarı organlarǵa xabar berip barıwı;

d)sóylesiwler erkinligi, barlıq organ hám shólkemlerdiń jumısında tolıq áshkaralıq;

e) saylap qoyılatuǵın joqarı basshı organnıńózine berligen wakalatlar kóleminde qabıl qılınǵan qararlardıń tómengi shólkemler tárepinen orınlanıwı májbūriyligi;

yo) jámáát tárzindegi aǵzalarınıńóz ishki xızmetin hám usı Ustav kólemindegi xızmetin jolǵa qoyıwdaǵı ózbetinshiligi;

j) barlıq dūzilmelerde jumıslardıń «baslama-dodalaw-proekt-ámelge asırıw», joqarı dūzilmeler tárepinen baslawısh shólkemlerge hár tárepleme járdem kórsetiw printsipleri tiykarında shólkemlestiriliwi.

Saylap qoyılatuǵın basshı organlar, olar apparatlarınıń wakalat hám wazıypaları usı Ustav, Qurultay hámde saylap qoyılatuǵın basshı organlarınıń qararlarına tiykarınan belgilep qoyıladı.

Awqamnıń barlıq organları óz jumısında jámi qatnashıwshılardıńūshten eki bólegi qatnasıp táǵdirde wakalatlı, qatnasıwshılardı yarmınan kóp jaqlap dawıs bergen halatta qarar qabıl qılınǵan esaplanadı.

Awqamǵa jeke tártibde hám jámáát tárizde aǵza bolınadı.

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları bolǵan fizikalıq shaxslar ıqtıyarlıy tiykarında Awqamnıń jeke tártiptegi aǵzlaraı bolıwları kerek.

Jınısı, irqi, milleti, tili, diniy isenimi, shaxsiy hám sotsial ornınan qátiy názer, Awqamnıńmaqsetlerin qollap-kuwatlaytuǵın oń tórt jastan óttiz jasqa shekem bolgan jigit hám qızlar Awqamnıń jeke tártiptegi aǵzası bolıwları mūmkin.

Awqamǵa jeke tártiptegi aǵzalıq shaxs óttiz jasqa tolǵannan keyin toqtatıladı, biraq, Awqamaǵzasınıń bergen arzasına tiykarınan Awqam jergilikli (aymaqlıq) bóliminıń saylap qoyılatuǵın basshı organı yaki baslanǵısh shólkemnıń kararı menen uzaytırılıwı mūmkin.

Awqamnıń saylap qoyılatuǵın basshı organlari quramına saylanǵan shaxslar Awqamnıń jeke tártiptegi tiykarǵı aǵzası bolıp esaplanadı.

Awqamaǵzalıǵına jeke tártipte qabıl qılıw, baslawısh shólkemnıń ulıwma jıynalısı, baslawısh shólkemlerdiń Kenesi jıynalısı tárepinen ámelge asırıladı. Háreketke aǵza bolıp kiriwshiler tiyisli mazmundaǵı arza beredíler.

Baslawısh shólkemnıń aǵzalıqqa qabıl qılıw tuwrısındaǵı qararı ūzil-kesil qarar esaplanadı hám Awqamnıńjoqarı organları tárepinen tastıyıqlawı talap etilmeydi.

Ustavida belgilengen maqset hám wazıypaları AwqamnıńUstavına zid bolmaǵan yuridikalıq shaxslar-jaslar hám balalar jámáát birlespeleri, mámleketlik emes notijorat shólkemleri (aǵzaları balalar hám jaslardan ibarat bolǵan yaki xızmet ob`ekti balalar hám jaslardan ibarat bolǵan) Awqamnıńjámáát tárizindegi aǵzaları bolıwları mūmkin. Awqamnıń jámáát tárizindegi aǵzaları aǵzallıqa Awqamjergilikli (aymaqlıq) bólimleri tárepinen qabıl qılınadı.

Awqamaǵzalıǵına jámáát tárizinde qabıl qılıw jergilikli (aymaqlıq) bólimler Keńesi jıynalısı tárepinen ámelge asırıladı. Háreketke jámáát tárizinde aǵza bolıp kiriwshiler óz basshı organınıńAwqamaǵzalıǵına kiriw tuwrısında kabıl qılǵan qararın usınıs etedi.

Awqamǵa aǵzalıq tómendegi hallarda toqtatıladı :

a) óz qálewine kóre shaxsiy arzası tiykarında;

b) Awqamaǵzasınıń jası aǵzalıq jasınan ótgende (Awqamnıńsaylap qoyılatuǵın organları quramına saylanǵan yaki aǵzalıq mūddeti uzaytırılǵanlar buǵan tiyisli emes) ;

Awqamnıńjámáát tárizindegi aǵzası basshı organınıń qararın taqdim etiw arqalı Awqamnıńaǵzalıǵın toqtatıwı mūmkin.

Awqamnıń barlıq aǵzaları tómendegi huqıqlarǵa iye :

a) ulıwma jıynalıslar, Konferentsiyalar, Qurultoy, Awqamnıń saylap qoyılgan basshı organları májilisleri hám Awqamnıń baspalarında hár qanday máselelerdi dodalawda óz pikirin erkin bildiriw;

b) ózi yaki óz saylaǵan wakil arqalı Awqamnıń saylap qoyılatuǵın organlari qararların islep shıǵıwda qatnasıw;

v) Awqamnıń qorǵawı hám qollap-quwatlanıwınan paydalanıw;

g) Awqamnıń sayla qoyılatuǵın basshı hám qadaǵalaw-taftısh organlarına kandidatura kórsetiw, saylaw hám saylanıw;

d) Awqamorganları xızmeti tuwrısında xabar alıw, ózine tán máseleler dodalawında qatnasıw hám óz pikirin bildiriw;

e) Awqamnıń hár qanday organı hám aǵzasın kritikalaw;

yo) Awqamnıń Ustavı hám Dástūri kólemindegi xızmetinde qatnasıw, hár qanday organina arza hám usınıslar menen mūrájáát qılıw;

j) Awqamnıń Ustavi hám dástūriy wazıypalarına tán bolmaǵan hallarda siyasiy partiyalar, jámáát shólkemleri hám basqa sotsial háreketler menen birgelikte islew.

Awqamnıń jeke tártiptegi aǵzaları jaslardıń jumıs, oqıw hám xızmet jaylarında dūzilgen baslawısh shólkemine birlesedi.

Baslawısh shólkem keminde bes Awqamaǵzasınıń qálewi tiykarında, olardıń jıylanısı qararı menen dūziledi.

«Jaslar awqami» mámleketlik emes hám kommertsiyaliq emes shólkemAtqarıwshı Komitetınıń kararı menen baslawısh shólkemlerge yuridikalıq shaxs statusıberiliwi mūmkin. Usı máseleni kórip shıǵıwda birinshi náwbette baslawısh shólkemnıń materiallıq mūmkinshilikleri esapqa alınadı.

Awqamnıń jeke tártiptegi aǵzları, sonıń menen birge Háreketke aǵzalık jasındaǵı jigit-qızlar óz qızıǵıwları boyınsha hámde turli sotsial proektlerdegi ámelge asırıw maqsetinde baslawısh shólkem statusına iye bolmaǵan, Awqamdizimleri qasında dūziletuǵın turli klublar hám oraylarda birlesiwleri mūmkin.

Baslawısh shólkemdegi Awqamaǵzalarınıń ulıwma jıynalısı onıń basshısı organı. Ulıwma jıynalıs bir jılda keminde eki reet, esabat-saylaw jıynalısı bir jılda bir reet ótkeriledi. Ulıwma jıynalıs baslawısh shólkem xızmetine tiyisli barlıq máselelerde kórip shıǵıw huqıqına iye.

Jetekshi baslawısh shólkemnıń pūtin xızmetine basshılıq qıladı, onıń ulıwma jıynalısın shaqıradı, ulıwma jıynalıs hám Keńesin basqaradı, oqıw ornı, karxana,

shólkem, mekeme administratsiyası, puqarolardıńózin ózi basqarıw organları, kásiplik awqam shólkemleri, basqa jámáát birlespeleri hám puqaralar menen óz-ara mūnásibetlerde baslawısh shólkem atınan jumıs alıp baradı.

**Tayanish tūsinikler.**

"Kamalak", maqseti, waziypalari, atqaratuǵin funktsiyalari, uliwma qaǵiydalari, huqiqiy hūjjetler, májburiyatlari, talaplari.

**Bekkemlew ushin sorawlar.**

1. "Kamalak" balalar shólkemi xizmeti, maqseti hám waziypalari nelerden ibarat?
2. "Kamalak" balalar shólkemine aǵzaliqqa neshe jastan qabil etiledi?
3. "Kamalak" balalar shólkeminiń "Jasalar awqami" shólkemi menen birgeliktegi jumislarin atap ótiń.
4. Shólkemniń tálim mekemeleri menen alip barilatuǵin xizmeti?

## *TEMA-13.TARBIYA PROTSESSINDE SOTSIALLIQ INSTITUTLARDIN' O'ZARA BIRGE ISLESIWIN JOLG'A QOYIW*

JOBASI:

1. Tarbiyaliq islerdi a'melge asiriwda "Shan'araq, ma'ha'lle ha'm ta'lim mekemeleri birge islesiwi" Kontseptsiyasinin' orni ha'm a'hmiyeti.
2. Topar basshisi xizmetinin' ata-analar menen alip baratug'in islerinin' orni ha'm metodlari.
3. Oqiwshi-jaslardi ta'rbiyalawda shan'araq, ma'ha'lle ha'm ta'lim mekemesi birge islesiwin a'melge asiriw printsipleri ha'm basqishlari.

**Tayanish túsinikleri:** Tárbiyalıq process, shańaraq, máhálle, tálim mekemesi, kontseptsiya, metodlar, "Salamat awlad hám qala jılı", mazmunı, tárbiyalıq ruwxıy hám aǵartiwshilıq kesheler, tárbiyası awir, qarawsiz balalar.

Ózbekistan Resbuplikasınıń "Tálim haqqında" ǵi Nızami, "Kadrlar tayarlaw milliy dástúri" bazar ekanomikasi sharayatinda jetıskenlikli isley alatuǵın,

mustaqil pikirley alatuǵın kadrlardi tayarlawda shańaraq, máhálle hám tálim mekemelerin joqarı paǵanaǵa kóteriwdi talap etedi.

”Oqıwshılardi tárbiyalawda shańaraq, máhálle hám tálim mekemeleri birge islesiwi” kontseptsiyasin ámelge asırıw processinde olardıń hár birinıń ayrıqsha wazıypaları bar bolıp, olar tómendegiler:

- Shańraqta salamat ortalıqtı jaratıw, milliy rux hám turmıs tárizin esapqa alıw, perzentlerde ata-anasina, watanǵa muhabbat túyǵisin qáliplestiriw, óz ara ǵamxor bolıwın táminlew;

- perzenterlge tereń dunyalıq bilim tiykarların beriw, aǵartiwshi hám mánáwiyatli adamlar bolıp jetiliwin táminlew;

-balalardı mánáwiy barkamal hám fizikalıq salamat bolıwı ushın social-ekonomikalıq ortalıq jaratıw;

-balalardıń bos waqtın pedagogikalıq kóz-qarastan kelip shıǵıp, únemli shólkemlestiriw hám olarǵa qosmsha tálim beriw;

-máhálle aktivleri tárepinnen tárbiya mekemeleri menen birgelikte tálim-tárbiya processinde ámelge asiriliwi kerek bolǵan máselelerdi oylasiwinda qatnasıw hám aqilana sheshimlerin tabiwda aktivlilik kórsetiw;

-ata-analar arqalı shólkemlestiriwshilik, miynetsúyerlik, milliyǵurur, watanparwarlıq, milliy ádep, baynalminallıq sıyaqlı sezimlerdi sińdiriwdi hár tárepleme xoshámetlew;

-tárbiyası ”awir”, qarawsiz qalǵan balalardıń ata-anaları menen islew, shańraqlarǵa pedagogikalıq járdem kórsetiw;

-jas shańaraqlar menen islesiw, medetsiynalıq, tárbiyalıq, mánáwiy hám aǵartiwshilıq social túsinikler beriw ushın arnawlı keshelerdi ámelge asırıw;

-turar jerde hám máhállede alıp barılıp atırǵan bárshe tárbiyalıq, ruwxıy-aǵartiwshilıq, mádeniy, ulıwmalıq hám sport kesheleri orayinda mektep bolıwına erisiw.

Topar basshısınıń iskerligi kop qirli hám mazmunli bolıp, ol ózi basshılıq etip atırǵan topar oqıwshıların tárbiyalaw menen bir qatarda oqıw jılı dawamında neler qılıw kerek ekenligin, talabalar ómirin ne menen bánt qılıw hám tańlaǵan

jumıs turin ámelge asırıwin qátesiz anıqlaw sıyaqlı bir qansha quramalı mashqalani sheshedi. Bul barada topar basshına hár turli derekler járdem beredi. Topar basshısınıń jumıs stolinda ”Talabalardi tárbiyalaw jumısısnıń mazmunı” bolıwı kerek. Solardan :

- Dunyaqaras tiykarların qáliplestiriw;
- Siyasiy sanani tárbiyalaw hám social iskerlikti rawajlandırıw;
- Ádep-ikramli, sanali intizamdi hám xulıq mádeniyatin tárbiyalaw;
- Oqıwǵa sanali múnásebetti tárbiyalaw, biliw aktivligin hám qoyılmaqta miynet mádeniyatin rawajlandırıw;
- Miynetke hám social mulkke múnásebetti tárbiyalaw, politexnikalıq bilim sheńberin keńetiriw, kásipti sanali tańlawǵa tayarlaw;
- Óz huquqin ańlap jetiwge úyretiw, puxaralıq juwapkeshiligin tárbiyalaw;
- Estetikalıq mádeniyat tiykarların tárbiyalaw hám kórkemlilik qábiliyetin rawajlandırıw;
- Fizikalıq barkamallıq, salamatlıqtı bekkemlew hám sanıtariya-gigiena mádeniyati sıyaqlı zárúr máseleler ayrıqsha alınadı.

Topar basshısınıń pedagogikalıq iskerligi hám sheberligi oqıw xizmetinde de, oqıwdan tıs xizmetinde de zárúr bolǵan ulıwma pedagogikalıq sheberlikler jámlenbesinnen ibarat. Topar basshısınıń oqıwdan islerinıń biri óz topardindaǵı oqıwshılardıń ata-anaları menen birge islesiwi bolıp tabıladı. Ol ata-analar menen tıǵız baylanısta bolıwı kerek.

Topar basshısı óz toparındaǵı oqıwshılarınıń mektep tıs waqıtlarınıń qanday ótiwi hám olardıń ózgeshelilerin, minez-qulqin elede tereń biliwde hámde shańaraq aǵzaları menen múnásebetin biliwinde ata-anaları menen birge islesiwi úlken áhmiyetke iye.

Bul islerdi ámelge topar basshısı ata-analar jiynalislarında, olar menen óz-ara sáwbetlerinde ámelge asiradi.

Birinshi prezidentimiz I.A.Karimov tárepinnen 2016-jıldi mámleketimizde ”Salamat ana hám bala” jılı dep jariyalaniwinıń mazmunında salamat bala tálim-

tárbiyasına bolǵan joqarı itibar hám ǵamxorlıq jámlengen. Bul jılda shańaraq – máhálle – talim mekemesi birligi jánede bekkemlendi.

Bugungi turmıs sonı kórsetedi, oqıtıwshı – oqıwshı – ata-ana ortasindaǵı baylanıslardi izshil jolǵa qoyıw kerek. Sondaǵana balalar tárbiyasında boslıq júzege kelmiydi. Bul birlik nátiyjesinde balanıń bos waqtı tuwri shólkemlestiriledi. Jáne bir máselege itibar beriwimiz kerek, balalardıń kitapxana, sport sektsiyaları, kórkem-óner mektebine qatnasıwi hámde shet tilin úyreniwge bolǵan umitiliwi ata-ana hám ustazlar tárepinnen turaqli ráwishte qadaǵalaniwi, xoshámetlenip bariliwi zárúr.

Barkamal áwlat tálim-tárbiyası – uzliksiz process bolıp, bunnan júdá ulken juwapkershilik oqıtıwshılardıń juwapkershiligine túsedi. Sonnan kelip shıǵıp, eń aldi menen, tálim-tárbiya sıpatin jánede asırıwǵa ayrıqsha itabar qaratiwdi talap etedi.

Mustaqillıq perzentleri bugin pútkil dunyani lal qaldirmaqta. Sport jarislarında, xalqara pán olimpiadalarda Ózbekstan atin, bayraǵin joqarılarǵa kótermekte. Bulardıń bárshesi oqıtıwshı hám treinerlerdiń óz xizmetleriniń nátiyjesi bolıp tabıladı.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Tárbiya processinde social institutlardıń óz-ara birge islesiwin jolǵa qoyıw?
2. “Oqıwshılardi tárbiyalawda shańaraq málálle hám tálim mekemelri birge islesiwi” konsepsiyasin ámelge asırıw wazıypaları?
3. Birinshi prezedentimiz I.A.Karimov tárepinen 2016-jıldi mámleketimizde “Salamat ana hám bala” jıli dep jaryalaniwınıń mazmunı haqqında?
4. Jas shańaraqlar menen islesiw meditsinalıq, tárbiyalıq, ruwxıy hám aǵartiwshilıq social túsinikler beriw ushın kesheler ótkeriw shara-ilajları ?
5. Tárbiyasi awir qarawsiz qalǵan balalardıń ata-anaları menen islew, shanaraqlarǵa pedagogikalıq járdem kórsetiw?